

MANGSA PASKA

2019

GUSTI WUNGU KAGEM SEDAYA



Mangsa Paska 2019

Jejer:

“Gusti Wungu Kagem Sedaya”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

ATUR SAPALA

Wangsul malih LPP Sinode uluk salam kagem para kadang tunggil paladosan lumantar buku Mangsa Paska 2019 punika. Kawula ngajab mugi bahan-bahan ing buku punika saged nuwuhaken inspirasi utawi gagasan tumrap éndah saha rancaging lumampahing mangsa raya Paska wonten ing pasamuwanipun bapak/ibu/sadhèrèk sadaya.

Katur dhumateng ingkang kinasih:

Pdt. Bonnie Andreas
Pdt. Oktavianus Heri PN
Pdt. Yehuda Fajar Kristian
Pdt. Kristiono Riyadi
Sdr. Ari Setiawan

kawula ngaturaken agenging panuwun awit sampun mijèkaken wekdal nyambut damel sesarengan nyawisaken buku punika. Mekatena ugi konjuk dhumateng Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho, Pdt. Em. Widdwissoeli, saha Pdt. Tanto Kristiyono ingkang sampun mbiyantu mortal sapérangan bahan-bahan ing buku punika.

Atur panuwun ugi kawula aturaken dhumateng sadaya pasamuwan ingkang sampun sami nyengkuyung pakaryanipun Gusti wonten ing LPP Sinode lumantar pisungsung mangsa raya gréja. Mekatena ugi Bapak/Ibu/ Sadhèrèk sadaya ingkang kanthi ajeg sampun sami ngaturaken pisungsung minangka anggotaning „Sahabat LPP Sinode“. Saèstu panyengkuyunging dana kasebat sanget kawula betahaken supados pakaryanipun Gusti lumantar LPP Sinode saged lestantun. Kawula ugi nyuwun panyengkuyunging daya, pandonga saha karawuhan Bapak/Ibu/Sadhèrèk sadaya saprelu asung greget tumrap pakaryanipun Gusti ingkang kita tindakaken sesarengan ing LPP Sinode.

Bahan-bahan ingkang wonten ing buku punika mijil saking punapa ingkang dipun raos-raosaken sesarengan. Inggih punika bilih pasamuwan asring namung sibuk ngurusi dhirinipun piyambak, mboten migatosaken kawontenan ing kiwa tengenipun. Pakaryan-paladosaning pasamuwan asring underanipun namung saking pasamuwan lan kanggé pasamuwan piyambak. Lumantar bahan-bahan ing buku punika kita kaatag supados luwar saking kawontenan ingkang kados mekaten. Sampun dangu kita ngraosaken greget daya wungunipun Sang Kristus kanggé dhiri kita piyambak. Samangké kita kaatag supados nyebaraken greget kasebat awit kiwa tengen kita, Indonesia mbetahaken greget kasebat.

Sugeng mbagèkaken greget daya wungunipun Gusti!

Ngayogyakarta, Wiwitaning Januari 2019

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Addi S. Patriabara

Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Rabu Abu [6 Maret 2019]	1
Minggu I Pra Paska [10 Maret 2019]	5
Minggu II Pra Paska [17 Maret 2019]	11
Minggu III Pra Paska [24 Maret 2019]	17
Minggu IV Pra Paska [31 Maret 2019]	23
Minggu V Pra Paska [7 April 2019]	27
Minggu VI Pra Paska (Palmarum) [14 April 2019]	31
Kemis Pethak [18 April 2019]	37
Jumuwah Adi [19 April 2019]	43
Setu Sepi [20 April 2019]	51
Riyaya Minggu Paska [21 April 2019]	57
Riyaya Minggu Paska Sore [21 April 2019]	63

Tata Pangibadah

Rabu Abu [6 Maret 2019]	69
Minggu I Pra Paska [10 Maret 2019]	77
Minggu II Pra Paska [17 Maret 2019]	89
Minggu III Pra Paska [24 Maret 2019]	97
Minggu IV Pra Paska [31 Maret 2019]	105
Minggu V Pra Paska [7 April 2019]	113
Minggu VI Pra Paska (Palmarum) [14 April 2019]	121
Kemis Pethak [18 April 2019]	131
Jumuwah Adi [19 April 2019]	141
Setu Sepi [20 April 2019]	153
Riyaya Minggu Paska [21 April 2019]	157
Riyaya Minggu Paska Sore [21 April 2019]	169

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	181
Pakempalan Pandonga 2	187
Pakempalan Pandonga 3	193

Pakempalan Pandonga 4.....	199
Pakempalan Pandonga 5.....	205
Pakempalan Pandonga 6.....	209

Bahan PA Dewasa

Bahan PA Diwasa 1	215
Bahan PA Diwasa 2	219
Bahan PA Diwasa 3	223

Bahan PA Adiyuswa

Bahan PA Adiyuswa 1	227
Bahan PA Adiyuswa 2	231
Bahan PA Adiyuswa 3	235




Bahan Khotbah



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**



REBO, 6 MARET 2019



REBO AWU

Waosan 1 : Yoèl 2:1-2, 12-17
 Tanggapan : Jabur Masmur 51:3-19
 Waosan 2 : 2 Korintus 5:20 – 6:10
 Waosan Injil : Matius 6:1-6, 16-21

AWU KANG GUMRÉGAH: PAUGERAN UTAWI BAB INKANG SAGED DIPUN TIRU?

KHOTBAH JANGKEP

Ing Ngayogyakarta, naté wonten satunggaling warung ingkang ngaturi setunggal mangkok *mie ayam* gratis utawi lelahanan dhateng saben tiyang ingkang ngrawuhi warung kanthi palarapanipun dipun tengeri salib saking osèran awu. mBoten saged winical, pinten kathahipun tiyang ingkang mentas ngibadah Rebo Awu ingkang ngrawuhi warung punika. Tumindak ngaturi pakurmat dhateng tiyang ingkang rawuh kanthi tenger salib ing palarapanipun, mbokbilih ngewrat sedy a ingkang saé. Ananging saged kelampahan ing tembé wingkingipun tiyang njarak ndhèrèk ngibadah Rebo Awu namung supados angsal *mie ayam* setunggal mangkok. Utawi tiyang njarak ngosèri awu ing palarapanipun supados saged nedha *mie ayam* gratis. Ing ngriki kita mirsani wontenipun patraping ngagami ingkang kaberek déning kabetahan sakeplasan kadosta tetedhaning raga ingkang menawi mboten wonten sejatosipun mboten punapa-punapa.

mBoten kita èngeti, kathah patraping ngagami ingkang kita lampahi namung kanggé nyekapi kabetahan pribadi kita piyambak. Salah satunggalipun ingkang samangké ketalan cetha utawi melok inggih punika bab olah kamursidan tata lair. Olah kamursidan ingkang dipun ketalaken tiyang samangké punika namung kanggé nyekapi kabetahanipun

paugeraning agami. Wusananipun kita kajiret wonten ing tembung-tembung, tanpa mangertosi maknanipun. Prakawis punika kacetha wontening saya kathahipun tiyang ingkang ngibadah, kanthi mangagem ageman kados ingkang jumbuh kaliyan ingkang kaserat ing Kitab Suci, rerenggan agami, lan sanès-sanèsipun. Ananging, cengkah kaliyan wigatosing isinipun agami, kapara kadurakan, korupsi, *hoaks* utawi kabar palsu, roda-peksa saya ngrembaka kelampahan ing pundi-pundi papan.

Saya kathah paugeraning agami ingkang kita tindakaken, njalari kita rumaos saya mursid. Saya satunggaling tiyang rumoas murid, tiyang wau saya rumaos leres. mBoten sekedhik ingkang nganggep gesangipun mèh sami kaliyan Gusti Allah. Prakawis punika ingkang nuwuhaken wontenipun *kesombongan rohani* utawi kumingsun ing babagan agami. Kanthi netepi paugeran kita rumaos langkung saé, langkung mursid, langkung leres menawi kajèjèraken kaliyan tiyang sanès. Oh, sampun temtu karcis kanggé mlebet Swarga wonten ing regemaning tangan kita.

Dinten punika sumangga kita ngeneraken manah dhateng waosan Injil. Waosan Injil kita ngewrat landheping panyaruwénipun Gusti Yésus. Gusti Yésus ngersakaken supados umat kagungan-Ipun sampun ngantos keblasuk dhateng ing kamursidan tata lair, dhateng kamursidan ingkang namung nindakaken paugeran agami tuwin adat tata cara agami kémawon. Kanggénipun Gusti Yésus, kamursidan mboten kanggé pamèr. Kamursidan minangka cihnaning katresnan kita awit saking kasaénanipun Gusti. Kamursidan kita punika wujud ing raos sokur kita dhateng kasaénanipun Gusti.

Karena tresnanipun dhateng Gusti Allah, satunggaling tiyang ngonjukaken pandonga. Karana urmatipun dhateng Gusti Allah, satunggaling tiyang nglampahi puwasa utawi siyam minangka pangudi nata lampahing wewangunanipun gesang pribadi, mranata jiwa lan roh. Anggèn kita mranata punika

katindakaken kanthi ngendhalèni dhiri saking sawernaning hawa nepsu sarta kapèncuting daging, supados kautamaning gesang saged kababar ing gesang kita.

Karana ngrumaosi bilih Gusti Allah sampun kepareng mulung gesangipun ingkang nistha, satunggaling tiyang badhé ngaturaken sidhekah. Sidhekah dipun tindakaken kanggé mbangun gesang sesarengan ingkang langkung saé. Ing salebetipun sidhekah wonten pangudi mbangun sesambetaning kasaénan kaliyan sesami, minangka wujud ing andum sih-rahmatipun Gusti Allah.

Ing ngriki kita sinau bilih hakékatipun kamursidan punika sumadya ngrumaosi mboten sembada wonten ing ngarsanipun Gusti Allah, mboten rumaos langkung saé tinimbang tiyang sanès. Kamursidang punika wohing anggèn kita ngrumaosi sampun nikmati kasaénanipun Gusti ingkang milujengaken.

Kanthi makaten kamursidan sanès sarat ingkang dipun agem sarana mlebet dhateng Swarga. Kamursidan punika wujud ing pamales kita dhateng sihipun Gusti Allah ingkang karsa milujengaken kita. Kamursidang punika wujud ing sokur kita minangka umat ingkang sampun kawilujengaken kanggé mbangun gesang ing jagad ingkang sami lan sesarengan kaliyan tiyang sanès. Kamursidan punika mujudaken kabingahaning gesang amargi Gusti Allah sampun kepareng mulung satunggaling tiyang ingkang sayektosipun anamung lebu ingkang mboten aji, dados satunggaling tiyang ingkang migunani kagem Gusti Allah lan gesangipun sarwa tumitah.


Dinten punika kita dipun berek ngèngeti bilih kita punika lebuning bumi ingkang tanpa gina. Kita caos sokur déné minangka lebuning bumi ingkang dipun gulawenthah kanthi lampah ingkang mursid. Kamursidan sanès papanipun kanggé mbiji tiyang sanès. Kamursidan mboten dipun bangun kanthi mengsahi tiyang sanès ingkang béda kaliyan kita. Kamursidan kapara mberek kita ngrangkul sadaya tiyang, sesamin ing lebuning bumi, ing salebeting katresnan lan pasadhèrèkan.

Kadosdéné Gusti Yésus ingkang sumadya dados lantaran ing satengahipun manéka-warnining singgetan, sumadya dados pangayoman ing satengahing kawontenan ingkang ngajrih-ajrihi, lan sumadya dados tiyang ingkang dhemen damel ayemipun tiyang kathah ing satengahing bentèring jagad punika. Kula aturi ngrangkul sarta gesanga kanthi bingah sesarengan kaliyan sesami ing jagad punika!

Amin.

[ba-den]

Minggu, 10 Maret 2019

**PRA PASKA 1**

Waosan 1 : Ulangan 26:1-11
Antar Waosan : Mazmur 91:1-2, 9-16
Waosan 2 : Roma 10:8-13
Waosan Injil : Lukas 4:1-13

SETYA ING SALEBETING PACOBÈN

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus, Manut ujing cariyos, bilih ing saben wulan Januari, wonten sawetawis *klub kebugaran* ingkang anggotanipun sangsaya kathah. *Ruang latihan* badhé dipun kebaki déning tiyang-tiyang ingkang adreng kepingin nggadhahi raga ingkang seger ing taun anyar. Nanging sawetawis tiyang sami mangretos bilih tiga utawi sekawan wulan salajengipun anggota anyar kasebat mesti sami ical. “Tiyang-tiyang punika sami mboten mangretos bilih dipun betahaken manah ingkang tegen lan tumemen kanggé njagi greget. Prelu *disiplin* lan kasetyan supados nggayuh raga ingkang séhat.” ujaripun satunggaling anggota *klub* wau.

Kita ugi mrangguli bab ingkang kados makaten ing tataraning gesang karohanèn. Mirunggan kita ing nembé cecawis dados paladosipun Gusti ing satengahing masyarakat. Satunggaling panyerat naminipun Eugene Peterson nyerat bilih wonten ing patraping tiyang remen cepet lan kadumugèn, “boten angèl... tumrapping tiyang ketarik dhateng piwulangipun Gusti Yésus; ananging ingkang angèl inggih punika tetep tahan wonten ing sikep anggènipun ketarik wau.” Supados ndhèrèk Gusti Yésus kanthi setya, ujaripun Pétersen, dipun betahaken “kasetyan ingkang ajeg dhateng satunggal tujuwan.”

Kita mbokbilih nggadha sadya ingkang saé nalika miwiti jumangkah ing iman kapitadosan. Ananging, nalika gesanging kapitadosan kita saya mindhak-mindhak, kita lajeng kedah ngadhepi pacobèn. Wonten tigang bab ingkang limrahipun dados pacobèn. Inggih punika pacobèn sesambetan kaliyan kabetahan kajasmanèn, pepénginan kadonyan lan gegayuhan karohanèn. Ing mangsa pacobèn kasebat kita kedah mlampah kanthi bingah sesarengan kaliyan Gusti Yésus ing margining kasetyan ingkang panjang.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus, Saking Lukas 4:1-13 wau, kita saged sinau bilih Gusti Yésus dipun cobè sarana tigang prakawis, inggih punika: kabetahan kajasmanèn, pepénginan kadonyan lan gegayuhan karohanèn. Pacobèn ingkang katampi déning Gusti nyamiwarni kaliyan pacobèn ingkang limrahipun dipun alami déning manungsa. Pacobèn ingkang sepisanan magepokan kaliyan pepénginan kadagingan, kalebet sadaya pepénginan raga. Nalika kerapan, Gusti Yésus kagodha sarana kabetahan kamanungsanipun, lan temtunipun Panjenenganipun inggih kawasa nyalin séla dados roti. Nanging Panjenenganipun mboten kegodha minangkani pacobèn kasebat. Kosokwangsulipun, Gusti migunakaken pangandika ing Pangandharing Torèt 8: 3 “Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé.” Kanthi pangandika punika, Gusti Yésus ngandharaken bilih Panjenenganipun mboten prelu nyalin séla dados roti, karana Sang Rama kawasa maringi “roti manna”, kados ingkang naté katindakaken kanggé bangsa Israèl. Manungsa gesang saking sadaya pangandikanipun Allah lan sadaya ingkang badhé katetepaken déning Gusti Allah supados manungsa gesang. Kadospundi anggènipun Gusti Yésus saged tetep gesang ing salebeting kamanungsanipun, sanadyan tanpa dhahar ngantos 40 dinten? Gusti Allah ingkang nyekapi lan maringi kakiyatan. Makaten anggènipun Gusti Allah kagungan manéka-warni cara kanggé nyekapi umati-Pun, malah ngagem cara ingkang mboten salimrahipun kanggé mitulungi gesang. Gusti Yésus paring piwulang kadospundi kita gumantung dhumateng Panjenenganipun.

Kapitadosan dhateng pangreksanipun Allah, badhé mitulungi kita saged ngèngeti pakaryan saha katresnanipun Gusti, temahan sangsaya saged ngunjukaken panuwun awit kanugrahanipun Gusti ingkang kita tampèni. Pakulinan ngunjukaken panuwun kados ingkang kaandharaken ing Pangandharing Torèt 26:1-11, nedahaken bilih ngunjukaken pisungsung kawitan inggih dados cara ingkang mitulungi umat saged ngunjukaken pamuji sokur dhumateng Gusti lan mboten ngegungaken dhateng wohing panyambut-damelipun. Sarana makaten umat kabiyantu kanggé gesang ing salebeting pambangunturut dhumateng Gusti minangka wujud ing atur panuwunipun.

Panggodha ingkang kaping kalih magepokan kaliyan kanikmataning gesang. Iblis ngginakaken Kitab Suci kanggé nyobi Gusti Yésus. Iblis nyobi Panjenenganipun supados kersa nampi karajan saking piyambakipun menawi Gusti Yésus kersa nyembah dhateng Iblis. Ananging Gusti Yésus nandhesaken bilih nami lepat menawi sengaja ngénggokaken panguwaos ingkang dipun paringaken déning Sang Rama dhateng Panjenenganipun. Iblis ing semu badhé mratélakaken bilih wonten margi cepet menawi kepéngén dados Sang Mesih, mboten prelu ngurbanaken dhiri ing kajeng salib. Iblis mratélakaken bilih piyambakipun ingkang nguwaosi Karajan kadonyan. Bilih piyambakipun ingkang kuwagang ngaturaken dhateng Sang Kristus sadaya wau minangka pituwas menawi kersa nyembah dhateng piyambakipun. Pangangen-angen punika dados jejember, lan Gusti Yésus paring wangsulan kanthi landhep, “Pangéran Allahira kang kudu sira sembah lan Panjenengané Piyambak kang kudu sira abektèni.”

Inggang kaping tiga, iblis nyobi Gusti Yésus kanthi ngaturi Panjenenganipun kersa nyobi Sang Rama. Iblis mbudidaya supados Gusti Yésus miterang lan pados bukti anggènipun dados Putraning Allah. Punapa ingkang dados pacobèn saking iblis punika saèstunipun nembé ngasoraken Gusti Allah lan damel pitakèn punapa Sang Roh Suci dedalem ing manahipun Gusti Yésus. Gusti Yésus nampik sadaya panggodhanipun iblis

kanthi ngendika, “Sira aja nyoba Pangéran Allahira!” mung kanggo nyoba mbuktèkaké kalenggahan kaallahané Gusti.

Mazmur 91:1-2, 9-16 ngèngetaken kita bab kapitadosanipun tiyang ingkang manggèn wonten ing pangayomanipun Allah. Gusti badhé nguwalaken saking sadaya jiret lan bebaya. Kamenangan badhé katampi déning tiyang ingkang suméndhé dhumateng Gusti. Menawi umat purun suméndhé dhumateng Gusti, temtu Gusti inggih badhé nguwalaken saking pacobèn ingkang dipun adhepi. Menawi kinanthènan kapitadosan ingkang kados makaten, temtu kita mboten badhé ngupadi bukti kayektènaning prasetyanipun Gusti.

Ing satengahing pacobèn-pacobèn kasebat, Gusti Yésus ngetingalaken bab kasetyani-Pun minangka Sang Mesih ingkang dipun utus déning Allah. Ing kamanungsani-Pun, Panjenenganipun mboten kagodha kélu dhateng pacobèn. Panjenenganipun mboten dhumawah ing dosa, awit setyani-Pun dhumateng karsanipun Allah.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Kapitadosan lan gesang kita ingkang rumaket dhumateng Gusti nguwohaken kakiyatan karohanèn ingkang nyagedaken kita ngrampungaken prakawis-prakawis ing gesang kita, kalebet sawarnining jiret ingkang ngribedi lampah kita. Gusti Allah punika sayekti dados pangayoman lan bètèng kita. Inggih namung Panjenenganipun ingkang pantes kita pitados lan namung dhumateng Panjenenganipun kita rumaket.

Gusti Yésus sampun paring patuladhan kanggé kita supados saèstu pitados lan rumaket dhumateng Allah. Inggih punika ingkang nyagedaken Panjenenganipun ngrampungaken sadaya pacobèn ingkang dipun tampèni.


Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Supados saged mbangun turut lan setya dhumateng Gusti ingkang dipun betahaken mboten namung cekap ngakeni bilih kita pitados dhumateng Gusti, ananging ugi mbetahaken

manah ingkang èstu pitados dhumateng Panjenenganipun. Serat Rum 10:10 ngandharaken, “Sabab, kalawan ati wong iku anggoné pracaya sarta kabeneraké, lan kalawan tutuk wong anggoné ngakoni pracaya, sarta kapitulungan rahayu.”

Katingal bilih ayat punika ngandharaken wontenipun lampah ingkang katindakaken anggènipun pikantuk kawilujengan pulhipun sesambetaning manungsa kaliyan Gusti. Lampah wau kawiwitan saking manah ingkang pitados, kalajengaken pangakening pitados ingkang lebet ngantos dumugi telenging manah. Inggih kanthi cara lampah ingkang kados makaten, menawi tansah katindakaken, badhé nukulaken pambangun-turut lan setya dhumateng Gusti.

Ing gesang punika wonten kathah panggodha, pacobèn, kala jiret ingkang kadhangkala utawi asring kita adhepi. Ing Minggu Pra-Paska I punika kita dipun ajak sumadya ngalami lampah/proses ingkang kedah kita lampahi supados kita saèstu pitados, mbangunturut lan setya dhumateng Gusti. Amin.

[kr/tk]

Minggu, 17 Maret 2019**PRA PASKA 2**

Bacaan 1 : Kejadian 15:1-12, 17-18
Antar Bacaan : Mazmur 27
Bacaan 2 : Filipi 3:17 – 4:1
Bacaan Injil : Lukas 13:31-35

NDHÈRÈK GUSTI YÉSUM ING MARGI KASANGSARAN LAN NGASORAKEN DHIRI

KHOTBAH JANGKEP

Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti Yésus Kristus, Saktunggaling dinten wonten pawèstri ingkang dipunsuwun nyambut damel ing satunggaling perusahaan ingkang misuwur. Pawèstri punika kasuwun nengga timbalan, wonten ing satunggaling taman, ing perusahaan punika. Kalenggahan ingkang badhé dipunparingaken inggih punika dados manajer. Wanci énjang tabuh 07.00, pawèstri kaliyan anakipun, wonten ing taman, nengga wekdalipun badhé dipuntaros déning ingkang nggadhahi perusahaan punika. Sebat mawon naminipun, Nikul. Kaleresan, ing taman punika wonten tiyang sepuh ingkang saweg nandur. “Nak, mengko nak kowé sekolah sing pinter, mén ora koyo wong tuwo kaé ya...” Nikul paring wejangan dhateng anakipun, sinareng mbucal bungkus roti. Tiyang sepuh punika mirsani Nikul ingkang mbucal sampah sembarangan, mila tiyang sepuh punika murugi Nikul lan matur “Ngapunten bu, sampahipun nyuwun pun bucal ing papanipun”, tiyang sepuh punika lajeng nilaraken Nikul. Kanthi nggedrumel, Nikul bucal sampah ing papanipun. 2 jam sampun kelangkung, mboten wonten timbalan saking HPnipun. Kamangka ing taman punika, mboten wonten papan kanggé ngéyup. Nikul sangsaya mangkel, kepanasen, lan

jengkel. Saksampunipun Nikul nedha roti, bungkusipun dipunbucal sembarangan. Tiyang sepuh punika murugi Nikul malih, lan ngemutaken “Bu, nyuwun pangapunten bungkusipun dipunbucal ing papanipun”. Nikul ngadeg lan nepsu “ÉMANGÉ BAPAK IKI SOPO TO, TUKANG KEBUN WAÉ KEMAKI, AKU IKI LHO MANAJER PERUSAHAAN IKI, ISO TAK PECAT SAMPÉYAN!!!”. Tiyang sepuh punika mendhet sampahipun, lan dipunbucal dhateng papanipun, lan wangsul nglajengaken anggénipun nandur. HPnipun Nikul taksih dérèng mungel. Mangkel lan kesel ati, badhé kémawon nyerah, awit jèlèh anggénipun nengga. Wonten piyantun kakung ingkang ngagem dasi, murugi Nikul “Sugeng énjang ibu, matur nuwun sampun purun nengga ing taman punika, kados dhawuhipun bapak, ingkang nggadhahi perusahaan punika”. “O mboten napa-napa pak, awit kula kepingin nyambut damel ing perusahaan punika, kula sumadya nengga”wangsulaniipun Nikul. “Ning wiwit énjang kala wau kula madosi bapak kok mboten wonten ing kantoripun, padhatanipun menawi rawuh mesthi énjang, dérèng naté telat”ngendikanipun tiyang kakung punika. “O mbok menawi mancet pak...”wangsulaniipun Nikul. “O nggih, mbok menawi”ngendikanipun tiyang kakung punika, kaliyan ningali kiwa tengen. Tiyang kakung punika mirsa wonten tiyang sepuh ingkang saweg nandur, tiyang punika nginten menawi tiyang sepuh punika inggih bapak, ingkang nggadhahi perusahaan punika. “Opo kuwi bapak ya...”ngendikanipun tiyang kakung kaliyan nuding tiyang sepuh ingkang saweg nandur. “Ah nggih mboten mungkin to..mosok bapak kados tiyang sèkèng.”ngendikanipun Nikul. “Pak Sandino....”ngendikanipun tiyang kakung sinambi murugi tiyang sepuh ingkang saweg nandur. Tiyang sepuh punika lajeng ngadeg lan ngendika “Nggih mas Anton”... “Lah tenan to bapak...niki lho pak, ibu Nikul sampun rawuh énjang kala wau, berkasipun sampun kula aturaken ing meja bapak”ngendikanipun Anton, tiyang kakung ingkang ngagem dasi. Nikul kagét. “Pecat waé...aku ora butuh wong koyo ngunu kuwi”ngendikanipun pak Sandino, kaliyan nglajengaken anggénipun nandur.

Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti Yésus Kristus, ingkang wigatos saking cariyos punika, inggih punika patrap gumunggungipun Nikul ingkang wusananipun dipuntampik, lan ugi kasetyanipun Nikul ingkang purun nengga timbalan punika, sejatosipun sampun wiwit kendho, lan mboten betah kedah nyanggi kasangsaran awit nengga. Bénten kaliyan patuladhanipun Gusti Yésus Kristus lumantar waosan Injil kita, dinten punika. Gusti Yésus Kristus rikala semanten aben ajeng kaliyan ancaman saking ratu, inggih punika Herodès, ingkang kanyata namung akal-akalipun tiyang Farisi lan ahli Torét, ingkang wiwit mboten remen kaliyan Gusti Yésus Kristus, ingkang wonten ing Yérusalém, pusat agama Yahudi (Yudaisme). Punika kasangsaran ingkang dipunsanggi Gusti Yésus Kristus. Nadyan mekaten, Gusti Yésus Kristus tansah setya nindakaken pakaryanipun (33). Sisih sanés, waosan Injil kita ugi paring katerangan ingkang cetha, bilih Gusti Yésus Kristus mboten nggunggungaken dhirinipun, tansah kagungan patrap asoring manah, mboten nélakaken panguwosipun ingkang mesthi langkung ageng ketimbang panguwosipun ratu ing jagad, inggih punika Herodès.

Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti Yésus Kristus, Saking waosan Injil punika, kita badhé nyinau ndhèrèk Gusti Yésus Kristus, senadyan kita wonten ing kasangsaran, lan kita tansah kabereg tansah nggadhahi patrap asor ing manah. Kénging punapa ndhèrèk Gusti Yésus Kristus? Nggih awit Gusti Yésus Kristus ingkang wungu, maringi gesang langgeng tumrap kita. Kalih perkawis ingkang tansah kita ugemi supados kita tansah ndhèrèk Gusti Yésus Kristus, inggih punika :

1. Tansah setya nadyan sangsara

Bab sangsara punika ingkang asring dipunsingkiri. Purun énakipun, mboten purun sisahipun. Pancèn, menawi dipuntaros, kathah-kathahipun manungsa punika kepingin gesangipun sekéca. Joger Jelèk – pabrik kata-kata – ing Bali nyerat “*Muda foya-foya, tua kaya-raya, mati masuk surga*”. Gesang tanpa perkawis lan wusananipun mlebet Swarga. Mboten wonten ingkang purun sangsara, ugi mboten wonten

ingkang sumadya sangsara. Kasetyan kita dhateng Gusti Yésus Kristus mboten namung ing kawontenan ingkang mbingahaken kémawon, ing kasangsaran kita ugi tansah setya dhumateng Gusti Yésus Kristus.

Kadospundi menawi kita saweg pados panyambut damel, lan kita pikantuk papan panyambut damel, nanging kedah nilaraken iman kita dhateng Gusti Yésus Kristus? Punapa kita tansah setya, utawi langkung miji panyambut damel kita? kadospundi bab gesang sesémahan?

Kadospundi bab pangkat drajat ingkang ngedahaken kita nilaraken Gusti Yésus Kristus?

Mbok menawi kita badhé wangsulan “Imanku isih kuat, aku ora arep nilaraké Gusti Yésus Kristus demi opo waé”. Nanging kadospundi menawi kita badhé ngibadah, lajeng jawah. Punapa kita tansah setya dhateng Gusti Yésus Kristus, senadyan sangsara awit jawah ingkang deres? Mboten pengén repot nggih ngagem jas hujan, utawi mesen taksi. Kamangka menawi badhé rekreasi ing pantai, alangan punapa kémawon mboten dados perkawis.

Utawi kadospundi bab pandonga kita? Punapa kita tansah nggadhahi sesambetan ingkang saé kaliyan Gusti Yésus Kristus lumantar pandonga? Utawi malah ngraos sengsara : wangsul nyambut damel, siram, lajeng tilem tanpa maos Kitab suci lan ndedonga rumiyen. Kamangka wekdal kanggé hobi saged nelaskaken wekdal ngantos mapinten-pinten jam. Punapa ndedonga 10 menit kémawon sampun ngraosaken sangsara? Utawi kadospundi anggen kita andum katresnan dhumateng tiyang ingkang sampun nganiaya kita, ngèlèk-èlèk kita, mboten naté ndukung kita, utawi mengsah kita. Punapa kita tansah nresnani, nadyan kraos sakit ing manah tembé wingkingipun?

Utawi kadospundi kita ningali sadhèrèk-sadhèrèk kita ingkang saweg nampi kacilakan? Punapa kita lajeng purun mbiyantu,

ngènthèngaken sèdhèrèk kita? Utawi malah ngucap sokur awit wonten sadhèrèk kita ingkang kita anggep saweg nampi paukuman saking Gusti Allah. Punapa kita tansah setya ndhèrèk Gusti Yésus Kristus, sumadya sangsara kanthi ngirangi kabetahan brayat kita, supados saged mbiyantu sadhèrèk kita ingkang saweg nampi kacilakan punika?

Gusti Yésus Kristus tansah setya nindakaken pakaryanipun, senadyan wonten ancaman ingkang dados wohing kasangsaranipun. Tansaha setya ndhèrèk Gusti Yésus Kristus senadyan sangsara, punika bab ingkang kapisan.

2. Tansah andhap asor ing manah

Kathah-kathahipun, manungsa punika patrapipun asring gumunggung, ngraos bilih dhirinipun langkung saé ketimbang sanésipun. Wonten tiyang ingkang nyerat *aja njeksa wong liya marga dosané béda karo dosané dhéwé* (janganlah menghakimi orang lain hanya karena dosanya berbeda dengan dosa kita). Ateges sejatosipun saben manungsa punika sami. Sami-sami dosa. Mila mboten pantes menawi tiyang ingkang dosa gesang ing patrap gumunggung. Mila kita ngénet cariyosipun Nikul, punapa ugi mekaten gesangipun tiyang pitados? Mandeng sakwenang-wenang dhumateng sadhèrèkipun ingkang kawastanan nggadha kasta sudra (asor). Petani punika panyambut damel ingkang asor, ning dados manajer punika panyambut damel ingkang gadha kasta Brahmana (paling inggil). Punapa mekaten?

Utawi kadospundi patrap kita menawi mangertosi wonten sadhèrèk kita ingkang dhawah ing dosa? Nampi kanthi nuwèni, utawi malah dipunsingkiri? Ngraos kita langkung saé ketimbang tiyang ingkang dhawah ing dosa. Punapa punika sanés nggunggung dhiri?

Utawi kadospundi menawi wonten tiyang ingkang sregep lelados, nanging namung lulusan SD. Kita badhé nampi tiyang punika, utawi mboten nampi tiyang punika kanggé lelados? Menawi mboten nampi, punapa punika sanés nggunggung dhiri?

Utawi kadospundi menawi kita sampun pisungsung ingkang kathah sanget, lajeng kita badhé ngatur lampahing gréja kanthi pola pikir kita. Punapa punika sanés nggunggung dhiri? Utawi kadospundi tanggepan kita menawi wonten sadhèrèk ingkang nyakiti manah kita? Badhé nggosipaken utawi ngapunteni? Menawi nggosipaken, punapa punika sanés nggunggung dhiri?


Utawi kadospundi anggén kita ngawat-awati tiyang ingkang saweg gerah? Sakwenang-wenang kita utawi malah kita awat-awati lan kita tampi kawontenanipun tiyang sakit punika kanthi sih tresna kita?

Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti Yésus Kristus, Sumangga, ing Minggu Pra Paskah kaping 2 punika, kita tansah setya ndhèrèk Gusti Yésus, senadyan kita wonten ing salebeting kasangsaran, mboten ngendhokaken greget kita, supados tansah ndhèrèk Gusti Yésus ngantos ing kalanggengan. Lan ugi, kita tansah nggadhahi patrap andhap asor, mboten nggunggung dhiri, nuladhani asoring manahipun Gusti Yésus Kristus. Setya ing kasangsaran, setya ing andhap asoring manah. Rum 12 : 2 nélakaken “*aja madha rupa marang jagad iki*”. Sumangga, kita madha rupa namung kaliyan Gusti Yésus Kristus, ngantos pungkasaning gesang kita. Amin

[yflk]



Minggu, 24 Maret 2019

**PRA PASKA 3**

Waosan 1 : Yesaya 55:1-9
Tanggapan : Mazmur 63:2-9
Waosan 2 : 1 Korinta 10:1-13
Waosan Injil : Lukas 13:1-9

KANUGRAHANING PAMRATOBAT

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, mBokmenawi kita naté mireng ukara ingkang kados makaten, “Seneng nyawang wong liya susah, angèl nyawang wong liya seneng.” Kénging punapa kathah tiyang ingkang remen ningali tiyang sanès sisah lan angèl ningali tiyang sanès bingah? Kathah wangsulanipun. Saged kémawon karana sipat kumèrèn wonten ing tiyang. Saged ugi karana tiyang gadhah pengalaman mmboten ngremenaken ing wekdal kapengker ing gesangipun satemah angèl ningali tiyang sanès bingah. Pengalaman awon wau ngèmbèt wonten ing manah, pikiran ngantos manah lan pikiranipun kebak raos cubriya lan awon. Tiyang ingkang makaten punika prelu pikantuk piwelas. Piwelas karana piyambakipun keblasuk ing kahanan awon ingkang mblithuk piyambakipun nindakaken pakulinan awon.

Pakulinan cubriya sajakipun pinanggih ing gesangipun tiyang ing sakiwa-tengenipun Gusti Yésus. Pakulinan wau njalari tiyang kécalan kawigatosan dhateng sesaminipun. Icalipun kawigatosan ndadosaken tiyang mboten saged nitèni jaman lan kawontenan. Awit kawigatosan mboten wonten, mila kathah tiyang ingkang nganggep samukawis manut takeranipun piyambak.

Wonten ing Injil Lukas 13: 1-9, ketingal wontenipun tiyang-tiyang ingkang nganggep sesaminipun manut ing takeranipun piyambak. Bab punika nuwuhaken swasana samidéné njeksani ing antawisipun satunggal lan satunggalipun. Lukas bab 13:1-2 nyariyosaken ngéngingi tiyang-tiyang Galiléa ingkang rahipun dipun campur déning Pilatus kaliyan korban ingkang sami dipun pisungsungaken. Ketingalipun tiyang-tiyang ingkang sowan ing ngarsanipun Gusti Yésus lan ngaturaken bab punika, nganggep bilih tiyang-tiyang Galiléa sami tumindak dosa. Awit saking punika piyambakipun sami rumaos bilih ukum pejah ingkang dipun tindakaken déning Pilatus minangka pituwas ganjaran tumrap gesangipun tiyang Galiléa. Pangintenipun masyarakat bilih satunggaling tiyang ingkang ngalami pejah kanthi patrap ingkang mboten salimrahipun punika ketaman supata utawi bebendu saking Gusti, sajakipun sampun wonten wiwit rumiyin. Wonten ing panganggepipun, tiyang-tiyang ingkang ngalami lelampahan pejah kanthi patrap apes, mboten cekap namung dipun jeksani ing bab cara pejahipun kémawon, ananging ugi dipun anggep minangka tiyang ingkang mboten prayogi.

Mirsani para sakabat ingkang nggadhaahi pamanggih ingkang makaten wau, Gusti Yésus ngandharaken piwulang ingkang wigati supados dipun raosaken saben tiyang ingkang ndhèrèk Panjenenganipun. Gusti Yésus ngandika, “Apa pangiramu wong-wong Galiléa iki luwih gedhé dosané katimbang karo dosané wong-wong Galiléa liyané kabèh, jalaran banjur ketaman lelakon kang kaya mangkono iku? Ora, kandhaKu marang kowé. Nanging manawa kowé padha ora mratobat, kowé bakal padha tiwas kabèh kanthi patrap mangkono.” (Luk. 13:2-3).

Saking pangandika kasebat, kita manggihaken piweling: pepejah mesthi badhé dipun tampèni sadaya tiyang. Bilih anggènipun tiyang pejah punika kanthi patrap punapa (kacilakan, ketaman bilai amargi banjir, lindhu lsp), bab punika boten nedahaken dedosanipun tiyang. Ing ngriki Gusti Yésus wiwit nedahaken kadospundi bénjingipun nalika Panjenenganipun piyambak ngalami séda. Kasangsaran lan

salib dados margi ingkang badhé dipun ambah Gusti Yésus. Kanthi ukara sanès, Panjenenganipun badhé ngendika, “ora susah kowé mikiraké bab kang kaya mangkono iku.” Kados punapa kémawon caranipun tiyang punika pejah, mboten prelu dipun rembag, punapa malih dipun dadosaken sarana nedahaken dosanipun tiyang sanès. Pangandikanipun Gusti wau dipun lajengaken sarana dhawuh supados sami mratobat, “Nanging manawa kowé padha ora mratobat, kowé bakal padha tiwas kabèh kanthi patrap mangkono.” Kanthi makaten, pamratobat minangka marginipun tiyang nganyaraken gesang.

Tiyang-tiyang punika kadhawuhan supados mratobat saking panginten awon tumrap tiyang sanès, sabab kaapesan saged nemahi sok-sintena tiyang. Kanggé nandhesaken dhawuhipun wau, Gusti Yésus ngèngetaken dhateng lelampahaning tiyang-tiyang ingkang nampi kacilakan ingkang namani tiyang wolulas, sami pejah kerubuhan menara ing Siloam. Kelampahanipun sacelakipun padaleman suci. Menara ing sacelakipun padaleman suci rubuh namani ngantos pejahipun tiyang wolulas. Punapa ingkang pejah punika kalepatanipun langkung ageng katimbang tiyang-tiyang sanèsipun ing Yérusalem? Sepisan malih Gusti Yésus paring pangandika, “Ora. Nanging Manawa kowé kabèh padha ora mratobat, bakal tiwas kanthi patrap mangkono.” (Luk. 13:5)

Mratobat punika pangajabipun Gusti Yésus tumrap sadaya tiyang supados tansaha mawas dhiri lan nyingkiri saking cubriya lan panginten awon. Bénjing punapa pamratobat katindakaken? Kita saged sinau lumantar pasemon wit anjir. Wit anjir ingkang mboten ngedalaken woh nalika ing mangsanipun awoh. Pasemon punika radi béda, pakebonan anggur padatan dipun garap kanthi setiti lan kajagi kasuburanipun. Menawi wit anjir dipun tanem ing pasitèn ingkang subur mboten ngedalaken woh, wit anjir wau saged kawastanan wit ingkang mboten saé. Ing pasemon wau, ingkang gadhah kebon anggur nggatosaken bilih sampun tigang taun dangunipun wit anjir mboten ngedalaken woh. Awit saking punika ingkang gadhah kebon dhawuh supados

inggang ngurus kebon angguripun negor wit anjir wau. Nanging inggang ngurus kebon anggur nyuwun wekdal dhateng inggang gadhah. Piyambakipun badhé mbudidaya maculi lan ngrabuk wit anjir wau. Sinten mangretos setaun malih saged ngedalaken woh. Pasemon punika nedahaken wit anjir inggang kaparingan wekdal, nanging mboten migunakaken kanthi prayogi. Wekdal inggang sepisanan, katanem ing pakebonan inggang saé. Kaping kalih, wit anjir kaparingan wekdal kanggé ngedalaken uwoh. Punika nama wekdal inggang kaparingaken dados berkah kanggé inggang nampèni.


Pamratobat nélakaken pambudidaya kanggé ngéwahi gesang. Salebeting pambudidaya wau, wonten tata lampah inggang kedah dipun tindakaken. Saben lampah tinampi dados wekdal. Menawi mboten kaginakaken sami kadosdéné damel dhiri pribadi mboten ngedalaken woh. Tiyang-tiyang inggang sami sowan wonten ing ngarsanipun Gusti Yésus nampi piwulang bilih taksih wonten wekdal kanggé mratobat. Mila tumuntena énggal mratobat, sabab menawi taun ngajeng boten ngedalaken woh, wit wau badhé kategor (Luk. 13:9).

Para Sadhèrèk inggang kinasih,
Mratobat saking njeksani, tuwin ngetingalaken kalepataning sesami sanès prakawis inggang gampil. Sesipataning manungsa inggang remen nyawang tiyang sanès sisah lan angèl sumerep tiyang sanès bingah, kadosipun sampun ngèmbèt ing gesangipun tiyang kathah, kalebet ing gesangipun tiyang pitados. Bab punika katindakaken kanthi cara tansah ngéwahi pakulinan lan raos pangraos inggang boten prayogi. Yésaya lan Paulus mulangaken lampah kanggé ngéwahi pakulinan. Sarana makaten tiyang saged sadhar. Tiyang-tiyang inggang tansah sadhar dhateng kawontenanipun, tuwin gumantung dhumateng Gusti Allah, dados pribadi inggang wicaksana. Piyambakipun ngraosaken bilih kanugrahan saking Gusti Allah inggang éndah punika awujud pamratobat. Sikep wicaksana punika ndadosaken piyambakipun katimbangan supados tansah mratobat lan ngedalaken wohing pamratobat

ing gesangipun. Woh pamratobat wau arupi nindakaken pakulinan-pakulinan ingkang prayogi wonten ing gesang padintenan. Amin.

[wsn/tk]

Minggu, 31 Maret 2019



PRA PASKA 4

Bacaan 1 : Yusak 5:9-12
 Antar Bacaan : Mazmur 32
 Bacaan 2 : 2 Korinta 5:16-21
 Bacaan Injil : Lukas 15:1-3, 11-32

KABINGAHANING PIRUKUN

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
 Asring kita mirengaken sadhèrèk ingkang winastanan dados *motivator* (tiyang ingkang padamelanipun nenangi gregetipun tiyang-*red*) wonten ing *seminar*, nyukani *motivasi* dhateng para ingkang sami mirengaken sarana nélakaken bilih, “Gesang punika minangka tetandhingan.” Ukara wau saged nangèkaken greget kanggé mecut dhiri pribadi dados langkung saé lan mimpang ing salebeting tetandhingan ing gesang punika, nggayuh pepénginan kita. Ukara ingkang nélakaken tetandhingan wau badhé andadosaken pirembagan jalaran ketingal namung mbebuja dhateng kapentinganing piyambak lan boten preduli dhateng kawontenaning tiyang sanès. Kita lajeng mbudidaya dados ingkang langkung onjo katimbang tiyang sanès. Akibat ingkang saged kita tingali ingih punika kahanan ingkang njomplang ing tengahing masyarakat, antawisipun ingkang sugih kaliyan ingkang mlarat, antawisipun negari majeng kaliyan negari ingkang nembé mbangun. Mila kita saged pitakèn, punapa wonten ing tetandhingan wau kita saged makarya sesarengan supados saged nggayuh bab ingkang saé ugi kanthi sesarengan?

Menawi kita purun ngaca dhateng kitab Yusak, kita kasagedaken sumerep bilih Gusti Allah maringi pitedah dhateng bangsa Israèl. Manéka warni bab ingkang élok dipun

tindakaken déning Gusti Allah. Wiwit nalika nabi Musa minangka utusanipun Gusti Allah nuntun bangsa Israèl medal saking negari pangawulan ing tanah Mesir, ngantos dumugi Yusak ingkang nggantosi nabi Musa. Sadaya punika dados pratanda bilih Gusti Allah tansah kagungan rancangan nindakaken bab ingkang prayogi kanggé manungsa. Ananging bedhamèn mboten badhé kaparingaken kanthi sawetahipun menawi bangsa Israèl mbeguguk, Gusti Allah mboten ngersakaken ingkang makaten punika. Awit saking waosan punika, kita dipun sumerepaken bilih Gusti Allah ngersakaken umati-Pun mbangun sesambetan kaliyan Gusti. Sesambetan punika dipun gambaraken wonten ing sunat, ingkang dipun maknani prajanjian, ingkang dados tangsul antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah.

Bedhamèn kaliyan Gusti Allah badhé nuwuhaken bedhamèn kaliyan sesami. Punika sebabipun, ing kabingahan ingkang kita pahargya sarana Paska, Gusti Allah ngawontenaken bedhamèn antawisipun tiyang Israèl kaliyan tiyang Amori lan tiyang Kanaan ingkang manggèn ing sacelakipun Gilgal. Para tiyang wau sami gesang kebak ing pirukun.

Gegambaran punika ingkang dipun agem déning Gusti Yésus ing pasemon anak ilang. Cariyos punika dipun wiwiti saking anak ragil ingkang nyuwun sadaya barang darbèkipun bapakipun kanggé nglembara, tebih saking bapakipun. Éman sanget si ragil nelasaken bandhanipun kanggé reropyan. Tundhanipun, piyambakipun dados mlarat. Ing salebeting kasangsaranipun, piyambakipun nembé ènet bilih sampun tumindak lepat, lajeng kepingin wangsul dhateng bapakipun kanthi sedya kepingin nyambut damel dados berah.

Tanpa kininten bapakipun mboten lajeng bingah lan lodhang manahipun nalika si ragil késah, piyambakipun nengga si ragil wangsul malih. Malah nalika taksih tebih manahipun sampun kadunungan raos asih. Bapakipun mlajar, ngrangkul lan ngaras anakipun. Si ragil ngakeni dosa ingkang sampun dipun

tindakaken lan bapakipun maringi pangapunten, lan malah lajeng mahargya wangsulipun si ragil.

Punika gegambaran bedhamèn ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah. Panjenenganipun ngersakaken kita tumut wonten ing rancanganipun Allah lumantar sédanipun Gusti Yésus Kristus ingkang sekedhap malih kita pahargya. Panjenenganipun mboten nyuwun dhateng kita supados kita mbangun turut dhumateng Panjenenganipun kadosdéné kéwan galak ingkang kedah dipun ranté supados lulut kados ingkang dipun pratélakaken ing Mazmur. Panjenenganipun ngersakaken kita thukul manah ingkang ngakeni bilih kita saged mimpang menawi kita sesarengan lan cumondhok wonten ing Panjenenganipun.

mBoten namung kèndel dumugi ing ngriki, Gusti Allah inggih ngersakaken boten namung kita –tiyang ingkang wekdal punika mirengaken kayektenan saking Gusti- ngraosaken bedhamèn lan kamenangan. Panjenenganipun ngersakaken kita dados juru-bedhamèn tumrap sesami. Kados ingkang kalampahan wonten ing Paulus, ingkang rumiyin sengit dhateng Gusti Yésus lan sadaya ingkang ngetut wingking, lajeng nampi bedhamèn saking Gusti. Samangké, Paulus inggih dados juru-bedhamèn tumrap tiyang kathah, salah satunggalipun dhateng pendhudhuk ing kitha Korintus, inggih ngraosaken bedhamèn lan kabingahan saking Gusti.

Gusti Allah mboten naté nutup ulemanipun kanggé mahargya kamenangan. Gusti Allah ngersakaken sadaya tiyang samia ngraosaken kabingahan karana bedhamèn kaliyan Gusti. mBokmenawi malah kita ingkang mboten kepingin tiyang sanès ugi ngraosaken kabingahan kasebat, kadosdéné si pambajeng.


Samangké, nalika kita saged ngraosaken bilih Gusti Allah tansah kagungan rancangan nindakaken bedhamèn tumrap umati-Pun lan kita inggih sampun nampi kanugrahan bedhamèn wau, punapa kita purun katimbangan dados juru-

bedhamèn? Punapa kita purun andum kabingahan bedhamèn kaliyan sesami?

Gesang punika pancèn dados tetandhingan, inggih punika tetandhingan mbekta sakathahipun tiyang sesarengan ngraosaken kemenangan lan bedhamèn saking Gusti. Ngrangkul soksintena ingkang nembé nandhang karibedan. Dados tiyang ingkang purun mirengaken tumrap sesami ingkang nandhang sisah. Sapalenggahan nalika sesami wonten ing salebeting pakèwed. Para tiyang wau mbetahaken kakiyatan supados saged ngadeg jejeg, dados pemenang wonten ing Sang Kristus. Amin.

[as/tk]

Minggu, 7 April 2019

**PRA PASKA 5**

Bacaan 1 : Yesaya 43:16-21
 Antar Bacaan : Mazmur 126
 Bacaan 2 : Filipi 3:4-14
 Bacaan Injil : Yohanes 12:1-8

NRESNANI GUSTI: NDAYANI TRESNA SESAMI

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk kinasih ing Sang Kristus,
 Maryam nindakaken pakaryan ingkang èstu ngéram-éramaken
 inggih punika njebadi samparanipun Sang Kristus kanthi lisah
 jebad narèd tulèn (narwastu) ingkang awis, lajeng ngusapi
 kanthi rikmanipun! Miturut Pajenengan sami, kénging punapa
 Maryam tumindak mekaten? (*nyuwun pirsá dhateng
 warganing pasamuwan*).

Punapa ingkang dipun tindakaken Maryam punika minangka
 wujud agenging katresnanipun dhumateng Sang Kristus?
 Maryam ngrumaosi bilih Sang Kristus mboten namung madeg
 Gusti ingkang kagungan panguwaos ananging ugi kanca
 ingkang mangertosi raosing manahipun umat. Contonipun,
 Sang Kristus ugi muwun nalika Lazarus, sadhèrèkipun Maria,
 séda. Salajengipun, Sang Kristus ugi nangèkaken Lazarus
 saking sédanipun! Pramila, kita sami saged mangertos kénging
 punapa Maryam ngunjukaken raosing katresnan sarta asung
 urmat dhumateng Sang Kristus!

Émanipun para Sadhèrèk, Maryam mboten nampèni
 pangalembana saking Yudas Iskariot ananging malah
 panyaruwé! Yudas nedahaken bilih reginipun lisah wau awis
 lan menawi dipun-sadé, artanipun saged dipun paringaken
 dhateng para tiyang sèkèng. Mbok menawi kémawon kita ugi

sami manthuk-manthuk nalika mirengaken pemanggihipun Yudas wau, ingkang katingal loma lan tresna dhateng tiyang sèkèng! Ananging sejatosipun, pemanggihipun Yudas wau kasurung déning raos ‘éman-éman’ tumrap reginipun lisah wau menawi dipun sadé! mBoten awit saèstu prihatos dhateng tiyang miskin ananging awit saking kapilut déning raja brana! Mbok menawi kémawon piyambakipun nggadahi pemanggi: *”wah yèn lengo mau didel, mesthi dhuwité aku sing nggawa! Sanajan kanggo wong miskin, ning iso diothak-athik dimèn aku yo éntuk bagéan, wong aku ki bendaharané Gusti jé....”*

Sang Kristus mangertosi punapa ingkang gemuleng ing manahipun Yudas! Ananging Panjenenganipun mboten melèhaken Yudas ing sangajenging tiyang kathah! Sang Kristus mangsuli kanthi wicaksana bilih nandukaken katresnan kanggé para tiyang sèkèng punika saged sawanci-wanci awit tiyang miskin tansah wonten ing satengahing para sekabat. Ing ngarsanipun Sang Kristus, punapa ingkang dipun tindakaken Maryam punika saèstu katampi kanthi sukarena. Pakaryanipun Maryam punika trep sanget wancinipun awit sekedhap malih Sang Kristus badhé nilar para pandhèrèkipun. Pakaryanipun Maryam punika kadosdéné nglantaraken badhé tindakipun Sang Kristus!

Pasamuwan kinasih, Asring sanget kita sami misahaken antawisipun ‘nresnani Gusti’ kaliyan ‘nresnani sesami.’ Ananging sejatosipun, kalih-kalipun punika mboten cengkah! Katresnan dhumateng Sang Kristus kadosdéné ingkang dipun tindakaken Maryam wau minangka adrenging pepinginan supados nggadahi sesambetan ingkang raket kaliyan Sang Kristus! Punika mboten ateges bilih Maryam mboten nggadahi raos asih dhateng tiyang miskin! mBoten! Ananging raketing sesambetan kaliyan Sang Kristus punika malah ndayani tumrap tumindak katresnan dhateng sesami! Lubering katresnan ing Sang Kristus kimplah-kimplah mili lan nglubèri dhateng sesami! Kanthi mekaten, kita sami sinau supados ndadosaken katresnan dhumateng Sang Kristus minangka punjering pakaryan kita sami: nresnani sesami!

Pasawuwan kinasih, Rasul Paulus nélakaken éwah-éwahaning gesang ingkang nyata nalika mutusaken badhé ngetut wingking lan ngladosi Gusti Yésus! Piyambakipun purun nilar sedaya prekawis sadèrèngipun ingkang dados gondhèlan lan andel-andel: piyambakipun asli Yahudi, wasis lan tumemen ngecakaken angger-anggering Torèt! Punika rumiyin dados tukung pangalembana ing gesangipun! Ananging Sang Kristus sampun ngrengkuh piyambakipun sarta nguwalaken saking panjireting angger-anggering Torèt! Miturut Paulus, Sang Kristus punika samangké ingkang dados paugeran ingkang utami ing gesangipun! Inggih punika nresnani Sang Kristus lan mbangun sesambetan raket kaliyan Panjenenganipun! Sangsaya wanuh, mangertosi punapa ingkang dados karsanipun Gusti! Punapa ingkang Rasul Paulus raosaken punika laras kaliyan punapa ingkang dipun raosaken Maryam: nresnani Sang Kristus lan mbangun sesambetan raket! Sampun ngantos dipun pisahaken kaliyan ‘nresnani sesami!’ Nresnani Sang Kristus mboten ngalang-ngalangi nanging malah ndayani anggèn kita nresnani sesami!

Para Sadhèrèk kinasih, Ing Minggu Pra-Paska V samangké, kita sami kaatag supados ngraos-raosaken agenging katresnanipun Gusti tumrap Maryam, Rasul Paulus lan ugi nabi Yésaya dalah umat Israèl. Gusti Allah ingkang Mahakuwaos tansah ngrengkuh umatipun lan ndadosaken umatipun minangka putra-putranipun!

Ing Minggu Pra-Paska V punika kita ugi kaatag supados ngraos-raosaken agenging katresnanipun Maryam lan Rasul Paulus dhumateng Sang Kristus, nglangkungi saking punapa kémawon ing jagad punika! Sedaya punika njurung kita sami supados nuwuhaken raos katresnan dhumateng Sang Kristus lan mbangun sesambetan raket kaliyan Panjenenganipun! Awit ngetut wingking Sang Kristus punika mboten namung babagan pangertosan ananging ugi babagan mbangun sesambetan raket kaliyan Panjenenganipun!

Jalaludin Rumi, salah satunggaling juru syair saking Pèrsia nêlakaken raosing katresnan dhumateng Gusti wonten ing geguritan ingkang mekaten:

*Oh Tuhan,
Telah kutemukan cinta!
Betapa menakjubkan, betapa hebat, betapa indahnya....
Kuhaturkan puja-puji
Bagi gairah yang bangkit
Dan menghiasi alam semesta ini
Maupun segala yang ada di dalamnya!*

Sumangga kanthi raosing katresnan ingkang ngrembaka, kita sami saged ngudaraos, asung urmat, matur bab adrenging manah, mekaten ugi atur pasambat dhumateng Sang Kristus ingkang kita tresnani! Nalika kita nandhang sangsara, kita tetep nggadahi pengajeng-ajeng bilih ing tembé, Gusti badhé ndadosaken kita sami pulih lejar saking sedaya panandhang kita! Kadosdéné kapitadosanipun Juru Mazmur lan umat Israèl: “*Wong kang padha nyebar wiji karo mbrebes mili, bakal ngenèni kanthi giyak-giyak. Wong kang lumaku maju kalawan nangis kambi nyebar wiji, mulihé mesthi kalawan surak-surak karo ngusung gèdhèngané.*” (**Jabur 126:5-6**).


Jonathan Prawira, salah satunggaling juru nyerat tembang pop rohani, methik saking syair Jabur Mazmur punika saperlu nedahaken kapitadosan Juru Mazmur kasebat ing satengahing kekidungan/nyanyian:

*Walau kini 'ku menabur benih
Sambil mencururkan air mata 'ku percaya,
Suatu saat 'ku 'kan menuai berkasnya,
Dengan bersorak-sorai....*

Amin.

(ohpn)

Minggu, 14 April 2019

**PRA PASKA 6**

Waosan 1 : Yésaya 50:4-9
Tanggapan : Jabur Masmur 118:1-2, 19-29
Waosan 2 : Filipi 2:5-11
Waosan Injil : Lukas 19:28-40

KATENTREMAN PADUKA, LANTARANING¹ JAGAD!

KHOTBAH JANGKEP

Anthony de Méllo naté nyariosaken cariyos ingkang asipat gegambaran ngéngingi Gusti Yésus ingkang saweg mirsani tetandhingan bal-balan. Satunggaling tetandhingan ingkang dedreg kelampahan antawisipun golongananing bal-balanipun tiyang Protestan kaliyan golongananing bal-balanipun tiyang Katolik.

Golonganing bal-balanipun tiyang Katolik nglebetaken bal langkung rumiyin. Gusti Yésus surak-surak kanthi bingah, sarta ngumbulaken tudhungipun manginggil. Salajengipun gantos golongananing bal-balanipun tiyang Protestan ingkang nglebetaken bal. Gusti Yésus ugi surak-surak kanthi bingah sarta ngumbulaken tudhungipun manginggil malih.

Lelampahanipun Gusti Yésus ingkang kados makaten punika sajakipun damel bingungipun tiyang-tiyang ingkang lenggahipun sawingkingipun Gusti Yésus anggènipun mirsani bal-balan. Tiyang-tiyang wau ngepuk-epuk pamidhanganipun Gusti Yésus sarta ndangu: “Panjenengan surak-surak kanggé

¹ lantaran: satunggaling pirantos ingkang kadadosaken wod kanggé nggayuh kaleksananing sedya.

golongan pundi, Katolik punapa Protestan?”. “Aku?” makaten atur wangsulanipun Gusti Yésus, ingkang nalika semanten sajak kasengsem déning kridhanipun tiyang-tiyang ingkang sami bal-balan punika. “Oh, Aku ora surak-surak kanggo salah sijining golongan, Aku mung seneng ngemataké kridhaning wong-wong sing padha bal-balan iku.”

Sikep utawi gegebenganing-manahipun Gusti Yésus nalika mirsani bal-balan punika temtu dipun wawas mbingungkaken. Awit Gusti Yésus mboten mbélani salah satunggaling golongan ingkang saweg tetadhing. Gusti Yésus mboten kelorop/keblasuk dhateng cirènanipun golongan tiyang ingkang sami tetandhing. Gusti Yésus ngraosaken kridhanipun tiyang-tiyang ingkang saweg sami bal-balan, mboten mbélani salah satunggaling golongan tiyang ingkang saweg bal-balan wau. Gegebenganipun Gusti Yésus ingkang makaten punika mboten limrah, awit limrahipun tiyang langkung ngener dhateng golonganipun tiyang, mboten dhateng kridhanipun bal-balan.

Nalika tiyang ngener dhateng golonganipun tiyang ingkang dipun bélani, asring golonganipun tiyang ingkang mboten dipun bélani kaanggep mengsah. Mengsah ingkang kedah dipun kawonaken, punapaa kémawon risiko/pituna tuwin caranipun. Punika sababipun punapa kémawon ingkang dipun lampahi mengsah kaanggep mboten saé. Tetandhing ingkang sayektosipun nengsemaken manah menawi dipun raos-raosaken, malah dados papan kanggé nedahaken cirènanipun dhiri pribadi utawi golongan. Mila lajeng kelampahan punapa ingkang kasebat *konflik identitas*.

Konflik identitas utawi pasulayan ingkang kedayan déning cengkahipun manéka-warninipun cirènan/tengeran, tansah tambah-tambah ing sadangunipun ambeganing gesangipun manungsa. Saben tiyang mbekta kathah sanget cirènan, kados ta jaler – èstri, sugih – mlarat, Kristen – sanès Kristen, sepuh – anèm, randha – dudha, nikah – mboten nikah, golongan tiyang A – golongan tiyang B, golongan bal-balan A – golongan

bal-balan B, lsp. Cirènan punika wonten ingkang kita sandhang wiwit lair mila tuwin wonten ingkang kita sandhang amargi pilihan kita. Cirinipun golongan tiyang sarta jinising jaler utawi èstri ingkang kabekta wiwit lair mila. Ananging sugih – mlarat, ngagami A utawi ngagami B, dhudha utawi randha, lsp. punika ciri-ciri ingkang gampil éwah.

Wonten ing sejarahipun, asring sanget ciri-ciri punika ngèmbèt dhateng karisakaning pasrawungan utawi gesang sesarengan ing jagad punika. Sampun dados kanyataning gesang menawi patrap anggènipun mantha-mantha tiyang adhedhasar cirènan punika badhé ngèmbèt dhateng tuwuhipun bèncèng-cèwèng ingkang nrenyuhaken tumrap gesangipun manungsa. Jurang ingkang menga wiyar tuwuh saking wontenipun wawasan utawi pamanggih cethèk ngéngingi cirinipun piyambak sarta nganggep ciri sanèsipun sanèsipun minangka mengsahipun.

Dinten punika, pasamuwan ngriyayakaken kalih riyaya sanalika: Minggu Palem tuwin Minggu Sangsara VI. Kalih-kalihipun kagungan “ciri” ingkang mboten sami utawi béda. Minggu Palem mujudaken lelampahaning kabingahan mèngeti mlebetipun Gusti Yésus dhateng kitha Yérusalèm dipun arak déning tiyang kathah kanthi njèrèng jubahipun wonten ing margi ingkang dipun langkungi (Lukas 19:36) sarta sami mecoki pang-panging wit-witan Palem ingkang taksih wonten ronipun ingkang dipun sebar ing margi ingkang dipun langkungi (Matius 21:8, Yohanes 12:13). Minggu Sangsara kapara ngriyayakaken kosokwangsulipun. Kados ingkang kacetha wonten ing namining minggu punika, kita ngriyayakaken dinten-dintening kasangsaranipun Gusti Yésus. Ingkang nengsemaken, kalih-kalihipun (kasangsaran lan kabingahan) dados satunggal wonten ing karawuhanipun Gusti Yésus minangka juru pirukun.

Punika sababipun Panjenenganipun rawuh mboten minangka raja satata politik. Gusti Yésus rawuh minangka raja ingkang lembah manah sarta kebak pirukun. Anggènipun Gusti Yésus

nitih kuldi ingkang taksih belo, jumbuh kaliyan gegambaranipun “ratuning katentreman” ingkang nitih titihan kuldi ingkang dèrèng naté dipun titihi tiyang. Titihan kuldi ingkang dèrèng naté dipun titihi tiyang tegesipun titihan mirunggan ingkang kaagem dados pirantos tumrap ayahan luhur, kados ingkang dipun andharaken kitab Wilangan 19:2 tuwin kitab Pangandharing Torèt 21:3. Gusti Yésus mboten nitih kapal (jaran) lan kréta perang dharat, ananging nitih kuldi ingkang taksih belo sarta dèrèng naté dipun etrapi momotan, minangka gegambaran bilih Panjenenganipun mboten ngasta memengsahan.

Gusti Yésus mlebet dhateng kitha Yérusalèm ingkang sampun risak/dados jugruga, kanthi grengsenging olah karukunan tuwin greget rerukunan. Kénging punapa? Amargi Yérusalèm kawentar minangka kithanipun panganiaya, papanipun kathah nabinipun Allah ingkang dipun perjaya. Gusti Yésus mlebet Yérusalèm kanthi greget mbekta kratoning Allah, sanès kraton kadonyan. “Binerkahana Sang Raja ingkang rawuh atas asmaning Pangéran, tentrem-rahayu wonten ing swarga, saha kamulyan wonten ing ngaluhur!” (Lukas 19:38). Pepènget punika cetha nélakaken bilih Gusti Yésus punika juru pirukun. Blegering Nabi ingkang Minulya ingkang rawuh atas asmaning Pangéran sarta Imam Agung ingkang mbekta swantening jagad ingkang kebak dosa. Punika rak ateges bilih Gusti Yésus dados lantaraning jagad ngraosaken karahayan.

Gusti Yésus èstu-èstu pirsia. Sinaosa Panjenenganipun mlebet kitha Yérusalèm kanthi bedhami, ananging wonten kalih péhak ingkang samekta nglanggati Panjenenganipun. Péhak ingkang kebak kabingahan saking para pandhèrèkipun sarta muridipun Gusti Yésus, ugi péhkipun tiyang Farisi ingkang saweg bingung sarta siyaga ngajak tiyang kathah sami bengok-bengok “Kasaliba, Kasaliba”. Tiyang-tiyang Farisi sarta pandhèrèkipun sampun siyaga awèh panglawan sadèrèngipun Gusti Yésus mlebet kitha Yérusalèm (Lukas 19:14).

Sinaosa dipun awisi, Gusti Yésus panggah anggènipun netepi timbalan-Ipun. Panjenenganipun lestantun anggènipun ngundhangaken bedhamèn/karukunan. Panjenenganipun lestantun nyuwun dhateng para murid-Ipun supados ngundhangaken bilih Gusti Yésus punika sampun katetepaken déning Allah minangka sarananing karukunan. Kados-kados Gusti Yésus badhé ngandika, karebèn Aku lan murid-murid-Ku dibungkem ora bias celathu, ananging swaraning karukunan iku bakal kaundhangaké déning séla-séla (kcn. Habakuk 2:11). Panjenenganipun tetep setya dados Abdi Ingkang Nandhang Sangsara, netepi pamecanipun Nabi Yésaya. Kanthi rumaket manunggil dhateng kasangsaraning jagadkarana dosa, Gusti Yésus sumadya dados lantaran ingkang nyambet sesambetanipun Allah kaliyan manungsa ingkang kapedhot déning dosa.


Nalikanipun kita mirsani Gusti Yésus ing ngarsanipun Gubernur Pilatus (ing adat tata-caranipun cariyos Minggu Sangsara), kita badhé manggihaken bilih Gusti Yésus babar pindhah mboten badhé nglawan dhateng Gubernur Pilatus. Sinaosa Gusti Allah sampun maringi pangertosan dhateng Pilatus, sarta Pilatus mboten nggatosaken dhateng pambisikipun pangertosan punika, Gusti Yésus mboten damel lingsemipun Pilatus, ugi mboten nglawan Pilatus. Gusti Yésus mangsuli kanthi wasis ananging mboten ngrèmèhaken Pilatus. Gusti Yésus kekah anggènipun dados Juru Pirukun, pirukunipun Gusti Allah kanggé manungsa sanalika dados Guru Pirukun, paring tuladha bedhamèn tumrap manungsa.

Kadospundi tumrap kita? Punapa kita dados lantaraning karukunan utawi kapara mbangun tembok singgetan inggil ingkang misahaken? Punapa ing satengahing béda-bédanipun pilihan politik, kita tetep gesang rukun utawi kapara mengsahi tiyang ingkang pilihanipun béda kaliyan pilihan kita? Punapa ing salebeting griya kita dados lantaraning karukunan utawi kapara dados sumbering pepisahan?

Para sadhèrèk, jagad mbetahaken lantaraning karukunan ingkang nggathukaken kawontenan ingkang béda-béda. Bangsa kita mbetahaken lantaraning karukunan ingkang nggathukaken kawontenan ingkang béda-béda. Bangsa kita dhemen rukun. mBokmenawi wonten ingkang ngandika: “kuwi mbiyèn, saiki ora seneng rukun”. “Bangsa kita sumanak, kuwi biyèn, saiki dhemen muring”. Jagad punika saya bentèr, amargi wontenipun singgetan-singgetan ingkang nebihaken tuwin misahaken. Kita saged dados lantaran ingkang nglebur let-letanipun tiyang gesang ingkang sampun sami dados tebih tuwin kapisah. Wilujeng dados Juru Pirukun!
Amin.

[ba-den]

KEMIS, 18 APRIL 2019



KEMIS PETHAK

Waosan 1 : Pangentasan 12:1-14
 Tanggapan : Jabur Masmur 116
 Waosan 2 : 1 Korintus 11:23-26
 Waosan Injil : Yohanes 13:1-17, 31-35

GUSTI YÉSUS, MINANGKA INKGANG KAGUNGAN DALEM SUMANAK LAN GRAPYAK

KHOTBAH JANGKEP

Dhemen muring (nepsu) kosokwangsulipun kaliyan sumanak. Kanepson mujudaken kawontenaning batosipun tiyang ingkang rumaos ketaton, tumunten nglairaken raosing manah wonten ing pitembungan, polatan, sarta solah-tingkah ingkang saged naton. Tatu punika saged awujud tatuning batos, utawi tatuning raga. Kosokwangsulipun, sumanak mujudaken tangkeping manah ingkang pangrengkuhipun dhateng tiyang sanès kados sanak utawi sadhèrèk. Polatanipun tiyang ingkang sumanak punika sumringah.

Sumanak lan grapyak ndadosaken tiyang saged mbabar tangkep:

- Nampi gesangipun piyambak minangka titah ingkang wonten ajinipun sarta ngajèni dhateng sesami minangka pribadi ingkang ugi wonten ajinipun.
- Ngrowakaken watak *toleran* utawi koma-koma dhateng kawontenan ingkang bènten-bènten sarta ngajèni sesami.
- Prigel mbiyantu sadaya tiyang tanpa menggaliaken leliruning kangélanipun.
- Nresnani kanthi tulus minangka wujud ing sokur amargi gesangipun dipun tresnani déning Gusti.

Ing wanci dalu ndungkap Gusti Yésus kaulungaken supados kasalib sarta nandhang sangsara, Panjenenganipun pirsa sadaya prakawis punika. Injil Yohanes nélakaken makaten, “Nalika ngarepaké dina riyaya Paskah, Yésus wis pirsa, menawa wis tekan ing titi-mangsa anggoné bakal jengkar saka ing donya iki sowan marang ngarsané Sang Rama.” (Yohanes 13:1a). Gusti Yésus èstu pirsa bilih lampahing jengkaripun saking donya sowan dhateng ngarsanipun Sang Rama punika kanthi nandhang sangsara sarta dipun cidrani déning tiyang-tiyang ingkang celak kaliyan Panjenenganipun. Éwasemanten Gusti Yésus mboten duka dhateng kawontenan kasebat. Injil Yohanes nélakaken makaten, “Padha kayadéné Panjenengané anggoné tansah ngasihi marang para kagungané kang ana ing donya, mangkono uga saiki Panjenengané anggoné ngasihi iku nganti tumeka ing wekasané.” (Yohanes 13:1b). Ing sadhéngaha kawontenan, tangkepipun Gusti Yésus sami. Panjenenganipun tansah nresnani sadaya tiyang, kalebet dhateng tiyang-tiyang ingkang mengsahi Panjenenganipun. Katresnanipun Gusti Yésus dipun wujudaken wonten ing sumanakipun dhateng sadaya tiyang. Injil Yohanes nggambaraken, minangka ingkang kagungan dalem ingkang sumanak, Panjenenganipun maringi pasegahan tamu-tamunipun, inggih punika para murid-Ipun kanthi sumanak sanget. Sumanakipun punika katindakaken déning Panjenenganipun wiwit nampi pisowanipun para murid-Ipun kanthi mijiki sukunipun ngantos para murid sadaya dipun ajak kembul dhahar sesarengan Panjenenganipun.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Cariyos bab anggènipun Gusti Yésus mijiki sukunipun para murid ing dalu ndungkap Gusti Yésus kaulungaken supados kasalib, naming pinanggih ing Injil Yohanes. Kanggénipun tiyang Yahudi, mijiki suku ingkang katindakaken satunggaling tiyang sadèrèngipun lumebet ing papan pakembulan, mujudaken lelampahan limrah. Prakawis punika katindakaken kanthi ancas supados tiyang siyaga ndhèrèk kembul dhahar kanthi badan ingkang resik. Padatan menawi wonten tamu ingkang kinurmatan rawuh ing salebeting pakembulan dhahar,

tamu kinormatan punika sampéyanipun/sukunipun dipun wijiki ingkang kagungan dalem. Ing ngriki, ingkang kagungan dalem padatanipun ndhawuhi abdi-abdinipun supados mijiki sampéyanipun tamu-tamu kinormatan wau.

Ing Injil Yohanes, anggènipun mijiki sukunipun para murid dipun ayahi piyambak déning Gusti Yésus. Kanthi patrap ingkang makaten wau Gusti Yésus dados ingkang kagungan dalem, déné para murid-Ipun dados tamu-tamu kinormatan. Tangkep urmat ingkang katindakaken Gusti Yésus dhateng para murid-Ipun punika karana Panjenenganipun nresnani murid-murid-Ipun. Grengsenging katresnan ndayani Gusti Yésus karsa ngayahi minangka tiyang ingkang kagungan dalem ingkang ngabdi dhateng murid-murid-Ipun minangka tamu. Paladosanipun Gusti Yésus mijiki sukunipun para murid katindakaken ing salebetipun pakembulan lumampah, mboten sadèrèngipun pakembulan kados padatanipun tiyang-tiyang Yahudi. Punapa pawadanipun? mBokbilih Gusti Yésus nindakaken prakawis punika kanthi kajarak sarta supados kaliyan padatan ingkang pinanggih ing satengahing masyarakat. Menawi masyarakat ngersakaken supados tiyang ingkang badhé ndhèrèk pakembulan punika kedah resik langkung rumiyin, béda tumrap Gusti Yésus. Gusti Yésus nampi sadaya tiyang punapaa kawontenanipun, tumut kembulan sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Sadangunipun kembulan punika Gusti Yésus ngladosi muridipun sadaya sarta lumampah ngener dados resik. Prakawis punika kacetha nalikanipun Gusti Yésus badhé mijiki sukunipun Pétrus. Pétrus rumaos gumun dhateng pandamelipun Gusti Yésus. Pétrus mboten saged nampi menawi Guru ingkang dipun urmati mijiki sukunipun saha sukunipun murid-murid sanèsipun. Pétrus mboten mangertos punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus. Gusti Yésus ngandika bilih badhé dumugi wekdalipun bénjing Pétrus badhé mangertos dhateng punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus, sinaosa sapunika dèrèng mangertos. Sinaosa Gusti Yésus ngandika, pangandikanipun, "Menawa Aku ora mijiki kowé, kowé ora duwé panduman ana ing Aku."

Pétrus dèrèng saged nyandhak punapa karsanipun Gusti. Awit saking punika Pétrus matur dhateng Gusti Yésus supados mboten namung mijiki sukunipun kémawon, ananging ugi sampun ngamungaken suku kawula kémawon, nanging ugi tangan saha sirahipun pindhah. Nalikanipun Gusti Yésus mijiki sukunipun murid-murid-Ipun, Gusti Yésus ngandika bilih sinaosa sadaya sampun dipun resiki, éwasemanten mboten sadaya resik. Tembung-tembung punika dipun lairaken kanggé nélakaken piweling bilih ing salebetipun patunggilaning umatipun Allah, dayaning reged saged rumesep mlebet. Rereged punika ngalang-alangi tiyang-tiyang ing salebetipun bujana.

Sasampunipun mijiki, Gusti Yésus paring piweling dhateng murid-murid-Ipun supados sadaya sami nulad dhateng ingkang katindakaken Gusti Yésus. Panjenenganipun minangka Guru lan Gusti sampun karsa nandangi ayahan minangka tiyang ingkang kagungan dalem ugi abdi kagem tamu-tamu-Ipun. Punapa ingkang sampun katindakaken Gusti Yésus punika wajib katindakaken déning murid-murid-Ipun. Punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus punika kadosdéne kepyakan (*inagurasi*) tumrap para murid sadèrèngipun para murid wau mlebet dhateng bebrayan agung ingkang nyata ing jagat punika. Ing wekdal salajengipun, para murid mboten sesarengan malih kaliyan Gusti Yésus, Gurunipun. Ananging grengsenging pangabdèn kedah dipun babar kanthi grengsenging katresnan. Katresnanipun para murid kedah dipun babar mboten namung kanggé sesamining muridipun Gusti Yésus, ananging ugi kanggé jagat. Yohanes 13:34-35 ngantebaken dhawuh punika.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Kajawi mijiki sukunipun para murid sarta maringi piweling dhateng para murid supados nulad dhateng sumanak lan grapyakipun Gusti Yésus, Gusti Yésus ngémutaken murid-murid-Ipun supados ngènget-ènget Panjenenganipun ingkang sampun ngorbanaken Sarira lan Rahipun. Saking ngriku Pasamuwan ngladosaken Bujana Suci. Pasamuwan

ngladosaken Bujana Suci wiwit ing jamanipun Pasamuwan Wiwitan. Ing paladosan bujana suci punika, sadaya umatipun Allah dipun ulemi Gusti Yésus. Minangka ingkang kagungan dalem ingkang sumanak lan grapyak, Gusti Yésus ngulemi sadaya tiyang supados manunggil ing patunggilaning katresnan kaliyan Sarira lan Rahipun Gusti Yésus.

Sumangga kita sinau lumantar seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan Korintus. Sejatosipun Rasul Paulus mboten ngandika bab bujana suci, ananging bab *perjamuan makan* utawi dhahar kembulan (sesarengan). Ananging kita sinau saking pangertosanipun Rasul Paulus bab dhahar kembulan punika.

Rasul Paulus ngantebaken bilih bujana suci mujudaken bujananing patunggilan. Mila sadaya tiyang kedah dipun tanggapi kanthi sumanak lan grapyak ing bujana punika. 1 Korintus 11:17-18 nélakaken prakawis punika. “Ing sajroné aku awèh pituduh-pituduh sabanjuré iki aku ora bisa ngalem kowé, awit anggonmu padha kumpulan iku ora ndadèkaké mundhak becik, nanging malah mundhak ala. Sabab, dhisiké aku krungu, samangsa kowé padha masamuwan, ing antaramu ana crah kang njalari pepisahan, mangka setengahé aku iya ngandel.” (1 Korintus 11:17-18). Supados bujana punika dados prayogi, mila saben tiyang kedah ndadar badanipun piyambak-piyambak, mboten ndadar tiyang sanès, punapa malih nyingkiraken tiyang sanès saking sakupenging méja bujana (kc. 1 Korintus 11:27-28 saben tiyang ndadar badanipun piyambak).

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Ing pangibadah Kemis Pethak punika, samangsa kita ngènget-ènget katresnanipun Gusti Yésus Kristus kanthi nindakaken bujana suci, kita ngènget-ènget dhateng sumanak tuwin grapyakipun Gusti Yésus ing bujanan-Ipun. Atetales pitedahipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan Korintus, kita manggihaken maknanipun bujana suci ingkang kita

tindakaken. Bujana Suci ingkang kita riyayakaken punika nélakaken:

- a. raos sokur kita awit lelampahan kapengker (pangorbananipun Gusti Yésus) ingkang sampun milujengaken.
- b. kabingahan nampèni pikekahing patunggilan kita kaliyan Gusti Yésus ingkang sampun séda, wungu, sarta gesang malih, tuwin patunggilan ing antawisipun umat ing wekdal samangké.
- c. patunggilanipun umat kanggé tumut cancut ing ayahan kawilujenganipun Allah ngantos dumugi sampurnanipun ing rawuhipun Gusti Yésus ing jaman pungkasan.

Kanthi bujana suci ingkang kita riyayakaken sesarengan wekdal punika, kita tinimbalan kanggé ndhèrèk tumandang damel wonten ing ayahaning kawilujenganipun Allah ngantos dumugi kasampurnanipun ing rawuhipun Gusti Yésus ing pungkasaning jaman. Ayahaning kawilujenganipun Allah punika ayahan pangluwaran. Wiwit sekawit (ing zaman Perjanjian Lami), Gusti Allah punika Sang Pangluwar. Awit saking punika, prayogi menawi kita ngangkat tuwunging pamuji sokur minangka pandamel nyata nyaosi sokur dhumateng ayahan kawilujengan saking Gusti Allah.

Lumantar pangibadah dalu punika, mugi kita kasagedaken mangertosi sumanak lan grapyakipun Gusti Yésus minangka ingkang kagungan dalem ingkang sumanak lan grapyak sarta nulad Gusti Yésus ing gesang kita saben dinten. Amin.

[wsn-den]

JUMUWAH, 19 APRIL 2019



JUMUWAH ADI

Waosan 1 : Yésaya 52:13-53:12
 Tanggapan : Jabur Masmur 22
 Waosan 2 : Ibrani 10:16-25
 Waosan Injil : Yohanes 19:16b-37

MARGINING SALIB, MARGINING PIKUKUN

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Sawetawis taun lan wekdal kapengker wonten satunggaling pilem *animasi* utawi pilem ingkang kedadosan saking rerangkèning gambar ingkang dipun ébahaken déning listrik ing pilem *kartun* (gambaran tangan) saking Koréa, nyariosaken ngéngingi para tiyang ing mikul salib (menawi saged, pelados sabda saged muter pilem kasebat kanthi ngundhuh saking: <https://www.youtube.com/watch?v=32XhShqFi88&gl=SG&hl=en-GB>). Wonten ing rerangkèning gambar ingkang dipun ébahaken déning listrik punika dipun cariyosaken ngéngingi satunggaling tiyang ingkang saweg mikul salib, ngraosaken iba awratipun mikul salib punika. Awit saking punika tiyang wau nugel sawetawis salibipun kanthi pangajab ndadosaken salibipun langkung ènthèng sarta gampil dipun pikul. Sasampunipun dipun tugel sarta dados langkung ènthèng, tiyang wau mlampah sinambi nggatosaken dhateng kanca-kancanipun ingkang taksih mikul kanthi awrat salibipun. Sasampunipun mlampah sawetawis wekdal, tiyang-tiyang ingkang sami mikul salib punika dumugi ing sapinggiring jurang. Jurang punika mbetahaken sarana kanggé nyabrang. Tiyang-tiyang ingkang mboten nugel salibipun énggal-énggal nyèlèhaken salibipun piyambak-piyambak

kanggé nguwot nyabrang jurang ingkang menga punika. Sadangunipun punika, tiyang ingkang nugel salibipun mboten saged ngginakaken salibipun kanggé nyabrang jurang amargi salibipun cupet kirang panjang.

Pilem punika ngetingalaken salib minangka prabot kanggé nyambung tumrap saben tiyang ingkang badhé nyabrang jurang. Ing salebeting kapitadosan Kristen, kita ngraos-raosaken salibipun Gusti Yésus Kristus mujudaken margining bedhamèn utawi pirukun. Margining bedhamèn mujudaken kreteg ingkang nyambet sesambedanipun péhak-péhak ingkang saweg sesatron/memengsahan. Kanggé mujudaken margi punika, Sang Kristus sampun karsa ngurbanaken dhirinipun. Pakaryanipun Sang Kristus punika pakaryaning pirukun. Pakaryaning pirukunipun Sang Kristus lumantar salib mujudaken `kurban sampurna. Gusti Yésus sanès tumbal /bebanten (*victim*), ananging kurban utawi pisungsung katur Gusti Allah (*sacrifice*). Tumbal punika kawontenanipun tiyang ingkang mboten gadhah pikajeng menawi dhirinipun ngalami sangsara, ananging wonten ing kanyataning gesang, piyambakipun ngraosaken kawontenan ingkang ngrekaos, nandhang sangsara ngantos dumugi tilar donya ing salebeding kawontenan tanpa daya. Déné kurban nandhang sangsara, malah saged kelampahan pejah kanthi tinalesan katresnan, suka-rila nandhang sangsara kanggé ngangkat drajat utawi gesangipun tiyang sanès. Sangsara ngantos dumugi sédanipun Gusti Yésus kelampahan amargi Panjenenganipun nglilakaken dhirinipun dados kurban pirukun. Ibrani 10:16-25 nélakaken sesambetan antawisipun kurbanipun Gusti Yésus sarta ayahaning panebusan-Ipun tumrap dosanipun jagad. Prakawis punika kelampahan amargi Gusti Allah netepi prajanjinipun dhateng umat manungsa ingkang mbetahaken kawilujengan saking Gusti Allah (Ibrani 10:16-17). Atetales prakawis punika, mila Ibrani 10:18 nélakaken amargi pangurbananipun Gusti Yésus sampun kaleksanan, mila mboten prelu malih wontenipun pisungsung kurban karana dosa. Punika tegesipun lelabetanipun Gusti Yésus sampun cepak.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Pitakènan ingkang asring kapireng wonten ing pirembagan kita inggih punika, “Saking pundi anggèn kita mangertos bilih pangurbananipun Gusti Yésus punika sampun cekap?” Kanggé mangsuli pitakènan punika, kita prelu ngraos-raosaken prastawa salib kados ingkang kaserat ing Injil Yohanes. Saking ngriku kita badhé mangertos punapa ingkang kelampahan wonten ing prastawanipun Gusti Yésus ngantos lumantar pakaryanipun Gusti Yésus, manungsa ngraosaken pakaryaning pirukunipun Gusti Allah.

Nalika Gusti Yésus dipun adili ing ngarsanipun Pontius Pilatus, dipun cariyosaken bilih Pilatus mboten manggihaken kalepatanipun Gusti Yésus (Yohanes 18:38). Ananging Pilatus mboten kuwawi ngendhalèni brangsanipun tiyang kathah ingkang sami mbengok, “Kasaliba, kasaliba!” (Yohanes 19:6), “Kasirnakna! Kasirnakna! Kasaliba!” (Yohanes 19:15). Awit saking pandhesekipun tiyang kathah, Pilatus masrahaken Gusti Yésus supados dipun salib sarta tiyang kathah punika nampèni Gusti Yésus tumunten dipun salib. Injil Yohanes nyariosaken bilih Gusti Yésus teras manggul salibipun dhateng panggénan kang aran Pacumplungan (Golgota). Ing ngriku Panjenenganipun kasalib sesarengan kaliyan durjana kalih, dumunung wonten ing sisih kiwa lan tengenipun Gusti Yésus. Wonten ing salibipun Gusti Yésus kapasang seratan ingkang isi katrangan sabab punapa Gusti Yésus kasalib. Sinaosa seratan punika nggadhahi glagat poyokan, ananging Yohanes nyukani makna énggal. Kanggénipun Yohanes, pamoyok punika mujudaken satunggaling patrap ngleresaken. Leres, Gusti Yésus punika raja. Pratélanipun Pilatus: “Apa kang wus daktulis, tetep katulis.” (Yohanes 19:12) mujudaken pratélan tumrap pakaryanipun Gusti Yésus anggènipun netepi adegipun minangka Raja. Panjenenganipun punika rajaning kaleresan ingkang pangandikan-Ipun dipun tampik déning tiyang-tiyang ingkang rumaos leres gesangipun. Raos sampun leres punika jebul dados pepalang tumrap batos kita kanggé mirengaken pawartosing kaleresan saking Gusti Allah.

Nalika prastawa salib kelampahan, Gusti Yésus èstu-èstu dipun wiring-wirangaken. Panjenenganipun dipun blèjèdi, pangagemanipun Gusti Yésus dipun dum dados sekawan pérangan. Jubahipun Gusti Yésus dipun pendhet para prajurit. Jubah punika mboten dipun dondomi. Yohanes ingkang nyerat mawi basa pralambang, njarak mapanaken pérangan wau wonten ing prastawa panyaliban. Punika sawetawis welingan ingkang asipat pralambang ing prastawa salib saking Injil Yohanes:

- Pangagem ingkang mboten dipun dondomi. Wonten ing pakulinanipun tiyang Yahudi, pangagem ingkang mboten dipun dondomi dipun agem déning imam utawi raja. Kanthi makaten, Yohanes nélakaken bilih Gusti Yésus punika èstu imam lan raja. Panjenenganipun imam ingkang nyaosaken kurban ugi raja ingkang ngasta pirukun sarta kaadilan.
- Adekipun para wanita ing sakiwa-tengenipun salib. Yohanes nélakaken kanthi wijang asmanipun sadaya wanita punika. Ing kalanganipun tiyang Yahudi, wanita asring kasebat minangka bleger ingkang ringkih, awit saking punika wanita asring dipun singkiraken. Ananging wonten ing prastawa salib, wanita mboten dipun singkiraken. Para wanita wau tetep tumemen anggènipun ndhèrèk Gusti Yésus. Para wanita punika mboten sumingkir saking ngarsanipun Gusti Yésus, sinaosa para wanita wau kedah nyipati wontenipun rodapeksa, kekuthah rah, mirengaken temung-tembung pisuhan lsp. Pralambang punika nélakaken bilih salib ngrangkul tiyang-tiyang ingkang dipun singkiraken déning masyarakat. Para wanita punika kaanggep ringkih, ananging malah kiyat awit mboten ajrih mirsani tatu, rah ingkang mili dlèwèran, mirengaken pangancamipun kekiyataning kadurakan. Pralambang ing prastawa salib dipun panggihaken ugi wonten ing pangandikanipun Gusti Yésus nalika mirsani ingkang ibu dalah murid-murid-Ipun ingkang dipun tresnani. Gusti Yésus ngandika, "Ibu, punika ingkang putra!" dhateng kang ibu, sarta ngandika dhateng murid-murid-Ipun ingkang dipun tresnani, "Lah iku ibumu!". Pangandika punika

nélakaken pangatagipun Gusti Yésus anggènipun ngénggalaken maknaning brayat. Brayat mboten namung amargi wontenipun tetangsulaning nenikahan utawi sesambedianing rah, ananging satunggaling tetangsulan awit saking sih-katresnan. Ing ngriki Gusti Yésus kados-kados mulangaken bab raosing batos brayat anyar sadaya umat manungsa. Salib ndadosaken manungsa gesang sesarengan ing salebetipun tetangsulaning brayat ageng umat manungsa.

Para Sadhèrèk,

Sédanipun Gusti Yésus dipun cariosaken déning Yohanes 19 kanthi ringkes ing ayat 28-30. Sadèrèngipun séda, Gusti Yésus ngandika, "Wus rampung!". Prakawis punika nggadhahi makna bilih jejibahan ingkang dipun sanggi Gusti Yésus sampun jangkep. Sadaya roda-peksa, kanisthan, pamitenah, lan dosa-dosa ingkang ngener dhateng pati langgeng sampun purna. Sédanipun Gusti Yésus nimbali dhateng jagad supados ngraosaken bilih sayektosipun lumantar pangurbanananipun Gusti Yésus, sampun purna sadaya wujud ing patrap nyalib ing jagad punika. Kanthi tetembungan "wus rampung", temtunipun mboten wonten malih roda-peksa dhateng sesaminipun umat manungsa, mboten wonten malih pamitenah sarta tembung-tembung pisuhan dhateng sesami. mBoten wonten malih manungsa ingkang samidéne ngrèmèhaken sesaminipun. Gusti Yésus kedah ngraosaken séda supados jagad saged katunggilaken ing salebeting pirukunipun Gusti Allah. "Wus rampung" kagungan makna bilih roda-peksa ingkang rumiyin dipun raosaken Gusti Yésus lan sadaya umat manungsa, kedah dipun kèndeli. Roda-peksa kedah kagantos kanthi sih-katresnan.

Kanggé mbuktèkaken sédanipun Gusti Yésus, para prajurit njojoh lambungipun Gusti Yésus nganggé tumbak. Prakawis punika nélakaken bilih para tiyang ingkang nindakaken roda-peksa mboten naté marem dhateng punapa ingkang kelampahan tumrap kurbanipun. Gusti Yésus dados kurban ingkang dipun patrapi kanthi mboten adil. Malah ngantos

dumugi sédanipun, lambungipun Gusti Yésus taksih dipun jojoh kanggé bukti bilih roda-peksa pinanggih ing pundi-pundi panggénan. Ananging ing suwaliking sadaya punika Injil nélakaken katetepaning pamecanipun Zakaria 12:10, "Wong-wong bakal padha nyawang Panjenengané, kang wus dijojoh." Wedharan punika dados pikekah bilih sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib sanès satunggaling kanisthan, ananging satunggaling kaluhuran.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Sumangga kita penggalih, saupami kita wonten ing sakiwatengenipun salib. Kinten-kinten, punapa ingkang raosaken? Dinten punika kita nyobi ngraosaken prakawis punika. Piweling saking salibipun Gusti Yésus inggih punika: Gusti Allah ngersakaken manungsa gesang sesarengan minangka brayat ageng umatipun Gusti Allah. Ing salebeting brayat punika, saben pribadi samidéné nresnani, mbucal sawernining tumindak rodapeksa, pamitenah, tembung-tembung reget. Minangka sesamining brayat ageng umatipun Gusti Allah, gesanga kanthi samidéné nampèni, sarta samidéné nyengkuyung. Punapa ginanipun gesang samidéné ngwonawon sarta samidéné ngloropaken? Punapa menawi kita rumaos mimpang ing salebetipun regejegan sarta rumaos saged miring-mirangaken sesami murugaken kita daos kiyat lan peng-pengan? Wangsulaniipun, mboten.


Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Menawi margining salib kasebat minangka margining pirukun, punapa kanthi margining salib punika pirukunipun Gusti Allah kanthi otomatis kababar piyambak? Salibipun Sang Kristus minangka pratikelipun Gusti Allah ngrukunaken sampun kelampahan piyambak. Saking péhak kita (manungsa) prelu wonten tanggapan. Gusti Allah sampun miji lampahing pirukun ingkang nemtokaken lumantar margining salib. Prakawis wigatos salajengipun inggih punika timbalan kanggé kita sadaya supados saya wantun nanggapi pirukunipun Gusti Allah lumantar gesang ing salebeting pamratobat saben dinten. Sih-rahmatipun Gusti Allah nggrumiyini lan nyawisaken

papan kanggé rerukunan. Sumangga kita sadaya mandeng salibipun Gusti Yésus sarta ggadhahi sedya kanggé nanggapi pirukunipun Gusti Allah, awit margining salib punika margining pirukun.

Amin.

[wsn-den]

SABTU, 20 APRIL 2019



SEBTU SEPI

Waosan 1 : Ayub 14:1-14
 Tanggapan : Jabur Masmur 31:2-5, 16-17
 Waosan 2 : 1 Pétrus 4:1-8
 Waosan Injil : Matius 27:57-66

SETU SEPI, SANÈS SETU SÈLFISH

KHOTBAH JANGKEP

Para Sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti Yésus Kristus, *Selfie* utawi *swafoto* (foto diri ingkang dipun pendhet gambaripun piyambak ngginakaken telepon kaméra) saged ugi mujudaken prakawis ingkang mbingahaken. Punapa malih ing salebetipun *selfie* punika kita sesarengan kaliyan tiyang ingkang kita tresnani. Sasampunipun *selfie*, pikiran sarta driji kita padatan lajeng ngener dhateng *sinyal wifi*. Apa kéné ana *sinyal*? Menawi wonten, mila driji kita lajeng ngintun potrèt-potrèt asilipun *selfie* dhateng *media sosial* utawi sarananing pasrawungan. Sumangga kita gatosaken sarananing pasrawungan kita ing sakupenging mangsa riyaya gréja. Wiwit dinten Rebo Awu, sawetawis dinten kapengker ngantos dumugi dinten punika. Sasampunipun nampi awu ing palarapan kita dinten Rebo Awu, *selfie* lan ndèlèhaken wonten ing sarananing pasrawungan raosipun sampun dados satunggaling kalimrahan. Sasampunipun ibadah Jumuwah Adi, sadèrèngipun Setu Sepi sarta bénjing dinten Minggu Paska, prakawis ingkang sami ugi limrah dipun tindakaken. Asilipun ing sarananing pasrawungan kita sumebar potrèt-potrèt *selfie* ing sakupenging mangsa riyaya gréja. Salah satunggaling pawadan tiyang potrèt sarta ndèlèhaken potrètipun wau ing sarananing pasrawungan inggih punika:

mumpung *dékorasi* utawi rerengganing gréja saé. Daya pangaribawanipun, lambing-lambang ingkang asipat gréja ing mangsa riyaya kécalan maknanipun amargi dipun anggep namung sadrema pajangan utawi rerenggan gedhong gréja.

Selfie béda kaliyan *selfish*. Sinaosa namung béda aksara “e” kaliyan “sh”, éwa semanten maknanipun béda sanget. Saged ugi tiyang ingkang *selfie* punika *selfish* utawi kosokwangsulipun. Ananging sinaosa saged samidéne sesambetan, *selfish* tuwin *selfie* mboten kedah dipun gandhèng-gandhèngaken. *Selfish* punika wujuding tembung ing basa Inggris ingkang kaginakaken kanggé nggambaraken watak utawi sipatipun satunggaling tiyang. Priyantun ingkang asma Thomas J. Leonard nyebataken bilih *selfish* mujudaken tembung kaanan (*kata sifat*) ingkang ngewrat prakawis ingkang ageng. Manut pamanggihipun, ing bausastra Webster tembung *selfish* dipun jarwakaken minangka “keladuk anggènipun nggatosaken dhateng gesangipun piyambak, ngrumiyinaken kawontenan sekéca sarta kabegjaning gesangipun piyambak, tanpa nggatosaken utawi kanthi ngurbanaken kawontenan sekéca sarta kabegjanipun tiyang sanès.” mBokbilih dumugi ngriki kita mundhut pirsá, “Punapa sesambetanipun Setu Sepi kaliyan *selfish*?”

Selfish punika satunggaling pandamel ingkang ngutamèkaken dhiri pribadi sarta nglirwakaken sesami. Ing salebetipun *selfish* pinanggih keladuking tresna dhateng gesangipun ngantos sadaya dipun punjeraken dhateng gesangipun piyambak sarta golonganipun. Sédanipun Gusti Yésus mulangaken dhateng kita kanggé mboten *selfish*. Sédanipun Gusti Yésus sanès kanggé Sugengipun Gusti Yésus piyambak. Sédanipun Gusti Yésus punika kanggé sadaya tiyang. Awit saking punika, dipun betahaken tanggapan ingkang trep kanggé nanggapi pakaryanipun Gusti Yésus, supados kita mboten lan sampun ngantos keblasuk dados *selfish*.

Yusuf saking Arimatéa punika muridipun Gusti Yésus, makaten ugi para wanita ingkang ndhèrèkaken Gusti Yésus

ngantos dumugi anggènipun Gusti Yésus dipun salib. Saé Yusuf saking Arimatéa punapadéné para wanita pandhèrèkipun Gusti Yésus mulangaken tanggapan ingkang trep ing salebetipun nanggapi sédanipun Gusti Yésus kanggé jagad. Pandamel ingkang langkung grengseng katindakaken kanthi kendel. Prakawis punika dipun talesi déning gerenging katresnan. Katresnan andamel tiyang-tiyang wau tumindak, medal saking sekécaning gesangipun piyambak sarta wantun ngurbanaken wekdal, daya, lan dana kanggé sesami.

Yusuf saking Arimatéa mirsani layonipun Gusti Yésus ingkang taksih dumunung ing kajeng salib. Minangka tiyang Yahudi, Yusuf saking Arimatéa mangertos saestu kadospundi patrapipun ngupakara layon manut adat tata-caranipun tiyang Yahudi. Layonipun Gusti Yésus kaanggep minangka layonipun tiyang dosa ingkang pejah amargi paukuman pati. Wonten ing Pangandharing Torèt 21:22-23 dipun télakaken bilih “Manawa ana wong nglakoni dosa kang kebener kaukum pati, sarta kelakon dipatèni, nuli kokgantung ing saka, jisimé aja nganti nginep gumantung ing saka mau, nanging poma kakubura ing dina iku uga; awitdéné wong kang kagantung iku kena ing laknaté Gusti Allah; kowé aja nganti najisaké tanah kang diparingaké Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé dadi duwèkmu.”. Kanthi adeg punika, mila Gusti Yésus kedah énggal kaandhapaken saking salib sarta dipun sarèkaken kanthi tata cara mirunggan.

nDungkap dalu, Yusuf saking Arimatéa sowan ing ngarsanipun Pilatus lan nyuwun palilah kanggé nyarèkaken Gusti Yésus. Patrapipun Yusuf saking Arimatéa anggènipun nyarèkaken Gusti Yésus nélakaken bilih Yusuf saking Arimatéa nganggep layonipun Gusti Yésus kanthi urmat. Piyambakipun ngurmati Gusti Yésus mboten namung nalikanipun Panjenenganipun taksih sugeng, ananging ugi ing salebeting sédan-Ipun. Langkung-langkung sasampunipun Gusti Yésus wungu saking séda, Yusuf saking Arimatéa dados murid ingkang tuhu setya. Ingkang pantes dipun tulat saking Yusuf punika anggènipun sumadya kanggé mboten mikiraken dhateng kabetahanipun

piyambak (*selfish*). Saupami piyambakipun badhé ngèndelaken layonipun Gusti Yésus tetep dumunung ing kajeng salib, punika mboten lepat manut pranatanipun krajan Romawi. Awit mangké badhé wonten prajurit-prajurit utawi tiyang ingkang kaparingan jejibahan nyarèkaken layon, badhé dipun utus kanggé ngandhapaken sarta nyarèkaken layonipun Gusti Yésus. Ananging mboten makaten tumrap Yusuf saking Arimatéa. Yusuf saking Arimatéa purun kangélan nyarèkaken layonipun Gusti Yésus, sinaosa damel répot, mbucal wekdal kathah, mbucal tenaga sarta bandha. Sadaya punika katindakaken kanthi dhasar katresnan dhumateng Panjenenganipun. Katresnan sanès *selfish*.

Sasampunipun Yusuf saking Arimatéa kesah nilar pasaréyanipun Gusti Yésus, Injil Matius nglajengaken kanthi cariyosipun para wanita ingkang nenggani pasaréyanipun Gusti Yésus. Para wanita wau ugi ingkang wiwit wiwitan mila ndhèrèk ngetut wingking Gusti Yésus manggul salib, tetéla lestantun panggah nenggani Gusti Yésus ngantos Panjenenganipun dipun sarèkaken. Para wanita punika nélakaken kasetyanipun ndhèrèk Gusti Yésus. Saumpami para wanita punika namung menggalihaken kawilujenganipun piyambak, para wanita wau saged kémawon nilar Gusti Yésus ing salebetipun kaarak nuju dhateng Golgota. Para wanita wau tetep setya ndhèrèkaken Gusti Yésus sarta wanton kanggé nilar raos ajrih labuh labet dhateng ingkang dipun tresnani.

Para Sadhèrèk,

Dinten punika, ing Pangibadah Setu Sepi, sumangga kita mirsani dhiri pribadi kita piyambak-piyambak. Kita kalebet *selfish*, mung mikir butuhé dhéwé? Wonten ing seratipun, Rasul Pétrus mulangaken dhateng saben pandhèrèkipun Gusti Yésus supados mbucal sadaya pepénginaning tresna dhateng geang kita piyambak kanthi kawiwitan saking sumadya ngendhalèni pepénginaning badan kadonyan. Wonten ing 1 Pétrus 4:2-3 kasebat makaten, “supaya waktu kang isih ana, aja kokanggo nuruti pepénginaning manungsa, nanging nuruta marang karsaning Allah. Jalaran wis cukup suwéné waktu

kang kokgunakaké kanggo nindakaké apa kang disenengi déning bangsa-bangsa kang ora wanuh marang Allah. Kowé wis padha urip nuruti sawarnané hawa-napsu, pepénginan, endem-endeman, andra-wina, pésta ombèn-ombènan, sarta nyembah brahala kang ora diparengaké.” Sadaya patraping hawa-napsu kelampahan margi saking keladuking tresna sanget dhateng gesangipun piyambak (*selfish*). Prakawis punika kedah dipun singkiri sarta dipun gantos kanthi patraping tresna sesami.

Guti Yésus mulangaken katresnan ingkang bènten kaliyan *selfish*. Wonten ing seratipun, Rasul Pétrus ugi ngandika bilih katresnanipun Gusti Yésus mboten namung kanggé manungsa gesang, ananging ugi kanggé sadaya tiyang, kalebet tiyang-tiyang ingkang sampun ngajal. 1 Pétrus 4:6 martosaken, “Awit iya karana iku, Injil kawartakaké marang wong-wong mati uga, supaya padha kayadéné manungsa kabèh, diadili cara kadagingané, nanging mungguh ing roh bisa urip, manut karsaning Allah.”

Para Sadhèrèk,

Gusti Yésus kanthi wetah nresnani tiyang ingkang taksih gesang punapa déné tiyang ingkang sampun pejah. Juru tafsir ingkang asmanipun William Barclay ngandika bilih sayektosipun ing antawisipun séda kaliyan wungunipun, Gusti tindak dhateng ing jagating tiyang pejah sarta ngabaraken Injil ing ngrika. Gusti Yésus sampun sinédanan minangka manungsa, ananging dipun wungokaken manut Rohipun Allah. Ing salebeting Rohipun Allah punika Gusti Yésus ngasta Kabar Kabingahan dhateng jagatipun tiyang pejah. Gusti Yésus ampun séda sarta dipun sarèkaken kadosdéné manungsa limrah. Ing kawontenan makaten, Gusti Yésus nedahaken setyanipun dhateng manungsa ingkang ringkih sarta mboten gadhah pangajeng-ajeng, supados ing tembé manungsa pikantuk pangluwaran saking Gusti Allah.

Teolog (ahli ngèlmu agami) ingkang asesilih Von Baltshasar ngaturaken bukti ingkang kiyat piyambak ngéngingi

kasetyanipun Sang Kristus ingkang mawi cara liturgi kanthi punapa ingkang kasebat wewadi utawi *misteri* ingkang dipun sukani nami “Wewadining Setu Sepi”. Setu Sepi mbten namung mujudaken tumedhkipun Gusti Yésus ingkang unggul dhateng jagating tiyang pejah, ananging ugi nélakaken kasetyanipun ingkang wetah dhateng tiyang-tiyang dosa ing salebeting pati. Sang Kristus sampun nyami-rupi sawetahipun kaliyan tiyang-tiyang dosa sarta dosa-dosanipun tiyang-tiyang punika. Sinaosa Sang Kristus mboten dosa, Panjenenganipun séda minangka tiyang dosa, dipun tilar déning Gusti Allah. Sinaosa Panjenenganipun Putranipun Allah, Gusti Yésus sumadya ngraosaken “naraka”, “inggi punika kawontenan dipun tilar babar pisan déning Ramanipun kanthi cara ingkang mboten badhé kelampahan tumrap manungsa. Ananging, awit saking sadaya kalawau, minangka tiyang ingkang “tumedhak dhateng Naraka”, Panjenenganipun dados pralambangipun Gusti Allah anggènipun mboten kersa nilar tiyang-tiyang dosa, malah ing papan ing pundi, manut kalimrahan, ing ngriku Gusti Allah mboten kersa lenggah. Ing dinten Setu Sepi, Gusti Allah mathok salib ing satengahing naraka minangka tandhaning katresnan sarta welas-ashipun Gusti Allah ingkang mboten saged dipun rembag.


Para Sadhèrèk,

Setu Sepi punika kita dipun timbali mbucal sadaya wujud ing nepsu-kadonyan, keladuking nresnani gesangipun piyambak, sarta wangsul dhateng Gusti Yésus. Kita sinau saking Yusuf saking Arimatéa sarta para wanita pandhèrèkipun Gusti Yésus ingkang ndhèrèkaken Gusti Yésus ngantos dumugi anggènipun Gusti Yésus kasalib. Tiyang-tiyang wau mbucal sadaya wujud ing *selfish* ingkang nglirwakaken sesami.

Setu Sepi, sanès Setu *selfish*! Punapa kita samekta nindakaken?

[wsn-den]

Minggu, 21 April 2019



PASKA ENJANG

Bacaan 1 : Yesaya 65:17-25
 Antar Bacaan : Mazmur 118:1-2, 14-24
 Bacaan 2 : Kisah Para Rasul 10:34-43
 Bacaan Injil : Lukas 24:1-12

NAMBUW WUNGUNIPUN GUSTI, NDHATENGAKEN DAYA GESANG

KHOTBAH JANGKEP

Sugeng Paska, para Sadhèrèk!

Nalika Bapak/Ibu/Sadhèrèk mbikak soca ing wanci enjang kalawau, punapa ingkang sepisanan panjenengan ènget lan tindakaken?

Mbokbilih wonten ing antawis kita mbatin: “Weelee... riyaya Paska kog malah ditakoni sing kaya mengkono to... Apa hubungané pitakonan iku karo Paska sih...?”

Para Sadhèrèk,

Pitakènan kula punika saèstu mbetahaken wangsulan lho ... Sumangga dipun wangsuli kanthi jujur... (Juru Khotbah ngajak pasamuwan mangsuli pitakènan kasebat)

Mboten punapa-punapa menawi wonten Ibu/Bapak, menapa malih pengantin anyar ingkang mangsuli: „Iiih... yo rahasia yo... péngin ngreti waé ...

Para Sadhèrèk ingkang dipun kasihi Gusti,

Maksud saking pitakènan-pitakènan kalawau sejatinipun ngajak para sadhèrèk sadaya ngraos-raosaken: “Punapa kita ing énjang punika sampun nambut Gusti Yésus ingkang sampun wungi? Punapa greget wungu saha kuwaosipun Gusti Yésus ingkang sampun wungu lan gesang punika sampun rumasuk wonten ing pikiran, manah saha raga kita?”

“Ho ho ho ... aku ora butuh greget kanggo gumrégah ... Lha wong kaananku ki apik-apik baé ... Brayatku kaanané iya apik-apik baé ... Aku yo ora lagi lara ... Pagawéyanku yo gangsar, ora ana masalah” mekaten mbokbilih wangsulanipun sawetawis saking kita.

Utawi para wiranèm wonten ingkang wangsulan, “Kaananku iyo apik-apik baé kog ... Aku ora lagi putus cinta ... sekolahku yo gangsar ... Aku ora butuh greget gumrégah iku”

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,
Nambut wungunipun Sang Kristus kaliyan greget ingkang wonten ing saklebetipun, saha daya wungu sarta rawhipun Sang Kristus punika sejatinipun wigatos kanggé kita raos-raosaken sadaya! Dadosa tumrapping kita ingkang wonten ing kawontenan saé punapadéné ingkang wonten ing kawontenan ingkang mboten utawi kirang saé!

Tumrapping Bapak/Ibu/Sadhèrèk ingkang ing wekdal samangké wonten ing kawontenan ingkang saé, sumangga kita sinau saha nulad saking para pawèstri ingkang sami dados seksi wungunipun Gusti. Para pawèstri kasebat sami mbagèkaken cariyos wungunipun Gusti dhumateng para murid / tiyang sanès. Nalika semanten, Malaékatipun Gusti cacah kalih ngandika dhumateng para pawèstri: “Élinga marang apa kang wus kapangandikakaké marang kowé kabèh, nalika isih ana ing tanah Galiléa.” (Lukas 24:6). Pangajakipun Malaékat kasebat nuwuhaken greget wonten ing manahipun para pawèstri, ingkang ndadosaken sami gumrégah martosaken bilih Sang Kristus sampun wungu saking séda. Bilih Sang Kristus saèstu gesang!

Wekdal samangké kita dipunajak supados ngènget-ènget pangandika saha pakaryanipun Gusti Yésus wonten ing gesang kita ingkang sampun kapengker, ingkang ndadosaken kita gumrégah saking kawontenan ingkang mboten prayogi. Inggih nalika kita nembé apes, lungkrah, lan pedhot ing pangajeng-ajeng. Ing wekdal-wekdal ingkang kados mekaten kita mbetahaken daya kekiyatan saking Gusti ingkang nglanting gesang kita.

Saben kita mesti naté gagal utawi naté tumindak klèntu utawi naté kagubet / kajiret ing kawontenan mboten aji lan rumaos lepat sanget. Ananging saben kita mesti ugi ngalami kadospundi Gusti karenan rawuh mitulungi saha nangèkaken kita, kalanting tumuju ing gesang ingkang langkung saé lumantar cara-cara manéka warni ingkang dipun agem Gusti. Tumindak ngènget-ènget kados mekaten mboten namung badhé ngiyataken iman kapitadosan kita ananging ugi saged dados berkah tumrap tiyang-tiyang ingkang mirengaken paseksi kita. Pramila, sumangga kita ngènget-ènget saha mbagèkaken paseksi kasebat dhumateng tiyang sanès ingkang mbetahaken. Supados kathah tiyang sami saged dipun kiyataken, pikantuk panglipur saha inspirasi / gagasan ingkang saé saking punapa ingkang kita bagèkaken. Mugi kanthi mekaten, kathah tiyang sami tangi gumrégah saking kawontenanipun ingkang mboten saé tumuju dhumateng gesang anyar ingkang ndhatengaken daya gesang.

Kejawi punika, saksampunipun wangsul saking pangibadah samangké, sumangga kita ugi mbagèkaken dhateng para putra, wayah, kanca, tiyangsepuh kita lan sok sintena ingkang kita prangguli paseksi ngèngingi Gusti ingkang sampun paring greget utawi nangèkaken kita. Mbokbilih tiyang-tiyang kasebat nembé kepetek ing prekawis, nembe semplah, nglokro lan pedhot ing pangajeng-ajeng. Paseksi bab sih katresnan saha pakaryanipun Gusti padatanipun saged ngiyataken iman kapitadosanipun tiyang sanès saha asung inspirasi / gagasan kanggé jumangkah tumuju ing gesang ingkang saé. Inkang wigatos, ingkang prelu kita èndhani inggih punika sampun

ngantos paseksi kasebat dados sarana kita nunjulaken dhiri. Ingkang prelu kita tunjulaken inggih naming Gusti kémawon, ingkang sampun makarya wonten ing gesang kita. Sesarengan kaliyan Sang Juru Masmur, sumangga wonten ing paseksi kita kasebat kita tansah pratéla “Pangéran Yéhuwah iku dadi karosanku lan masmurku, Panjenengané wus dadi karaharjanku ... Astané tengen Sang Yéhuwah nindakaké kaprawiran. Astané tengen Sang Yéhuwah bisa njunjung; Astané tengen Sang Yéhuwah nindakaké kaprawiran! Aku bakal ora mati, nanging urip lan aku bakal nyaritakaké pakaryaning Sang pakaryaning Sang Yéhuwah.” (Mzm. 14-17; 22-23).

Kejawi punika, sumangga kita sinau ugi saking Rasul Pétrus. Sanadiyan piyambakipun gagal mujudaken prasetyanipun kepéngin dados murid ingkang setyo (kaping tiga nyélaki Gusti Yésus), ananging bab kasebat mboten ndadosaken ajrih lan kendho anggènipun nélakaken katresnanipun dhumateng Gusti. Piyambakipun ugi tetep mbangun sesambetan kaliyan Sang Kristus Gurunipun. Rasul Pétrus tetep wantun nyelaki Gusti Yésus ingkang dipun wartosaken sampun wungu kasebat. Ingkang sampun naté dipun damel kuwica déning piyambakipun. Sanadiyan mbokbilih pambudidaya kasebat ugi sinarengan raos ajrih lan mangu-mangu ingkang sinelib ing manahipun. Ananging sadaya punika ingkang ndadosaken piyambakipun saged ngalami éwah-éwahan.

Saking cariyos wungunipun Gusti Yésus kasebat, Pétrus dados murid jaler ingkang sepisanan, saksampunipun para pawèstri, nanggapi pawartos wungunipun Gusti. Murid saha para sadhèrèk sanèsipun malah mangu-mangu, mboten pitados dhateng pawartos kasebat.

Tanggapanipun Pétrus kasebat temtu mboten tuwuh mekaten kémawon. Punika tuwuh awit sesambetan ingkang lebet saha katresnanipun dhumateng Gusti Yésus. Pétrus mboten namung gesang sesarengan kaliyan Gusti Yésus, ananging ugi ngrékam / nyathet pangandika-pangandikanipun Gusti saha

prastawa-prastawa ingkang dipun alami sesarengan kaliyan Sang Kristus. Rékaman kasebat tuwuh malih sacara otomatis nalika para pawèstri nyariyosaken punapa ingkang dipun ngendikakaken déning malaékat supados sami ènget dhateng punapa ingkang sampun naté dipun ngendikakaken Sang Guru (Lukas 24:6). Sedaya punika ingkang mbereg Pétrus lajeng menyat késah dhateng pasaréanipun Sang Kristus.

Pétrus ingkang naté tumindak lepat saha gagal kasebat tundhanipun dados tiyang ingkang santosa wonten ing iman kapitadosan saha wonten ing pakaryan pekabaran Injil. Sanès tiyang ingkang kawon, ingkang purun kajiret déning raos manah lepat lan raos gagal ing mangsa kapengker. Rasul Pétrus mboten dados “watu ingkang dipun bucal déning juru yasa omah!” (Masmur 118:22). Ananging piyambakipun dados uger-ugering padon Pekabaran Injil. Inggih Injil ingkang ndhatengaken gesang kanggé sinten kémawon, ugi kanggé sadaya titah! Salah satunggilipun kaparingaken dhateng Kornélius lan brayatipun.

Sumangga kita ngriyayakaken dinten Paska punika kanthi nambut wungunipun Gusti. Inggih punika kanthi nampi saha nanggapi prastawa wungunipun Sang Kristus kasebat. Nampi, pitados, saha nanggapi Sang Kristus ingkang sampun wungu, gesang lan kagungan panguwaos! Nampi saha nanggapi ing salebeting iman kapitadosan ingkang nguwohaken tumindak, sikep saha pakaryan-pakaryan ingkang ndhatengaken gesang, sanès ndhatengaken pejah. Upaminipun ingkang awujud nyebar semangat/gregeting gesang, nyebar ingkang positip, nebihi pitenah, mboten ngujar raos sengit, saha nilar kabiyanan ngecap awon tiyang sanès, nglanting tiyang sanès ingkang nembé „dhawah“, lsp. Gusti mugi mitulungi kita supados kuwawi ndhatengaken gesang ingkang sampun kaparingaken dhateng kita wonten ing wungunipun. Amin.

[mh]

MINGGU, 21 APRIL 2019



PASKA SONTEN

Waosan 1 : Yésaya 25:6-9
 Tanggapan : Jabur Masmur 114
 Waosan 2 : 1 Korintus 5:6-8
 Waosan Injil : Lukas 24:13-49

MEMITRAN INKGANG NYANTOSAKAKEN

Khotbah Jangkep

Wilujeng nikmati kabingahaning Paska, para sadhèrèk. Ing dinten punika ugi kita ngriyayakaken dinten Kartini. Prakawis kalih ingkang katingalipun mboten wonten sesambetanipun. Nanging, wonten ing prakawis kalih ingkang kita pahargya punika, kita manggihaken gegayutanipun. Kartini lan Paska sami-sami nglabuhi nasibipun tiyang-tiyang ingkang dipun singkiraken, golongan pinggiran, kawula alit/wong cilik.

Sumangga kita pirsani sakeplasan tandangipun R.A. Kartini. R.A. Kartini lair 21 April 1879 ing Rembang, Jawi Tengah. R.A. Kartini gesang ing salebetipun tindak pilih-sih tumrap wanita. Malah piyambakipun ugi ngraosaken saiba kirang ajinipun wanita. Kang ramanipun R.M. Sosroningrat kedah ningkah malih kaliyan wanita ningrat menawi kepéngin dados Bupati. Ibutipun Kartini, M.A. Ngasirah punika kawula limrah, sanès priyayi luhur. Amargi adegipun, biyungipun menawi ngaturi putra-putranipun “bendara” sarta lampah dhodhok menawi kaleres nglangkungi ing sangajenging putra-putranipun. Begjanipun Kartini dipun parengaken sekolah ing ELS (*Europeesche Lagere School*) ngantos yuswa 12 taun ingkang ndamel saged ngginakaken basa Welandi sarta gadhah kanca tiyang-tiyang Welandi.

Nalika umur 12 taun, jumbuh kaliyan adat tata cara nalika samanten, Kartini dipun pingit. Salajengipun Kartini dipun jodhokaken déning tiyang sepuhipun kaliyan bupati Rembang, K.R.M. Adipati Ario Singgih Djojo Adhiningrat, ingkang sampun ningkah. Begjanipun ugi sémahipun nyengkuyung dhateng pepénginanipun Kartini, ngedegaken sekolah kanggé para wanita ing Rembang. Kartini séda ing yuswa 25 taun ing tanggal 17 September 1904, sawetawis dinten sasampunipun nglairaken putranipun ingkang kaparingan asma Soesalit Djojoadhiningrat.

Gagasanipun Kartini dipun panggihaken lumantar kirim-kiriman serat dhateng kanca-kancanipun sadangunipun sekawan taun. Serat-seratanipun Kartini ngewrat gagasan ingkang jembar ngéngingi sawernining prakawis, kadasta pamulangan, kasarasan, kemlaratan, agami, kalebet ugi tindak pilih-sih dhateng wanita. Gagasanipun Kartini ingkang nyantosakaken golongan ingkang dipun singkiraken, mirunganipun wanita, ketingal wonten ing kempalan serat-seratipun ingkang salajengipun kawedalaken kanthi jejer *Habis Gelap Terbitlah Terang*.

Th. Sumartana, téolog (ahli ngèlmu agami) ingkang kathah anggènipun lelumban ing babagan *dialog lintas iman* (pangandikanipun priyantun saking mawarni-warni agami/kapitadosan), nglebetaken geguletaning manahipun Kartini ing salah satunggaling bab ing *disertasinipun* (seratan ingkang asipat ngèlmu kanggé nggayuh sesebatan *doctor*) ingkang jejeripun: *Mission at the Crossroads* (kawedalaken déning BPK Gunung Mulia, 1991). Inggang nengsemaken, tumindak nyingkiraken wanita, kanggénipun Kartini, dipun tindakaken ugi wonten ing wucalan agami. Kanthi basa dakik-dakik anggènipun nyaruwé, Kartini nyerat: “Agami kedah njagi kita saking dosa, ananging iba kathahipun dosa sampun dipun tindakaken mawi asma agami.” Th. Sumartono methik pangandikanipun Kartini gegayutan kaliyan *poligami* (wong lanang kena duwé bojo luwih saka siji) ingkang makaten: “Piwulang Agami Islam maringi kalodhangan tiyang jaler

ningkah kaliyan sekawan wanita ing wekdal ingkang sami.” Kanggènipun Kartini, bab punika satunggaling dosa. Aturipun Kartini malih: “Kula badhé tetep nganggep prakawis punika dosa. Dosa punika damel sakitipun titah sanèsipun, manungsa utawi kéwan. Punapa panjenengan menggalihaken iba anggènipun kasiksa satunggaling wanita ingkang mangertos menawi garwanipun mbekta wanita sanèsipun, sarta panjenengan kedah ngakeni wanita punika minangka sisihanipun ingkang sah? Sedayanipun kanggé para priya, punika ukum sarta piwulang kawula.”

Punapa ingkang dipun tindakaken Kartini, nyantosakaken kawula alit, punika tuladha ingkang dipun tindakaken déning Gusti Yésus. Gutu Yésus rawuh minangka mitra ingkang nyantosakaken. Ibu Térésa, dipun ilhami déning Matius 25:31-46, nggambaraken Gusti Yésus sesarengan kaliyan sarta dados mitranipun tiyang-tiyang ingkang nandhang sangsara. Ibu Térésa nyerat makaten:

... Gusti Yésus punika tiyang kerapan – mila kedah dipun aturi dhahar.

Gusti Yésus punika tiyang kasatan – mila kedah dipun aturi ingkang kagem ngunjuk.

Gusti Yésus punika tiyang kelukaran – mila kedah dipun aturi ageman.

Gusti Yésus punika tiyang neneka – mila kedah dipun aturi palereban.

Gusti Yésus punika tiyang sakit – mila kedah dipun sarasaken.

Gusti Yésus punika tiyang kasepèn – mila kedah dipun tresnani.

Gusti Yésus punika tiyang ingkang dipun sébrataken – mila kedah dipun gatosaken.

Gusti Yésus punika tiyang sakit budhug (léprah) – mila tatunipun kedah dipun wasuh.

Gusti Yésus punika tiyang ingkang dhemen mendem – mila kedah dipun pirengaken.

Gusti Yésus punika tiyang ingkang keganggu jiwaipun – mila kedah dipun ayomi.
 Gusti Yésus punika laré alit – mila kedah dipun rangkul.
 Gusti Yésus punika tiyang wuta – mila kedah dipun tuntun.
 Gusti Yésus punika tiyang bisu – mila kedah dipun biyantu ngandika.
 Gusti Yésus punika tiyang lumpuh – mila kedah dipun biyantu mlampah.
 Gusti Yésus punika tiyang ingkang dhemen candu ngantos mboten émut – mila kedah dipun kancani

Cariyos wungunipun Gusti Yésus punika cariyos memitran ingkang nyantosakaken tiyang-tiyang ingkang wonten ing pinggir. Wonten ing Injil Lukas 24:13-49, dipun cariyosaken anggènipun tiyang kalih muridipun Gusti Yésus mlampah wangsul, ingkang sampun rumaos mboten wonten pangajeng-ajeng malih anggènipun ndhèrèk Gusti Yésus. Gusti Yésus sampun séda. Tiyang kalih muridipun Gusti Yésus punika naminipun Kléopas lan kancanipun. Kénging punapa namining kancanipun Kléopas mboten dipun sebat? Juru nganggiti Injil Lukas kados-kados ngajak dhateng para tiyang ingkang maos injilipun supados mapanaken dhiri nunggil kaliyan tiyang ingkang mlampah sareng kaliyan Kléopas. Dados, kita maosipun kanthi ukara: Kléopas lan kula, Kléopas lan tiyang-tiyang ingkang dipun singkiraken, Kléopas lan tiyang-tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng, sarta kathah malih sanèsipun.

Wonten ing waosan Injil dinten punika kita manggihaken asma Kléopas ingkang dumadakan mecungul sarta mlebet dhateng cariyosipun para muridipun Gusti Yésus. Sadèrèngipun mboten naté wonten asma Kléopas dipun sebat. Asma ingkang mèmper wonten ing Yohanes 19:25, ingkang nyerat asma Klopas. mBoten mangertos, punapa wonten sesambet antawisipun Kléopas kaliyan Klopas. Inkang temtu, kanthi gamblang Injil Lukas nyebat bilih Kléopas lan kancanipun punika “wong loro, panunggalané para murid,” (Lukas 24:13). Pancèn Lukas naté nyariosaken wontenipun

murid sanèsipun cacah pitung dasa (Lukas 10:1). Punapa Kléopas lan kancanipun wau kalebet ing murid sanèsipun ingkang cacah pitung dasa? Kita mboten mangertos, awit pancèn mboten dipun cariyosaken ing Kitab Suci. Kita saged mastani bilih Kléopas lan kancanipun punika pancèn muridipun Gusti Yésus, ananging murid ingkang mboten kondhang. Murid pinggiran. Kléopas lan kancanipun kasilep ing asma-asma misuwur kadasta Pétrus, Yohanes, sarta sanèsipun.

Ingang nengsemaken, malah dhateng tiyang pinggiran kalih punika Gusti Yésus karsa rawuh. Gusti Yésus karsa rawuh nyelaki lan nyarengi lampahipun tiyang kalih muridipun punika kanthi gregeting memitran. Gregeting memitran punika kawiwitan saking rawuhipun Gusti Yésus rawuh dadakan ngempal dados satunggal saha nyarengi lampahipun murid kalih wau (Lukas 24:15). Satunggaling tiyang ingkang kagungan greget memitran, kanthi grengseng nyambet kanthi rumaket sesambetan kaliyan sinten kémawon.

Gregeting memitran ugi dipun télakaken lumantar pirembagan ingkang mboten ngguroni, punapa malih mojokaken. Angeting memitran punika ndamel murid kalih wau wantun ngluntakaken raosing manahipun, “..... Mangka kula sadaya kala rumiyin sami gadhah pangajeng-ajeng, inggih Panjenenganipun punika ingkang rawuh badhé ngluwari bangsa Israèl” (Lukas 24:21). Malah nalika ndungkap pepisahan, murid kalih wau kanthi awrat mboten kepéngin ngèndeli lampahing memitran punika. Injil Lukas kanthi nrenyuhaken manah nyerat makaten, ‘..... Nanging dicandhet déning wong-wong mau, unjuké, "Kula aturi pinarak wonten ing griya kula, awit sampun badhé dalu, surya sampun serap." Panjenengané iya banjur lumebet karo wong-wong mau.’ (Lukas 24:29). Nalikanipun badhé dhahar sesarengan ing griyanipun murid kalih wau, murid kalih wau saweg mangertos menawi ingkang nyarengi lampahipun punika Gusti Yésus ingkang sampun wungu saking séda. Murid kalih wau ugi ngakeni saiba manahipun tiyang kalih wau mangah-

mangah nalikanipun sami wawan pangandikan kaliyan Gusti Yésus (Lukas 24:32). Kanggénipun murid kalih wau, lelampahan punika lelampahan ingkang ngluwari. Sinaosa murid kalih punika sanès sinten-sinten. Namung tiyang pinggir, ananging Gusti Yésus sumadya rawuh minangka pribadi kagem murid kalih wau.

Salajengipun Lukas nyariosaken, murid kalih wangsul dhateng Yérusalèm kanggé martosaken wungunipun Gusti Yésus. Murid kalih dados juru warta Paska dhateng murid sewelas sanèsipun (Lukas 24:33). Kléopas sarta mitranipun dados puser, sanès pusering panguwaos ananging pusering pawartos. Kléopas lan mitranipun nyariosaken kadospundi pengalaman lumampah ingkang nyantosakaken (Lukas 24:35). Nalika tiyang kalih wau sami reraosan, Gusti Yésus dumadakan rawuh sarta ngandika "Tentrem-rahayu anaa ing kowé kabèh." (Lukas 24:36). Dhatengipun Kléopas lan mitranipun kados-kados nyawisaken tumrap karawuhanipun Gusti Yésus wonten ing tengah-tengahipun gesanging murid-muridipun Gusti Yésus. Kléopas lan mitranipun dipun santosakaken supados dados sadhèrèk ingkang nyantosakaken.

Punapa cariyos Paska mboten nyantosakaken kita? Kita ingkang winengku déning dosa, sampun dipun luwari déning Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda. Punapa gesang kita sampun nyantosakaken sesami kita? Punapa tiyang-tiyang ingkang pinanggih kaliyan kita mirsani grengsenging gesang kita ingkang nyantosakaken, ingkang mijil saking gesang kita? Wilujeng dados sadhèrèk ingkang nyantosakaken. Amin.

[asp-den]


Tata Panembah



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**



REBO, 6 MARET 2019



REBO AWU

AWU KANG GUMRÉGAH JENGGÈLÈK: PAUGERAN UTAWI PRAKAWIS INGKANG SAGED DIPUN TIRU?

Ibadah Rebo Awu katindakaken kanthi *dekorasi* gedhong gréja ingkang remeng-remeng saking gebyaring urubipun lilin ing sakiwa-tengenipun altar. Menawi saged, mboten ngagem mimbar ageng.

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

U : Umat/warganing pasamuwan

P/D : Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

L : Lèktor

JT : Juru Tutur utawi *Narator*

UW : Umat Wanita

UP : Umat Priya

PACAWISAN

- *Juru musig kanthi rengeng-rengeng ngungelaken lelagon tanpa nyanyian watawis 15 menit sadèrèngipun pangibadah kawiwitan.*
- *Umat mlebet dhateng papan pangibadah kanthi ening ing swasana pandonga.*

HÉ AWU, RUNGOKNA!

(suwanten “*thing*” saking *triangle* utawi *séndhok/porok* ingkang dipun *thinthing*)

JT : (*thing*) Para sedhèrèk, kita punika asalipun saking lebu.

U : **Inggih, kula lebu.**

- JT : (*thing*) Para sedhèrèk, sesami kita ugi lebu.
 U : **Inggih, panjenengan ugi lebu.**
 JT : (*thing*) Para sedhèrèk, saking lebu badhé dados lebu.
 U : **Inggih, kula sadaya lebu.**
 JT : (*thing*) Para sedhèrèk, wiwitanipun lebu badhé tetep dados lebu
 U : **Inggih, piyambakipun lebu.**
 JT : (*thing*) Lebu sumawur, angreridhu mripat.
 (*thing*) Lebu sumawur, ngribedi ambegan.
 (*thing*) Lebu sumawur, natoni sarta mboten migunani.

----- *ening sawetawis* -----

----- *umat jumeneng* ----

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 48:1*)

KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

- 1) Gusti angantya sira wong dosa.
 Aruming swara nimbali sira.
 Nyuwuna luwar lan pangapura!
 Mareka, saosna ati nira!
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

VOTUM

- PS : Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti Allah Tritunggal
 U : **Ing Sang Rama, lebu tansah karimat**
Ing Sang Kristus, lebu tansah kaangkat
Ing Sang Roh Suci, lebu tansah kalipur

SALAM

PS : Gusti Allah nunggila ing panjenengan, para lebu!
 U : **Nunggila ing panjenengan ugi, hé lebu!**

----- *umat lenggah* -----

LEBU KOK UMUK/GUMEDHÉ

JT : *(thing)* Lebu kok umuk!
 Punapa ingkang dipun unggulaken?
 U : **Kathah, kula rumaos onjo.**
Kula rumaos kiyat.
 JT : *(thing)* Heeeem punapa ingkang kiyat? Punapa
 ingkang dipun agul-agulaken?
 U : **Kasugihan kula.**
Kalenggahan kula.
Drajad kula.
 JT : *(thing)* Nalika séda, sadaya punika sirna.
 Sadaya wangsul dhateng siti ingkang dados asalipun.
 Sadaya muspra tanpa tanja.
 Punapa malih ingkang badhé panjenengan umukaken?
 U : **Kasucèn kula**
Kamursidan kula
Kasetyan kula
 JT : *(thing) (thing) (thing)* Umuk!!!!
 Sumingkira hé lebu!
 Sirnaa hé lebu!
 P/D : *(sesarengan ngidungaken KPJ 48:2)*

KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.
 Nyata gampang lamun liniwatan.
 Nging sira tan nduga tan uninga!
 yéku tan anjog mring nagri baka!
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!

Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

- JT : *(thing)* ingkang ngédab-édabi punika sanès panjenengan.
 Ingkang ngédab-édabi punika Gusti Allah panjenengan!
 Gusti Allah punika ingkang nyebuli ambekaning gesang.
 Gusti Allah punika ingkang akarya kita, kang kinarya lebuning bumi.
- U : **Kula lebu! Panjenengan lebu!**
Kula sadaya awu! Piyambakipun awu!
- JT : *(thing)* *(thing)* Ampun umuk!
 Ampun kumenthus!
 Ampun gumedhé!
 Sowana dhateng ngarsanipun Gusti Allah!
- U : *(imbal-imbalan ngidungaken KPJ 48:3)*

KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Umat Priya

3) Nging marga kang anjog ing kabegjan.

Umat Wanita

ciyut, angèl kalamun dèn ambah.

Umat Priya

Kang mangkono datan kauningan!

Umat Wanita

mangka iku margining Yéhuwah.

Sesarengan

Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

PALADOSAN SABDA

- (Pandonga Épiklése déning PS)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan:

L : (*maos Yoèl 2:1-2, 12-17*)

Makaten sabdanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

L : (*maos Jabur Masmur 51:3-19, saged gentosan kaliyan umat satunggal ayat-satunggal ayat*)

Waosan Kaping Kalih:

L : (*maos 2 Korintus 5:20 – 6:10*)

Makaten sabdanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil:

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus kapethik saking **Matius 6:1-6, 16-21.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika para sadhèrèk ingkang mirengaken sarta nggatosaken Pangandikanipun Gusti. Hosiana!

U : (*ngidungaken*) **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

- Khotbah
- Wekdal Ening

LEBU-LEBU INKANG PASRAH SUMARAH

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 160:1-3*)

KPJ 160 GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

Do = D 3/4

- 1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula, sumangga Paduka agem kawula kagunganta.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

- 2) Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti;
mila kawula kumenadel pasrah kang trusing ati.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,
kagema dados lantaran babaring kabingahan.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

LEBU, SAMI MRATOBATA!

PS : Sumaraha dhateng ngarsanipun Allah,
Caosa sokur awit saking katresnanipun Allah,
Tumungkula wonten ing ngarsanipun Allah,
Temtu katentreman saking Allah, badhé tansah
rumentah.

JT : Anggèn panjenengan netepi agami, mboten karana
girising manah panjenengan,
Ugi mboten karana kuwuring budi dhateng naraka
ingkang badhé ndhatengi panjenengan,
Ugi mBoten karana kangening gesang dhateng
kanikmataning swarga panjenengan,
Ananging amargi saking atur panuwun sokur dhateng
Allah panjenengan.

PS : Bandha panjenengan mboten ndadosaken panjenengan
lumintu
Kalenggahan panjenengan sanès jatining gesang satuhu
Panguwaos ingkang panjenengan ampil namung semu
Amargi panjenengan punika lebu lan awu.

JT : Sadaya lebu, sadaya awu
Sadaya sami ing ngarsa Dalem Gustiku
mBoten perlu dipun singget
mBoten kedah ngumpet.

- PS : Ngudia dados tuladha
 Nunggila mangun pirukun
 Sarenga ngrengkuh kraharjan
 Dadosa atur panuwun
- U : **Kula lebu, panjenengan lebu**
Piyambakipun lebu, kawula lebu
Sadaya lebu
Namung dhateng Paduka Gusti, enering
pandulu

LEBU SUMARAH, LEBU MANEMBAH

- *Pandhita utawi Pamedhar Sabda jumeneng ing ngajeng mimbar, umat satunggal mbaka satunggal maju mangajeng, Pandhita utawi Pamedhar Sabda ngosèri awu kanthi tandha salib lan ngandika: “Hé lebu, Mratobata!”.*
- *Sasampunipun dipun osèri awu, umat kasuwun ngaturaken pisungsung ing papan ingkang sampun kacawisaken.*
- *Sasampunipun ngaturaken pisungsung, umat kasuwun sami ening lan ndedonga piyambak-piyambak, sarta ngaturaken kesagahan ngayahi timbalanipun Gusti ing gesang padintenan.*

----- umat jumeneng -----

PENGAKEN PITADOS

- P/D : Para sadhèrèk, kanthi jumeneng sarta nyèlèhaken asta tengen kita wonten ing jaja siih kiwa, kita télakaken pangakening pitados kita atetales Pangaken Pitados Rasuli makaten

----- umat lenggah -----

PANDONGA SAFAAT

(katuntun déning PS, kapungkasan kanthi Donga Rama Kawula)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

U : *(sesarengan ngidungaken KPJ 159:1-5)*

KPJ 159 GESANG KAWULA

Do=G 4/4

- 1) Gesang kawula, Gusti, lumados mring Paduka,
Saben kula makarti, Paduka kang makarya.
- 2) Mobah-mosiking driya wah pangangkah kawula,
mrih prayogining lampah, mbabarna karsèng Allah.
- 3) Kedaling ilat kula, solah-bawa trapsila,
namung tansah nélakna saguning sih Paduka
- 4) Bandha lan kasagedan katur minangka kurban,
cihnaning pangabekti sinaosken mring Gusti.
- 5) Gesang ing sawetahnya Paduka kang kagungan.
Gusti jumeneng raja ngantos dugèng wekasan.

PS : Mandenga Gusti Allah!

U : **Kawula badhé mandeng Katresnanipun Allah.**

PS : Mandenga jagad!


U : **Kawula badhé gesang rukun ing jagad punika.**

PS : “Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

U : *(ngidungaken)* **Hosiana** (5x), **Amin** (3x)

[ba-den]

Minggu, 10 Maret 2019



SETYA ING SALEBETING PACOBÈN

PRA PASKA 1

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Psw: Pasamuwan

Prdt: Pradata –Pinisepuh/Dhiaken

N: Narator

L: Lèktor

PACAWISAN

- *Pandong a pacawisan pangibadah*
- *Wekdal ening pribadi*
- *Pamaosing pawartos pasamuwan*
- *Panyumeding lilin Minggu Pra Paska I*

MAKEMPAL

Prdt: Minggu Pra-Paska I punika wekdal kanggé ngraosaken pakaryan sihipun Gusti kanthi langkung lebet. Kita ngèngeti dhateng sihipun Gusti salebeting kasangsarani-Pun. Kanthi nyawiji wonten ing manah, sumangga kita makempal sowan ing ngarsanipun Gusti lumebet ing pangibadah Minggu Pra-Paska I punika sarana angidungaken:

KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

(Para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah)

Hé, sarupaning praumat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.

Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia

VOTUM

PS : Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang tansah setya lan mboten naté nilar pakaryaning astani-Pun.

Psw: (ngidungaken) AMIN, AMIN, AMIN.

SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

Psw: WONTEN ING PANJENENGAN UGI.

▪ *Pasamuwan lenggah*

PAMBUKA

PS : Kanggé nglampahi gesang, mboten cekap namung dipun betahaken padamelan, paladosan, kapinteran lan ketrampilan, nanging inggih kakiyataning manah, supados kita tetep tanggon ing salebeting pacobèn. Kakiyataning manah wau dipun darbèni nalika tiyang tumemen anggènipun pitados lan gesang wonten ing pambangun-turut dhumateng Gusti. Sumangga kita muji sokur karana kakiyatan ingkang tansah dipun paringaken déning Gusti dhateng kita sadaya. Sumangga kita luhuraken Gusti akanthi kidung **KPJ 14:1, 2, 3 KULA SAMYA TETUNGGILAN**

Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan

Reff.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.

Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat,
ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat. *Ref...*

Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah. *Ref.*

PANGAKENING DOSA

Prdt: Minangka jejerling manungsa, manah kita gampil
kagodha supados mboten setya dhumateng Gusti. Kita
langkung remen nggega dhateng pikajeng kita
piyambak. Awit saking punika sumangga kita nyuwun
pangapunten saking Gusti.

*(Pasamuwan ngidungaken KPJ 44:1, 2, 3 AKU WONG
KANG DOSA)*

Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.

Reff.:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.

Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ing kang saged ngluwari kawula saking dosa.

Reff: ...

Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.

Reff: ...

▪ *pasamuwan jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: “Lan Sang Kristus wus nglampahi séda kanggo wong
kabèh, supaya wong kang padha urip, uripé ora lumadi
marang awake dhéwé manèh, nanging lumadia marang
kang wus séda lan kang wus kawungokaké marga saka
wong-wong mau. Lan kabèh mau pinangkané saka
Gusti Allah, kang lumantar Sang Kristus wus
ngrukunaké kita kalawan Panjenengané lan kang wus

masrahaké ayahan karukunan iku marang aku kabèh.”
(2 Kor. 5:15,18).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

PS: Kadosdéné Gusti sampun ngrukunaken kita kaliyan sarirani-Pun, sumangga kita sami rukun satunggal lan satunggalipun.

Psw: TENTREM RAHAYUNIPUN GUSTI NUNGGIL ING KITA

- *Pasamuwan samidéné sesalaman kanthi ngucapaken “Tentrem rahayu nunggil ing panjenengan.”*
- *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 32: 1, 2** **SWAWI SAMI MUJI ALLAH**

Swawi sami muji Allah, Pangéran, Mahawlas.

Kang tansah nglubèrken berkah, Pangéran Mahawlas.

Rinten dalu datan kendhat, tansah njangkung mring pra umat.

Swawi muji Kang murbèng rat, Pangéran Mahawlas

Tan males dosa duraka, Pangéran Mahawlas.

Nging ngegunken sih-apura, Pangéran Mahawlas.

Ngantos kang Putra kinasih kinurbanaken sinalib.

Swawi muji kanthi bingah, Pangéran Mahawlas.

- *pasamuwan lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI

- PANDONGA ÉPIKLESE (DÉNING PS)

- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan sepisan

L: (maosaken **Pangandharing Torèt 26:1-11**)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Tanggapan

L: Maosaken (utawi ngidungaken) **Mazmur 91:1-2, 9-16** sacara gentosan kaliyan pasamuwan.

Waosan kaping kalih

L: (Maosaken **Rum 10:8b-13**)
 Makaten pangandikanipun Gusti!
 Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Waosan Injil

PS: Waosan Injilipun Gusti Yésus Kristus kawaos saking **Lukas 4:1-13**.
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun èstokaken. Hosiana!
 Psw: (*ngidungaken*) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

▪ *pasamuwan jumeneng***PANGAKEN PITADOS**

Prdt: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sadaya abad lan panggènan, sumangga kita mratélakaken Sahadat kita sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli...

▪ *pasamuwan lenggah***PANDONGA SAFAAT**

(*Kaladosaken déning sawetawis sadhèrèk ingkang sampun kasamektakaken, lan kapungkasan déning PS*)

PISUNGSUNG

Prdt: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti, kanthi kebak ing panuwun sumangga kita aturaken pisungsung ingkang sampun kasamektakaken kanthi ngèngeti pangandikanipun Gusti ing 1 Babad 29: 11-13, ingkang makaten, “Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang kagungan kaluhuran saha kaprawiran, kamulyan,

kaunggulan tuwin kaagungan, malah samukawis ingkang wonten ing swarga lan ing bumi! Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang kagungan Karajan saha Paduka ingkang jumeneng Sesirah ingkang luhur piyambak nglangkungi ing samudayanipun. Amargi kasugihan saha kamulyan punika pinangkanipun saking Paduka saha Paduka ingkang nguwaosi samukawis; kakiyatan saha kaunggulan punika wonten ing asta Paduka; Paduka ingkang ngasta panguwaos ngagengaken saha nyantosakaken samukawis sadaya. Sapunika, dhuh Allah kawula, kawula sadaya sami ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka saha sami ngluhuraken asma Paduka ingkang agung punika.”

- *Pasamuwan ngaturaken pisungsung kanthi memuji kidung* **KPJ 89: 1, 2 PUJI KONJUK ALLAH**

Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;
ing rintén dalah ratri tansah ngganjar berkah;
tyang mursid dalah mursal tan badhé ketriwal

Puji lan panuwun mring Hyang Maagung;
ngganjar berkah mirungan
mring tyang kang pracaya;
yéku kawilujengan lan tentrem-rahaja.

- *pasamuwan jumeneng, Prdt ngunjukaken pandonga pisungsung kapungkasan sarana Donga Rama Kawula*

PANGUTUSAN LAN BERKAH

Pasamuwan ngidungaken **KPJ 59:1, 2 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH**

Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresnanira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki

Reff.:

Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!

Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.

Pasrah maring Allah srana pracaya

margining waluya tentrem raharja.

Pinuji slaminya Allah Matresna,

kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,

nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,

mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Reff.: ...

PS: Tansaha mbangun-turut lan setya dhumateng Gusti
sanadyan ing salebeting pacobèn lan dados seksinipun
Gusti ing pundia papan!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI! KAWULA SUMADYA
DADOS SEKSINIPUN

PS: Sapunika eneraken manah panjenengan dhumateng
Gusti lan nampènana berkahi-Pun:

Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng (kita)
panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan;
Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning
wadanipun dhateng (kita) panjenengan lan
maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah
nungkulaken wadanipun dhateng (kita)
panjenengan lan maringi tentrem rahayu.

Psw: AMIN


Pasamuwan ngidungaken **KPJ 169: 1 LAMUN KAWULA**

Lamun kawula, dhuh Rama, darbé atur panyuwun,
mugi kula nggih sageda nrimah sakarsanipun.

Lir pandonganipun Gusti, "Ywa pikajeng kawula,
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna."

[kr/tk]

Minggu, 17 Maret 2019

**PRA PASKA 2**

NDHÈRÈK GUSTI YÉsus ING MARGI KASANGSARAN LAN NGASORAKEN DHIRI

Katrangan:

Prdt: Pradataning Pasamuwan; L: Lèktor;
Psmw: Pasamuwan; PS: Pelados Sabda

CECAWIS

- LONCÈNG KAPISAN :
PASAMUWAN NGAWONTENAKEN PANDONGA PRIBADI
PELADOS PANGABEKTI SAMI CUMAWIS ING PANDONGA
- PAMAOSING WOSING PAWARTOS PASAMUWAN
- KAPIRENG LONCÈNG KAPING 3
- PANYUMETING LILIN

Prdt: Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti, ing dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska kaping 2. Wonten ing pangibadah Minggu punika, kita kaémutaken bab kasetyan kita ndhèrèk Gusti Yésus Sang Juru Wilujeng gesang kita, senadyan kita mboten saged uwal saking kasangsaran. Ing sisih sanés, kita ugi kaemutaken bab gesang ngasoraken dhiri, kadosdéné Gusti Yésus ingkang karsa ngasoraken dhirinipun kanggé kita. Pasamuwan kula aturi jumeneng, lan kita lumebet ing pangibadah titi wanci punika.

Ing minggu Pra-Paska kaping 2 punika, sumangga kita tansah ngeneraken manah kita dhumateng Gusti

Psmw: Dhumateng Gusti / Juru Pitulung kawula

Prdt: Mila sumangga kita ngunjukaken pamuji sokur konjuk Gusti

Psmw: Namung kagem Gusti / pepujén lan sokur kawula
 Prdt: Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti, kita papag
 rawuhipun Gusti Yésus ing pangibadah punika, kanthi
 ngrepèkaken **KPK BMGJ 37 : 1,2**

- *Pasamuwan jumeneng lan ngrepèkaken **KPK BMGJ 37 : 1,2***
- *Peladosing pasamuwan lumebet ing papan pangibadah*

PANGGUNGUNG WIT SIHING GUSTI

Kula samya tetunggilan ngabekti mring Pangéran
 wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan
 kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
 wit ing ayoming sihira séstu tentrem raharja

Kula rinoban ing begja rintén dalu tan kendhat,
 ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijad,
 kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
 wit ing ayoming sihira séstu tentrem raharja

VOTUM LAN SALAM

PS: Sumangga, pangibadah Minggu Pra-Paska 2 titi wanci
 punika, kita sengker kanthi pengaken:

Mripatku tumenga marang gunung-gunung;
 pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?

Psmw: Pitulunganku iku/ pinangkané saka Sang Yéhuwah/
 kang nitahaké langit lan bumi.

PS: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku
 gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.

Psmw: Sayektiné kang ngreksa Israél/ ora ngantuk lan ora saré.

PS: Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowe, Pangéran
 Yéhuwah iku pangayomanmu ana ing tengenmu.

Psmw: Srengéngé/ ora bakal nglarani kowé ing wayah awan/
 utawa rembulan ing wayah bengi.

PS: Kowé bakal direksa déning Sang Yéhuwah, tumrap ing
 sakèhing bilai; nyawamu direksa.

Psmw: Pangéran Yéhuwah/ bakal ngreksa marang lebu lan wetumu/ wiwit ing samengko tumeka ing delahan.

PS: Sih-palimirma, rahmat lan tentrem-rahayu bakal nunggal kalawan kita saka Gusti Allah Sang Rama lan Saka Gusti Yésus Kristus, Putrané Sang Rama, sajroning kayektén lan katresnan (2 Yoh 1:3). Amin

Psmw: (ngrepèkaken amin, amin, amin)

do = d - e - f 2 ketuk

5 6 ' | 5 6 ' | 5 4 | 3 . ||
A - min, a - min, a - min.

- *Pasamuwan lenggah.*

PAMBUKA

PS: Momotaning gesang tansah wonten ing gesang kita. Kathah tiyang lajeng nilaraken Gusti, awit awratipun momotan saha panandhang ing dipun adhepi tiyang pitados. Wonten ing pangibadah punika, kita badhé dipunkiyataken lumantar Sabdanipun Gusti, supados kita tansah setya ndhèrèk Gusti Yésus, senadyan ing salebeting kasangsaran, momotaning gesang, lan reribed ingkang wonten ing gesang kita, nanging tansah wonten ing patrap andhap asoring manah kita. Mila saking punika, sumangga kita raosaken, lumantar kekidungan “Tetap Setia” (utawi ngrepèkaken **KPK BMGJ 81 : 1-3**).

- *Pasamuwan / salah satunggaling warga ingkang sampun kapiji ngrepèkaken kidung “Tetap setia”*

(saged kapirsanan wonten ing:

<https://www.youtube.com/watch?v=hMF8QmHTUzA>)

TETAP SETIA

Selidiki aku lihat hatiku

Apakah ku sungguh mengasihiMu Yésus

Kau yang Maha Tau dan menilai hidupku

Tak ada yg tersembunyi bagi-Mu

Tlah kulihat kebaikan-Mu: Yang tak pernah habis di hidupku
Kuberjuang sampai akhirnya; Kaudapati aku tetap setia

- *Kidung “Tetap Setia” kapertal ing basa Jawa “Tansah Setya” (déning Yéhuda)*

Paduka pirsani, manah kawula
Punapaa kula éstu tresna Paduka
Gusti kang Ma Pirsna, ugi kang nampi kula
Tan kang wonten kapyarsakken Paduka.

Kula nyawang, sih Paduka: Ingkang tansah wonten ing kawula
Kula tansah ngupadi gesang, Kula tansah setya dhateng Paduka.

- *Utawi saged ugi ngginakaken kidung **KPK BMGJ 81: 1-3***

NDHÈRÈK GUSTI

Kula mesthi ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan
tetep setya dugèng janji tan wigih karibedan,
dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan éwah gingsir
tut wuria salamina ing satindaké Gusti.

Kula mesthi ndhèrèk Gusti martosken Injil suci,
datan ajrih ing sangsara wit Gusti nganthi kula,
dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan éwah gingsir
tut wuria salamina ing satindaké Gusti.

Kula mesthi ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi dimén samya raharja,
dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan éwah gingsir
tut wuria salamina ing satindaké Gusti.

PANGAKENING DOSA

Prdt: Pasamuwan ingkang dipunkasihi Gusti, gesang kita
mboten saged tebih saking dosa. Malah kepara asring
pangwasaning dosa ingkang nguwaosi gesang kita,

ngantos kita dhumawah ing dosa. Gusti tansah ngersakaken kita gesang ing salebeting katresnan, kados pangandikanipun : *sira tresnaa marang Gusti Allahmu, lan sira tresnaa marang pepadhamu*. Kasunyatanipun, asring kita langkung nresnani dhiri kita, lan punika wujud nyata pangwasaning dosa ingkang nguwaosi gesang kita. Mila, sumangga kita nêlakaken panelangsa kita, lumantar litani pangakening dosa.

Prdt: Dhuh Allah, kawula mugi Paduka welasi awit saking sih-kadarman Paduka, mugi karsaa nglebur dosa kawula awit saking gunging sih-kadarman Paduka.

Psmw: Mugi/ kawula Paduka resiki babar pisan/ saking sakathahing dosa kawula/ sarta dosa kawula mugi Paduka ruwat.

Prdt: Amargi kawula ngrumaosi panerak kawula, saha dosa kawula tansah wonten ing ngajeng kawula.

Psmw: Kawula damel dosa dhumateng Paduka/ inggih namung dhumateng Paduka piyambak/ anggên kawula sampun damel dosa punika/ sarta nglampahi ingkang Paduka galih awon/ supados tetélaa/ bilih pancasan Paduka punika adil/ saha patrap anggên Paduka ngadili punika resik.

Prdt: Pancén saéstu, anggên kawula kalairaken punika nandhang duraka, sarta biyung kawula ngandhut kawula ing salebeting dosa.

Psmw: Pancén saéstu/ Paduka punika karenan/ dhateng kaleresan ing salebeting batos/ kanthi kéndel-kéndelan/ Paduka paring sumerep bab kawicaksanan dhumateng kawula.

Prdt: Dosa kawula mugi Paduka icali kalayan hisop, temah dados resik, kawula Paduka edusi temah dados pethak, nglangkungi salju!

Psmw: Kawula pinarengana/ mireng kabingahan lan sukarena / saha balung ingkang sampun Paduka remuk/ sageda surak-surak malih!

- Prdt: Paduka mugi karsaa ngaling-alingi wedana Paduka, sampun ngantos mirsa dosa kawula, saha kalepatan kawula mugi Paduka lebur sadaya.
- Psmw: Dhuh Allah/ Paduka mugi karsaa damel resiking manah kawula/ sarta batos kawula/ mugi Paduka enggalaken klayan roh ingkang santosa.
- Prdt: Kawula mugi sampun ngantos Paduka bucal saking ngarsa Paduka, saha roh Paduka ingkang suci sampun ngantos kapundhut saking kawula.

▪ *Pasamuwan ngrepèkaken **KPK BMGJ 50: 1,4,5***
KULA KEDUWUNG

Kakung

Saéstu keduwung kula déné kirang setya
dinawuhan kinén tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti adhuh Gusti nyuwun suci.

Pawèstri

Saéstu keduwung kula nglirwakken kwajiban,
mrih tuwuhing pasamuwan miwah gesanging bebrayan,
tentreming dumadi, adhuh Gusti nyuwun suci.

Sedaya

Saéstu keduwung kula lamun dugeng janji,
gesang kula tan sembada nilar citraning Sang Rama,
mesthi dén bendoni, adhuh Gusti nyuwun suci.

▪ *Pasamuwan jumeneng*

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Kagem kita ingkang tansah ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti, Gusti karsa myarsakaken lan maringi sih rahmatipun dhumateng kita, lumantar sabdanipun ingkang mekaten : “*Hè, para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. PasanganKu padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lembah ing budi, temahan kowé bakal*

padha oleh ayeming nyawamu. Amarga pasanganKu iku kapénak lan momotanKu iku ènthèng.” (Mathèus 11 : 28-30)

Mekaten sih rahamtipun Gusti Allah

Psmw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

- *Pasamuwan sami jawat asta lan ngucapaken “Tentrem rahayu”*
- *Pasamuwan ngrepèkaken **KPK BMGJ 165: 1, 2, 4***
JATINING KATRESNAN

Kakung

Lamun kula anglampahi tindak luhur mulya

Pawèstri

nging yén tanpa tresna yekti muspra tanpa gina

Sadaya

kula winulanga tansah lampah tresna

lelabet sesami nulad tindaking Gusti

kula winulanga tresna trusing ati nggih nuladha tindaking Gusti.

Pawèstri

Lamun kula angucapna gung basa ing donya,

Kakung

nging yén sepi ing katresnan lir gong bendhe nganggang,

Sadaya

kula winulanga tansah lampah tresna

lelabet sesami nulad tindaking Gusti

kula winulanga tresna trusing ati nggih nuladha tindaking Gusti.

Kakung

Tresna iku sepi pamrih wah lubér ing budi,

Pawèstri

tan gumunggung lembah manah tansah andum berkah,

Kakung

kula winulanga tansah lampah tresna

Pawèstri

lelabet sesami nulad tindaking Gusti

kakung

kula winulanga tresna trusing ati

sadaya

nggih nuladha tindaking Gusti.

- *Pasamuwan lenggah*

PELADOSAN SABDA

- DONGA EPIKLÈSÈ (OLEH PS)
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Sepisan

Lèktor: (maosaken Purwaning Dumadi 15 : 1-12, 17-18)
Mekaten sabdanipun Gusti!

Psmw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Mazmur Tanggapan

Lèktor: (maosaken utawi ngidungaken Mazmur 27, kanthi sesautan)

L: Sang Yéhuwah kang dadi pepadhangku lan pamartaku, sapa kang dakwedéni? Sang Yéhuwah kang dadi bebéténging uripku, sapa kang marakaké aku gumeter?

Psmw: Nalika para durjana/ padha nempuh marang aku/ arep mangan dagingku/ yaiku sakèhing satruku/ lan mungsuhku banjur padha kajengklok lan tiba.

L: Sanadyan akèh bala kang padha ngedegake tarub ngepung aku, atiku ora giris, sanadyan tuwuh peperangan, atiku tetep pracaya.

Psmw: Suprakara kang wus daksuwun marang Sang Yéhuwah/ yaiku kang dakpéngini/ muga bisa manggon ana ing padalemané Sang Yéhuwah/ ing salawasé urip/ nyawang kadarmané Sang Yéhuwah/ sarta ngrasakaké nikmaté ana ing pasucéné.

L: Sabab Pangéran ngayomi aku ana ing pasanggrahané, manawa ana bebaya; ngaling-alingi aku ana ing papan kang ndhelik ing sajroning tarubé. Panjenengané mrenahaké aku ana ing sadhuwuring parang.

- Psmw: Saiki sirahku jejeg/ ngungkuli musuh kang ngepung aku/ ana ing tarubé/ aku bakal nyaosaké/ kurban panuwun kanthi surak-surak/ aku arep ngidung/ lan ngrepèkaké masmur kagem Sang Yéhuwah.
- L: Dhuh Yéhuwah, mugi karsaa miyarsakaken pasambat kawula ingkang kawula unjukaken, mugi Paduka karsaa melasi kawula saha kawula mugi kaparingana wangsulan!
- Psmw: Manah kawula/ ndhèrèk dhumateng pangandika Paduka/ “Sira ngupayaa wedananingSun.”/ Wedana Paduka/inggi lajeng kawula upadosi, dhuh Yéhuwah.
- L: Paduka mugi sampun nutupi wedana Paduka dhateng kawula, Paduka sampun nampik abdi Paduka klayan bebendu; Paduka punika pitulungan kawula, kawula mugi sampun Paduka tampik saha Paduka tilar, dhuh Allah, Juruwilujeng kawula!
- Psmw: Sanadyan/ bapa-biyung kawula nilar kawula/ nanging Sang Yéhuwah ingkang mupu kawula.
- L: Dhuh Yéhuwah, kawula mugi Paduka paringi pitedah bab Paduka, sarta lampah kawula katuntuna wonten ing margi ingkang wradin margi saking wontenipun mengsah kawula.
- Psmw: Kawula sampun Paduka ulungaken/ dhateng hawa nepsunipun satru kawula/ awit sampun wonten seksi-seksi dora/ ingkang sami nglawan kawula/ kaliyan tiyang-tiyang ingkang kadunungan/ dèrèng badhé niksa.
- L: Sanyata aku ngandel yén bakal nyumurupi kabecikaning Yéhuwah ana ing bumining wong urip!
- Psm: Padha nganti-antia marang Sang Yéhuwah/ Padha dipanggah lan ditatag atimu/ Padha nganti-antia marang Sang Yéhuwah!

Waosan Kapindho

Lèktor: (Maosaken Filipi 3 : 17 – 4 : 1)

Mekaten Sabdanipun Gusti !

Psmw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapethik saking Lukas 13 : 31-35
 Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang
 rahayu inggih punika ingkang tansah mirengaken
 Sabdanipun Gusti lan ngèstokaken ing gesangipun.
 Hosiana !

Psmw: (ngrepèkaken) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

PENGAKEN PITADOS (pasamuwan jumeneng)

Prdt: Sesarengan sedaya pasamuwan ing saindenging papan
 lan abad, sumangga kita ngucapaken iman pitados kita,
 srana ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli.

▪ *Pasamuwan lenggah*

PANDONGA SAFAAT

(*déning PS, kapungkasan ngucapaken pandonga sesarengan
 “Donga Rama Kawula”*)

PISUNGSUNG

Prdt: “Mula saikiné, padha kaya anggonmu wus sugih ing
 samubarang, -- ing pracaya, ing pamicara, ing
 kawruh, ing tumemenmu anggonmu mbiyantu, lan
 ing sih-katresnanmu marang aku kabeh -- samono
 uga kowé iya padha pinunjula ing ayahan sih-
 katresnan iki. Anggonku mituturi mangkono iku ora
 ateges préntah, nanging mung marga saka anggonku
 kapéngin nètèr kaéklasaning sih-katresnanmu
 kalawan nuduhaké sakèhing pambudidayané wong-
 wong kang padha awèh pambiyantu. Marga kowé
 wus padha sumurup marang sih-rahmaté Gusti kita
 Yésus Kristus, yaiku manawa Panjenengané, kang
 amarga saka kowé dadi mlarat, sanadyan
 Panjenengané iku sugih, supaya kowé dadia sugih
 marga kamlaratané.” (2 Korinta 8:7-9)

- *Pasamuwan ngaturaken pisungsung sinarengan ngrepèkaken **KPK BMGJ 185: 1-3***

PISUNGSUNG KONJUK MRING ALLAH

Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsung
cihnaning bingahing manah wit berkahing Allah
sumengka wah sinengkera lan temen rineksa
dadya srana mumpangati mrih kamulyaning Gusti.

Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmatnya,
mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan
dadya margi Kratoning Allah binabar néng bumi.

- *Pasamuwan jumeneng*

Prdt: (ngunjukaken pandonga)

KIDUNG PANGUTUSAN

- *Pasamuwan ngrepèkaken **KPK BMGJ 82 : 1,3,4***
TÉKADING MANAH KULA

Kakung

Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti

Pawèstri

yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati

Sadaya

margining salib ingambah mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.

Pawèstri

Nulad Sang Pamarta Gusti sagah ngurbanken dhiri

Kakung

tan remen ing kekerasan nging lubering katresnan

Sadaya

margining salib ingambah mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.

Kakung

Sanadyan rumpil marginya nging Gusti tansah nganthi

Pawèstri

nadyan ribed lan sangsara datan semplah ing ati

Kakung

margining salib ingambah mbangun turut mring Allah

Sadaya

mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.

PANGUTUSAN

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

Psmw: KAWULA NGENERAKEN MANAH DHUMATENG
GUSTI

PS: Dadosa seksinipun Gusti

Psmw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

PS: Pinujia Gusti

Psmw: SAMANGKÉ LAN SALAMINIPUN

BERKAH


PS: Mugi Gusti, sumbering pangajeng-ajeng, ngebaki
panjenengan (kita) kanthi kabungahan lan tentrem
rahayu ing salebeting iman pitados panjenengan (kita),
supados awit kekiyatanipun Sang Roh Suci,
panjenengan (kita) luber ing pangajeng-ajeng.

Psmw: (ngrepèkaken) HOSIANA [5x], AMIN [3x]

[yflk]



Minggu, 24 Maret 2019



PRA PASKA 3

KANUGRAHANING PAMRATOBAT

Katrangan:

*PS: Palados Pangandika; Psw: Pasamuwan
Prdt: Pradataning Pasamuwan (Diakan/Penatua)
L: Lèktor*

PACAWISAN

- *Wekdal ening pribadi*
- *Pamaosing pawartos pasamuwan*
- *Panyumeding lilin Minggu Pra Paska III*
- *Pasamuwan jumeneng*

Prdt: Pasamuwan ingkang kinasih, sami sukarenaa, sabab ing Minggu Pra-Paska III punika, Gusti nimbali kita lumebet ing kanugrahaning pamratobat ingkang mardikakaken. Sumangga kita bangun gesanging patunggilan kita kaliyan Gusti. Sesarengan kita pratélakaken: Aku ngalembana marang Sang Yéhuwah, kang paring pitedah marang aku.

Psw: MALAH ING WAYAH BENGI AKU DIGEGULANG DÉNING TELENGING BATINKU

Prdt: Aku tansah madhep marang Sang Yéhuwah

Psw: MANAWA PANJENENGANÉ JUMENENG ANA ING TENGENKU,

Prdt: Aku mesthi ora nganti kéguh. Mulané atiku bungah-bungah

Psw: LAN NYAWAKU ASURAK-SURAK MALAH DAGINGKU BAKAL MANGGON KALAWAN TENTREM

- Prdt: Amargi Paduka boten masrahaken kawula dhateng ing teleng palimengan
 Psw: PADUKA BOTEN MARENGAKEN MENAWI KEKASIH PADUKA NGANTOSA SUMEREP KLUWAT.
 Prdt: Paduka ingkang nedahaken margining gesang dhateng kawula
 Psw: KABINGAHAN PINANGGIH LUBÈR WONTEN ING NGARSA PADUKA
 Prdt: Ing asta Paduka ingkang tengen wonten kanikmatan ingkang langgeng

▪ *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 20 PANGÉRAN
MAMULYA**

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
 déné agung kadarmannya kang sumrambah mring kula.
 Datan wonten wicalannya, tan kendhat lumintunya.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.

(Para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah)

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
 déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
 dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
 dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula,
 malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.
 Pangéran Mamulya yogya pinuja.

VOTUM

- PS: Pangibadah punika katindakaken wonten ing asmanipun Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.
 Psw: (ngidungaken) AMIN, AMIN, AMIN!

SALAM

PS: Tentrem rahayu saking Gusti Yésus ingkang wungu nyarengi panjenengan

Psw: NYARENGI PANJENENGAN UGI

- *Pasamuwan lenggah*

PAMBUKA

Prdt: Wonten ing ngarsanipun Gusti, kita sadaya minangka tiyang-tiyang ingkang kapotangan. Rasul Paulus ngandharaken, “Mulané para sadulur, kita iki padha kapotangan, nanging ora marang daging supaya nuruti daging.” (Rum 8: 12). Tumrap utang wau kita boten badhé kuwagang nyaur. Punika sababipun, panebusan utang dosa punika dados satunggaling kanugrahan.

- *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 23:1-3 PUJI MRING ALLAH**

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.

Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

PANGAKENING DOSA

Prdt.: Sumangga kita ngraosaken pakaryanipun Allah ingkang mahamirah, ingkang sampun maringaken Gusti Yésus Kristus kanggé kita dados margi, kayekten,

lan gesang. Punapa kita sampun ngambah ing margining pangapunten ingkang dipun paringaken?

- *Pasamuwan dipunsulih déning satunggaling bapak, ibu lan neneman ngakeni dosa lan kapungkasan déning PS*
- *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 45: 1, 2, 3 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI**

Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti

Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.

- *Pasamuwan jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Wonten ing Sang Kristus dosa panjenengan sampun kaapunten

Psw: WONTEN ING SANG KRISTUS DOSA PANJENENGAN SAMPUN KAAPUNTEN

PS: Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas; Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu! (1 Kor. 6:20)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

- *Pasamuwan samidéne sesalaman lan pratéla, “Tentrem rahayu wonten ing panjenengan.”*
- *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 95 TANSAH DAKRANGKUL SALIBÉ**

Tansah dak rangkul salibé Gusti kang agung tresnané sarta dhangan dak ungsèni, dak rangkul salibé.
Dak rangkul salibé, dak rangkul salibé,

yéku margining sih rahmat, dak rangkung salibé.

Yèn aku kabidhung susah, ing ati rasané lesah.
mesthi malih dadi bungah, yèn ngrangkul salibé.
Dak rangkul salibé, dak rangkul salibé,
yéku margining sih rahmat, dak rangkung salibé.

▪ *Pasamuwan lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKANIPUN GUSTI

- PANDONGA EPIKLESE (OLEH PF)
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan sepisan:

L: (maosaken **Yésaya 55:1-9**)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Tanggapan

L: Maosaken (utawi ngidungaken) **Mazmur 63:2-9**
sacara gentosan kaliyan pasamuwan.

Waosan kaping kalih

L: (maosaken **1 Korintus 10:1-13**)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kawaos
saking **Lukas 13 : 1-9**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang
rahayu inggih punika ingkang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan dipun èstokaken.
Hosiana!

Psw: (*ngidungaken*) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

▪ *Pasamuwan jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

Prdt: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sadaya abad lan panggènan, sumangga kita mratélakaken Sahadat kita sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli...

- *Pasamuwan lenggah*

PANDONGA SAFAAT

(*Déning PS kapungkasan sarana Donga Rama Kawula utawi dipun kidungaken*)

PISUNGSUNG

Prdt: Sumangga kita uningakaken panuwun kita tumrap kanugrahanipun Allah ingkang kalampahan ing gesang kita. Raos panuwun kita wujudaken kanthi ngaturaken pisungsung. Pangandikanipun Gusti ingkang ngènetaken kita ngaturaken pisungsung, kita tampèni saking Jabur 96:8, “Pangéran Yéhuwah caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan sébaa marang ing platarané.”

- *Pasamuwan ngunjukakaken pisungsung kanthi memuji*
KPJ 171:1, 2, 3 MANGGA SAOS PISUNGSUNG

Mangga saos pisungsung mring Allah Maagung krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat.

Misungsung kanthi loma cihnane panuwun, dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.

Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti, bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

- *Pasamuwan jumeneng, Prdt mimpin pandonga pisungsung*

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Gusti ngersakaken pasamuwanipun samidéné suka pangapuntèn

Psw: KAWULA SUMADYA NGAPUNTENI

PS: Mugi manah kita sangsaya jembar kanggé nampèni kakiranganing dhiri pribadi lan tiyang sanès.

Psw: KAWULA SUMADYA ANAMPÈNI

PS: Mugi ing gesang kita samidéné mbangun lan nyantosakaken

Psw: KAWULA ADRENG MBANGUN PASADHÈRÈKAN

▪ *Pasamuwan ngidungaken* **KPJ 250:1, 2, 3 ANÈNG SALIB PADUKA**

Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota.
Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos benjing nampèni palereman baka.

Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggihi namung Paduka pindha lintang fajar.
Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos benjing nampèni palereman baka.

Anèng salib Paduka; pikekah kawula;
tansah kula èngeti, ing gesang slaminya.
Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos benjing nampèni palereman baka.

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

Psw: KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA
DHUMATENG GUSTI

PS: Dados seksinipun Sang Kristus

Psw: PUJI SOKUR DHUMATENG ALLAH

PS: Pinujia Gusti

Psw: SAMANGKÉ DUMUGI ING SALAMINIPUN


PS: Mugi Gusti Allah ingkang mahakawasa lumantar
kekeran Paska punika, ngganjar gesang anyar lan

paring pangajeng-ajeng wonten ing Sang Kristus
ingkang wungu. Amin.

Psw: (ngidungaken) HOSIANA [5x], AMIN [3x]

[asp/tk]

Minggu, 31 Maret 2019

**PRA PASKA 4****KABINGAHANING PIRUKUN***Katrangan**PL: Palados Liturgi; PS: Palados Sabda;**Psw: Pasamuwan; L: Lèktor***PACAWISAN**

- *Pandong a pacawisan pangibadah*
- *Panyumeding lilin Minggu Pra Paska IV*
- *Pamaosing pawartos pasamuwan*
- *Wekdal ening pribadi*

MAKEMPAL

PL: Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska IV. Sumangga kita ngeningaken manah
(*pasamuwan ngeningaken manah*)

PL: Panjenenganipun punika Allah ingkang rawuh ing antawis kita. Sumangga kita sami jumeneng.

Psw: GUSTI, KAWULA PADUKA BERKAHI

PL: Panjenenganipun punika Allah ingkang maringi kabingahan tumrap kita sadaya

Psw: GUSTI, KAWULA PADUKA BERKAHI

PL: Kita luhuraken asmanipun lumantar pamuji saking kidung **KPJ 2: 1, 2 ALLAH MAHASUCI**

Allah Mahasuci, kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya. Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.

(Para palados pangibadah lumebet ing papan pangibadah)

Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya
kawula nlangsani dosa.

Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayem.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti
ingkang nitahaken langit lan bumi

Psw: (*ngidungaken*) AMIN, AMIN, AMIN.

SALAM

PS: Gusti nunggil ing panjenengan!

Psw: NUNGGIL ING PANJENENGAN UGI.

- *Pasamuwan lenggah*

PAMBUKA

PL: Kabingahaning pirukun awis-awis kita pratélakaken
lan raosaken ing wekdal mahargya Paska. Kita asring
mratélakaken kabingahan rikala mahargya Natal.
Nanging kita prelu mbangun pangretosan bilih
lumantar pangurbananipun Sang Kristus, Gusti Allah
kagungan karsa mbabar pirukun lan ngersaken sadaya
titah ngraosaken kabingahan karana pirukun wau.
Sumangga kita ngraosaken katentremanipun Gusti
kanthi ngunjukaken pamuji kidung **KPJ 23: 1, 3 PUJI**
MRING ALLAH

Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisésa.
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.

Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.

dadya dilah, andel-andel satuhu. Pujinen lan trusing kalbu!

PANGAKENING DOSA

- *(PL ngajak pasamuwan ngeningaken manah lan ndedonga angakeni dosa piyambak-piyambak. PL nglajengaken pangaken kanthi pandonga ing ngandhap punika)*

PL: Paduka wongsal-wangsul mulang kawula bab pirukun, nanging kawula asring damel tatuning manahipun sesami.

Psw: APUNTENANA KAWULA, DHUH GUSTI, INKGANG DÈRÈNG SAGED NINDAKAKEN PIRUKUN KADOS INKGANG PADUKA WULANGAKEN

PL: Kawula kedahipun bingah karana pirukun ingkang Paduka paringaken, nanging pocapaning ilat kawula taksih ngasoraken tiyang-tiyang ingkang saweg prihatos.

Psw: APUNTENANA KAWULA, DHUH GUSTI, INKGANG DÈRÈNG SAGED ANDUM KABINGAHAN SAKING PADUKA

PL: Lan nalika kawula sowan wonten ing ngarsa Paduka

Psw: KAWULA KEPÉNGIN MALIH NGRAOSAKEN KATRESNAN PADUKA, RUKUN KALIYAN PADUKA LAN ANDUM KABINGAHAN KALIYAN SESAMI KAWULA.

PL: Wonten ing asmanipun Gusti Yésus, kawula ndedonga.

Pasamuwan ngidungaken **KPJ 49: 1, 2 GUSTI KANG MAHAWILASA**

Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.

Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;
temah kula dados suci, miwah nunggil lan Gusti.

Manah kang peteng wit dosa, énggal pulih lejara.
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

- *Pasamuwan jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PL: Sami mirengaken pangandikanipun Gusti, “Rahayu wong kang dhemen ngrukunaké, awit iku bakal padha kasebut para putraning Allah.” (Matius 5: 9).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

- *Pasamuwan samidéné sesalaman lan pratéla “tentrem rahayu”*
- *Pasamuwan memuji ngrepèkaken kidung* **KPJ 59: 1, 2, 3**

PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresnanira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki

Reff.:

Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah maring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

Pinuji slaminya Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Reff.:

Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya.
Tyang bakti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata nèng kraton swarga.

Reff.:

▪ *Pasamuwan lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKA

- PANDONGA EPIKLESE (DÉNING PS)
- AMAOSING KITAB SUCI

Waosan sapisan

L: (Maosaken **Yusak 5: 9-12**)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: Puji sokur konjuk Gusti!

Tanggapa

L: Maosaken (utawi nembangaken) **Mazmur 32**
kanthi gentosan kaliyan pasamuwan.

Waosan kaping kalih

L: (Maosaken **2 Korinta 5: 16-21**)

Makaten pangandikanipun Gusti!

Psw: Puji sokur konjuk Gusti!

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kawaos
saking **Lukas 15:1-3, 11-32**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Inggang
rahayu inggih punika tiyang inggang mirengaken
pangandikanipun Gusti lan dipun èstokaken.
Hosiana!

Psw: (*Ngidungaken*) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

▪ *Pasamuwan jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

Prdt: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti, sumangga
kita nganyaraken kapitadosan kita sarana ngucapaken
Pangaken Pitados Rasuli.

- *Pasamuwan lenggah*

PANDONGA SAFAAT

(Déning PS, kapungkasan kanthi ndedonga “Donga Rama Kawula”)

PISUNGSUNG

Prdt: Sumangga kita ngaturaken pisungsung kinanthènan tetales saking **2 Korinta 8: 13**, “Awit anggonmu dieboti iku ora supaya wong liya padha kaènthèngna, nanging supaya dadia timbang.”

- *Pasamuwan pamuji ngrepèkaken kidung KPJ 157:1-3*
CAOSNA PISUNGSUNG MU

Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampahan.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring

- *Pasamuwan jumeneng, Prdt mimpin pandonga pisungsung*

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- *Pasamuwan ngunjukaken pamuji kidung KPJ 257: 1, 3, 4*
GUSTI YÉSUS SINALIB

Gusti Yésus sinalib sinrahken Allah priyangga,
karsa nyangga paukuman myang laknat dados lintuning berkat.

Gustiku kang sinalib, marga déning durakaku,
mangka aku jenak mring pakareman, pantes tampi ukuman.

Panebusku sinalib, aku iki tebusané.
Kwajibané, aku mbuwang piala margané Gusti séda.

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

Psw: KAWULA NGENERAKEN MANAH KAWULA
DHUMATENG GUSTI

PS : Dados seksinipun Sang Kristus!

Psw: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

PS: Pinujia Gusti.


Psw: SAMANGKÉ NGANTOS ING SALAMINIPUN

PS : Gusti sumbering berkah lan kakiyatan, tansah
anjangkepi lelumban ing samudraning gesang ing jagad
punika kanthi kakiyatan lan katresnanipun, wonten ing
asmanipun Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.
Amin.

Psw: (Ngidungaken) HOSIANA [5x], AMIN [3x]

[as/tk]

Minggu, 7 April 2019

**PRA PASKA 5**

NRESNANI GUSTI: NDAYANI TRESNA SESAMI

Katrangan:

*PS = Palados Sabda; Prd = Pradataning
Pasamuwan; Psw = Pasamuwan*

Pecawisan

- *Pandonga Pecawisan Pangibadah*
- *Penyumeting Lilin Minggu Pra Paska V*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartosing Pasamuwan*
- *Wekdal Ening*
- *Lonceng Kaungelaken, pasamuwan **jumeneng** lan ngidungaken **KPJ. 87: 1-2 NÈNG KASA NGUMANDHANG***

Nèng kasa ngumandhang asma sajuga,
Kang anepangaken jagad lan swarga
Datan wonten asma kados punika,
Kang kwasu nyirnaken pangrèhing dosa
Napa sami dèrèng wanuh, Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

Wus pantes asmané lan pakaryané
Rawuhe ing donya wit gunging sihé
Nebus tiyang dosa, sinalib séda,
Gya wungu nyawisken papan ing swarga
Napa sami dèrèng wanuh,
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

*(Palados Pangibadah lumebet dalem pamujan/pangibadah
lan tumuju panggènanipun piyambak-piyambak)*

Votum

PS: Pangibadah Minggu Pra Paska Kaping gangsal punika siNèngker ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

Psw: (ngidungaken **KPJ. 464 a**) Amin, amin, amin.

Salam

PS: Gusti nunggil ing para Sadhèrèk sedaya!

Psw: Lan ing Panjenengan ugi!

Andharan Pambuka lan Pangakening Dosa

(pasamuwan lenggah)

PS: “Para sedhèrèk kinasih, Gusti Allah ngersakaken supados kita sami saèstu nresnani Panjenenganipun kanthi gumolonging manah, nggadahi sesambetan raket kaliyan Panjenenganipun sarta mangertosi punapa ingkang dados karsa-Nya. Ananging kita sami ngakeni bilih kita asring kapilut déning godhaning kadonyan satemah kita nglirwakaken sesambetan kita kaliyan Panjenenganipun. Sinaosa kita tetep nindakaken pangibadah ananging asring tanpa adrenging raos katresnan, tanpa greget lan tanpa krenteg. Pramila, sumangga ing wekdal ening sawetawis, kita sami nitipriksa manah kita piyambak-piyambak, ngakeni sedaya kalepatan kita wonten ngarsanipun Gusti.”

(pasamuwan kaaturan ndedonga sacara pribadi saperlu ngakeni sedaya kekurangan nalika ngadhepi panggodha. Kalajengaken pandonga nyuwun sih samudra pangaksami ingkang kapimpin déning Pradataning Pasamuwan).

PS: Sumangga kita ngidungaken **KPJ. 49:1-3 GUSTI KANG MAHAWILASA**

Gusti kang Mahawilasa, mugi paring aksama
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Paduka;
Nglirwakaken dhawuh Paduka, manut hardaning drika

Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng
 Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;
 Temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti
 Manah kang peteng wit dosa mugi pulih lejara
 Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

Gusti ingkang Mahakwasa, mugi nuntun kawula;
 Ngambah ing margi utami, nurut pangrèh Paduka
 Awit kwasaning Roh Suci, nyingkur karsèng pribadya,
 Nglawan kapéncuting donya, mrih raharja slaminya.

Pawartos Sih Rahmat

(pasamuwan jumeneng)

PS: Rahayu sedaya tiyang ingkang nampèni sih rahmatipun
 Gusti kanthi andhap asor lan kanthi manah ingkang
 tinarbuka! Sumangga kita pirengaken pangandikanipun
 Gusti ing **1 Yokanan 4: 10**, *“Katresnan iku mangkéné:
 Dudu kita kang wus padha tresna marang Gusti
 Allah, nanging Gusti Allah kang wus nresnani kita lan
 wus ngutus Kang Putra minangka pangruwating
 dosa kita.”*
 Mekaten pawartos sih rahmatipun Gusti Allah.

Psw: Konjuk sokur dhumateng Gusti Allah!

(Pasamuwan sami jawat asta lan ngucap “tentrem rahayu!”)

PS: Sumangga kita sami ngidungaken **KPJ. 144: 1-5 YÈN
 NUNGGIL LAN GUSTI**

(psw sedaya)

Yèn nunggil lan Gusti rintèn dalu
 Manah langkung tentrem arahayu
Reff.:

Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
 Kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.

(Psw putri)

Yèn nunggil lan Gusti jro ginodha
Kula saged unggul maring dosa.
Reff.:

(psw sedaya)

Yèn nunggil lan Gusti siyang ratri
Birat dosa kula temah suci.
Reff.:

(psw kakung)

Yèn nunggil lan Gusti, kasisahan
Mantun, kagentosan kabingahan.
Reff.:

(psw sedaya)

Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos,
Kang dados karsa-Nya ing sayektos.
Reff.:

Peladosaning Pangandika

(pasamuwan lenggah)

- PANDONGA EPIKLESE
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan Sepisan

Lektor: (maosaken **Yésaya 43: 16-21**)
Mekaten Pangandikanipun Gusti!
Psw: Konjuk sokur dhumateng Gusti Allah!

Jabur /Mazmur Tanggapan

Lektor: (maosaken utawi ngidungaken **Jabur 126** sacara
gegantosan kaliyan pasamuwan).

Waosan Kaping Kalih

Lektor: (maosaken **Filipi 3: 4-14**)
Mekaten Pangandikanipun Gusti!
Psw: Konjuk sokur dhumateng Gusti!

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil dipun pendhet saking **Yokanan 12:1-8**.

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sedaya tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. Hosiana!

Psw: (ngidungaken) HOSIANA, HOSIANA, HOSIANA!

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING
- PANDONGA SAFAAT

Pangakening Pitados

(Pasamuwan jumeneng)

PS: Sumangga kaliyan sedaya tiyang pitados ing salumahing bumi punika, kita sami nglairaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Sahadat Kaliwelas sesarengan: ...

Pisungsung Pangucap Sokur

(pasamuwan lenggah)

PS: Sumangga kita ngaturaken panuwun ing ngarsanipun Gusti lumantar pisungsung ingkang kita klempakaken sesarengan. Sumangga kita caos pisungsung kanthi ngraos-raosaken sabdanipun Gusti lumantar rasul Paulus ing serat **Rum 12: 1**: *“Kang iku para saduhur, marga saka sih kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.”* Anggèn kita atur pisungsung sumangga kinanthènan ngidungaken **KPJ. 154: 1-2 ADRENGING TYAS KULA**

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti

Paduka ngasihi, kula kagunganta

Reff.:

Mung punika Gusti, pisungsung kula.

Sawetahing gesang, jiwa lan raga,

Wit kula tan darbé bandha kang pengaji,

Kang langkung prayogi, sinaos Gusti
 Mung punika Gusti, pisungsung kula
 Mugi katampia atur kawula,
 Mrih gesang kawula kagama Paduka, pirantos sapala.

Saiba éndahing sih tresna Paduka, Gusti;
 Kula kagunganta, Paduka rimati.
Reff.: ...

*(Pradataning pasamuwan ngaturi pasamuwan jumeneng,
 lan mimpin pandonga pangucap sokur, kalajengaken
 PANDONGA RAMA KAWULA sesarengan)*

Pangutusan

- PS: Gusti Allah ngersakaken supados kita saèstu nresnani
 Panjenenganipun!
 Psw: *Mugi Gusti nyagedaken kawula mbangun sesambetan
 raket kaliyan Paduka!*
 PS: Gusti Allah ngersakaken supados kita ugi mbabar
 katrenan dhateng sesami!
 Psw: *Kanthi Roh Paduka, mugi kawula sami kasagedna!*
 PS: Sumangga kita sami nedahaken adrenging tyas kita
 sami kanthi ngidungaken **KPJ.452: 1-3 TÉKADING
 MANAH KAWULA**

Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti,
 Yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Reff.:

Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah
 Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya
 Martosaken Injil suci, dimèn samya waluya.
Reff.:

Nulad Sang Pamarta Gusti, sagah ngurbanken dhiri,
 Tan remen ing kekerasan, nging lubèr ing katresnan.
Reff.:

Kababaring Berkah

- PS : Sumangga kita mengkeraken papam pangibadah punika kanthi tentrem rahayu, kinanthenan berkahipun Gusti: *Sih rahmatipun Gusti Yésus Kristus lan sihipun Allah Sang Rama tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci, nunggila ing para sadhèrèk (kita) sedaya.*” Amin.
- Psw : (ngidungaken **KPJ. 472** kanthi langgam HOSIANA)
HOSIANA [5x] AMIN [3x].

(ohpn)

Minggu, 14 April 2019

**PRA PASKA 6**

KATENTREMAN PADUKA, LANTARANING JAGAD!

Katrangan

Ibadah punika ngginakaken papah palem (gagang/pangipun palem) minangka rerenggan. Menawi saged, dipun wonteni pantomime, sandiwarana tanpa gineman, namung ngébahaken péranganing badan lan praupan, kanggé nggesangaken pirembaganipun juru tutur (JT 1, 2, 3).

PL: Pelados Liturgi

PS: Pelados Sabda

Psw: Pasamuwan/warganing pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

JT: Juru Tutur (*Narator*)

L: Lèktor

PACAWISAN

- *Pandonge pacawisan ngibadah.*
- *Wekdal ening pribadi*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan*
- *Panyumeting Lilin Minggu Pra Paska VI*

MAKEMPAL

PL: Dinten punika, kita mèngeti lelampahanipun Gusti Yésus kaarak lumebet dhateng Yérusalem. Sumangga kita pahargya Panjenenganipun sinambi ngènget-ènget prastawa ingkang milujengaken gesang kita. Rawuhipun Gusti Yésus dhateng Yérusalem dipun

pahargya tiyang kathah kanthi grengseng. Kados ingkang dipun cariyosaken ing Kitab Suci: "Wong golongan kang akèh cacahé iku padha njèrèng panganggoné ana ing dalan, ana manéh kang padha mecoki pang-panging wit-witan, padha disebar ana ing dalan." (Matius 21:8).

- JT1: Hé kanca-kanca, kepriyé pacawisan kang wus kita tindakaké kanggo mahargya Paska wektu iki?
- JT2: Ora prelu kuwatir, kabèh wus bèrès, papan kanggo bocah-bocah apadéné kagem para sepuh wus samekta kanthi prayogi Unjukan lan dhaharan uga bakal tak tambahi gunggungé. Mesthi bakal akèh wong kang bakal ngiring rawuhé Sang Raja
- JT 1: Raja? Sapa kuwi?
- JT 2: Panjenengané iku asmané Yésus, Panjenengané iku raja sanadyan agemané prasaja asiling dondoman tangan pandhèrèké para wong kang amèk iwak ananging akèh kaélokkan utawa mukjijat kang ditindakaké déning Panjenengané Panjenengané nggawé banyu dadi anggur Panjenengané nyarasaké wong lara kusta, wong lumpuh bisa mlaku lan wong wuta bisa ndeleng malah Panjenengané nguripaké Lazarus kang wus mati.
- JT 3: Aku durung tau weruh mukjijat lan ndeleng mukjijat mau nganggo mripatku dhéwé ananging aku naté krungu piwulangé Yésus iku bab tresna marang Allah lan sapa-dha-padha.
- JT2: Ya pancèn mukjijat lan piwulangé Yésus dadi tandha yekti menawa Gusti Allah iku rawuh. Aku yakin menawa Panjenengané iku Mésias kang diprasetyakaké prasyaning kawilujengan kang sampurna, kang dianti-anti saiki wus rawuh
- JT1: Delengen! Arak-arakaning wong golongan kang padha nguwuh-uwuh nalika Panjenengané rawuh, lumebet ing Yérusalèm. Payo, kita padha mèlu mangayubagya rawuhé Gusti Yésus.

Psw: **“Hosana konjuk ing Putranipun Daud,
binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun
Pangéran. Hosana wonten ing ngaluhur.”**

----- *pasamuwan jumeneng* -----

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 68:1-3, sinambi
ngacung-acungaken papah/pang palem)*

KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D $\frac{3}{4}$

- 1) Allah Ma asih asung Putranya,
Allah Ma asih mring manungsa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,
Allah Ma asih mring manungsa.
- 2) Gusti ingutus dadya Pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
Reff.:
- 3) Gusti Pamarta ngurbanken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
Reff.:

VOTUM LAN SALAM

PS: Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Allah
sumbering tentrem rahayu, ingkang nitahaken
sarwarnining gesang.

Psw: *(ngidungaken KPJ 464b)* **Amin, Amin, Amin.**

PS: Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah Sang
Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci nunggila ing
Panjenengan!

Psw: **Nunggila ing Panjenengan ugi.**

----- *pasamuwan lenggah* -----

PAMBUKA

PL: Kabingahan methukaken Gusti Yésus mboten lumampah
dangu. Tiyang kathah ingkang methukaken Gusti Yésus

wau énggal-énggal mbalik. Suwau tiyang-tiyang punika memuji-muji ngluhuraken Gusti Yésus, mboten dangu lajeng gentos mancahi Panjenenganipun.

Gusti Yésus mboten kuciwa, Panjenenganipun tetep nglajengaken tindakipun, nuju dhateng Yérusalèm kanggé mbabar katentreman. Panjenenganipun tetep sumadya dados lantaraning karukunan kanggé pasamuwan manungsa.

Sawetawis punika, para tiyang ingkang ngojok-ojoki tiyang kathah wau sampun kasil anggènipun nguwaosi pamanggihipun tiyang kathah. Wonten ing budinipun tiyang-tiyang punika, kaleresan punika namung wonten ing gesangipun piyambak sarta gesanging golonganipun.

Gusti Yésus dados mengsahipun, ingkang kedah dipun sirnakaken. Gusti Yésus dipun cepeng, dipun bekta kadosdéne durjana. Nalikanipun Gusti Yésus tindak kablenggu sarta manggul salibipun, tiyang-tiyang wau – ingkang sapérangan ageng sami – mbengok makaten: “Kasaliba! Kasaliba!”

Punapa kita ugi badhé makaten? Dinten punika kita memuji Panjenenganipun, mbénjing-énjing kita nyidrani Panjenenganipun. Sumangga kita mawas dhiri, punapa patrap nyidrani Gusti sampun dados pakulinaning gesang kita?

--- *wekdal ening, kalajengaken ngakeni dosa. Déné lampahing pangaken dosa katindakaken makaten.*

Kawiwitan saben warganing pasamuwan sami ndedonga sacara pribadi, ngakeni anggènipun asring nyidrani Gusti Yésus. Pelados Sabda mungkasi kanthi pandonga sesarengan ---

Psw: (sesarengan ngidungaken KPJ 270:1-3)
KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang
 Ri kinarya makutha, pinoyok tyang kathah.
 Rinangkèt lir durjana, cinampah siniya.
 Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?

Wit aku uga Gusti ginitik winirang.
 Ngagem makutha eri lan singep poyokan.
 Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
 Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha.

Dhuh Yésus kang ingajap pra luhur wit kina.
 Mugi kula sadaya émuta slaminya.
 Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,
 nyawisi kedrajan kula tiyang nistha.

----- *pasamuwan jumeneng* -----

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Sang Kristus sampun dados margining pirukun.
 Pangandikanipun Gusti makaten:
 “Iya Panjenengané iku kang dadi pangruwat tumrap
 sakèhé dosa kita lan ora mung kanggo dosa kita baé,
 nanging uga kanggo dosané wong sajagat kabèh.” (1
 Yohanes 2:2)
 Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah!
 Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

SALAM KATENTREMAN

PS: “Rahayu wong kang dhemen gawé tentrem, awit iku
 kang bakal padha kasebut para putraning Allah.”
 (Matius 5:9)
 Psw: **Kawula punika putra-putranipun Allah!**
Kawula punika ingkang mbekta bedhamèn.
(pasamuwan sami jawat asta kanthi ngucapaken:
“Tentrem-rahayu”*, kalajengaken ngidungaken KPJ*
266:1-2)

KPJ 266. NULADA MRING SANG PAMARTA

Do=Bes 4/4

Nulada mring Sang Pamarta

Gusti kang karenan amitulungi;

lembah ing manah, ngesorken dhiri;

kang anyatroni tetep dèn tresnani.

Reff.: Kristus Gusti, Sang Pamarta

karsa manjalma nandhang sangsara,

ngalami papa, sinalib séda, iku babaring tresna.

Sengkud makarya ing pamrih sepi,

kang anèng telenging wardaya

amung rahayuning tyang sabumi.

Mila tetep nulada Sang Pamarta.

Reff.:----- *pasamuwan lenggah* -----**PALADOSAN SABDA**

- Pandonga Èpiklése (*déning PS*)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan:L: (*maos Yésaya 50:4-9*)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**Tanggapan:L: (*maos Mazmur 118:1-2, 19-29, saged gentosan kaliyan pasamuwan satunggal ayat-satunggal ayat*)Waosan Kaping Kalih:L : (*maos Filipi 2:5-11*)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**Waosan Injil:PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus kapethik saking
Lukas 19:28-40.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika para sadhèrèk ingkang mirengaken sarta nggatosaken Pangandikanipun Gusti. Hosiana!

Psw: (*ngidungaken*) **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

- Khotbah
- Wekdal Ening

----- *pasamuwan jumeneng* -----

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Allah ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken pangakening kapitadosan kita kanthi ngucapaken sesarengan **Pangaken Pitados Rasuli** makaten ...

----- *pasamuwan lenggah* -----

PANDONGA SAFAAT

(*katuntun déning PS*)

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken panuwun sokur awit saking kamirahanipun Gusti Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan. Sumangga kita sami ènet dhateng sabdanipun Gusti:

“Awit menawa anggonmu wèwèh iku kalawan éklas, pawèwèhmu iku mesthi bakal ditampani, menawa pawèwèhmu iku awewaton apa kang kokduwèni, ora awewaton apa kang ora kokduwèni.

Lan Allah kwaos nglubèraké sawernaning sih-rahmat marang kowé kabèh, supaya kowé padha tansah kacukupan ing samubarang lan padha linuwihna anggonmu nglakoni sarupaning panggawé becik.” (2 Korinta 8:12, 9:8).

Psw: (*sesarengan ngidungaken KPJ 271:1-3*)

KPJ 271. SANG PAMARTA SÉDA PADUKA

Sang Pamarta séda Paduka, ngluwar kula sing ukuman,
 Iba gunging pitulungan, Gusti kang nebus kula.
 Dé kula nyaur napa? Dé kula nyaur napa?
 Gusti kang nebus kula, dé kula nyaur napa?

Kala Gusti pinisakit, rahipun ndlèwèr ing salib
 Wah kang srira tatu wradin, Gusti nglabuhi kula.
 Dé kula males napa? Dé kula males napa?
 Gusti nglabuhi kula, dé kula males napa?

Kula isin yèn kèmutan nggèn kawula kesambutan,
 mangka sring taksih klepatan. Kula mugè winulang
 animbangi sihing Gusti, animbangi sihing Gusti.
 Kula mugè winulang animbangi sihing Gusti.

----- pasamuwan jumeneng -----

P/D: (*nuntun pandonga ngaturaken pisungsung*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

Psw: (*sesarengan ngidungaken KPJ 279:1-3*)

KPJ 279. YÈN MANDENG SALIBING GUSTI

Do=D 3/4

Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané,
 sagung dosa dak getuni, wit sampurna lelabeté.

Pinoyokan lan siniya, sédané wus anyelaki,
 kadi kapireng sabdanya, "Uripku tumrap sabumi."

Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya;
 sèstu nggih tumrap kawula ngraosaken sih Paduka.

PS: Mandenga Gusti Allah!

Psw: **Kawula badhé mandeng Katresnanipun Allah.**

PS: Mandenga jagad!


Psw: **Kawula badhé mbekta karukunan ing jagad
 punika.**

PS: “Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng Panjenengan (kita) lan ngayomi Panjenengan (kita); Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng Panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng Panjenengan (kita) lan maringi tentrem rahayu.” Amin.

Psw: (*ngidungaken*) **Hosiana** (5x), **Amin** (3x)

[ba-den]

KEMIS, 18 APRIL 2019



KEMIS PETHAK

GUSTI YÉSUS, MINANGKA INKGANG KAGUNGAN DALEM SUMANAK LAN GRAPYAK

Katrangan:

Jejer “Gusti Yésus, Minangka Inkgang Kagungan Dalem Sumanak lan Grapyak” punika mugé dipun ketingalaken ing pangibadah ingkang supeket. Supeketipun Gusti Yésus kaliyan murid-muridipun ndadosaken pangibadah katindakaken kanthi mlampah makaten kémawon mboten wonten préntahipun. Mila saking punika para palados kedah rembagan sesarengan nata lampahing pangibadah. Papan pangibadah saged katata saprayoginipun supados saged nggambaraken kawontenan pasadhèrèkan ingkang kebak ing katresnan kados ingkang kadhawuhaken déning Gusti Yésus dhateng murid-muridipun.

PL: Pelados Liturgi

PS: Pelados Sabda

Psw: Pasamuwan/warganing pasamuwan

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

JT: Juru Tuter (Narator)

PACAWISAN

- *wekdal ening/pandonga pribadi.*
- *ngandharaken liturgi.*
- *arak-arakan lilin (saged dipun jumbuhaken kaliyan padataning/kawontenaning pasamuwan piyambak-piyambak).*

MAKEMPAL

PL: Para sadhèrèk, mangga ... sugeng rawuh. Dalu punika sadaya tiyang dipun ulemi rawuh mriki kanggé ngriyayakaken katresnanipun Sang Rama. Gusti ngulemi Panjenengan sadaya ingkang kersa rawuh ing patunggilaning katresnan-Ipun Gusti.

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 2:1, 3)*

KPJ 2. ALLAH MAHASUCI

Do=G 4/4 6/4

Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya. Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.

Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah,
kula sami nyadhong berkah.

Nggihi sabda kang suci, sabdanipun Gusti,
kang paring gesang sejati.

Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi, nilar gesang lami.

----- *pasamuwan jumeneng* -----

VOTUM LAN SALAM

PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Sang Rama, Putra, lan Roh Suci.

Psw: *(ngidungaken)* **Amin, Amin, Amin.**

PS: Gusti Allah nunggila ing Panjenengan!

U: **Nunggila ing Panjenengan ugi!**

----- *pasamuwan lenggah* -----

PAMBUKA

PL: Dalu punika kita makempal kanggé ngènget-ènget sumanak lan grapyakipun Gusti Yésus. Gusti Yésus karsa nampi lan ngrengkuh sadaya tiyang ingkang sowan Panjenenganipun. Punapa kita samekta nampi pangrengkuhipun Gusti Yésus anggènipun nanggapi pisowan kita?

Para sadhèrèk, sumangga kita ndedonga.

“Gusti Yésus, Paduka sampun nélakaken katresnan dhateng sadaya tiyang. Katresnan Paduka mboten winates dhateng sinten kémawon. Kadospunapa kawontenanipun tiyang-tiyang punika, sadaya dipun tampi kanthi sumanak. Sapintena umuripun tiyang-tiyang punika, sadaya Paduka rengkuh kalayan katresnan Paduka ingkang raket lan supeket. Saking pundia tiyang-tiyang punika sami sowan, tiyang-tiyang punika kaparingan papan ing penggalih Paduka. Ing dalem Paduka, cumawis pasugatan bujana kanggé sadaya tiyang. Tiyang-tiyang ingkang samekta nampèni pasugatan saking Paduka, kaaturan nikmati kanthi bingah. Dalu punika kawula ngantebaken gesang supados nikmati uleman Paduka, ngraosaken kabingahan sesarengan kaliyan Paduka, sinambi ngènget-ènget katresnan Paduka. Matur nuwun dhuh Gusti, dhateng Paduka kawula ndedonga. Amin.”

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 308:1-2).*

KPJ 308. KULA SAMI SESARENGAN

Do=F 4/4

Kula sami sesarengan kembul bujana suci,
yéku pratandhaning kurban, nggih kurbanipun Gusti.
Roti anggur ibaratnya sarira miwah rahnya.

Bujana suci puniki sesengkeraning Gusti,
ingkang dèn agem sarana ngrimat pitados kula;
temahan saged ngraosken tentrem-rahayu langgeng.

----- *pasamuwan jumeneng* -----

PL: Sadaya tiyang ingkang sowan dalu punika dipun ulemi kanggé andum katresnan tiyang satunggal lan sanèsipun. Gusti Yésus ingkang kagungan dalem ngandika, “Dudu kowé kang padha milih Aku, nanging Aku kang milih kowé. Aku wis netepaké, supaya kowé padha lunga lan metokaké woh lan wohmu iku lestaria,

sarana mangkono apa kang koksuwun marang Sang Rama atas saka jeNèngku, kajurungana déning Panjenengané marang kowé. Iki dhawuhku marang kowé: Padha tresna-tinresnanana." (Yohanes 15:16-17).

Psw: (*kasuwun sami jawat asta sarta ngandika: "Katresnanipun Gusti nunggila dhateng kita." Sasampunipun jawat asta, sesarengan ngidungaken KPJ 362:1, 3).*

KPJ 362 ING SATENGAHING BEBRAYAN AGUNG

Do=G 4/4

Ing satengahing bebrayan agung,
mung Pangéran pantes ginunggung.
Rahmatnya binabarken warata,
rumentah mring titah sadaya.

Reff.: Dèn tansah ndedonga lan makarya,
mrih kebabaring tentrem raharja.
Nggih gesang memitran wah pasadhèrèkan,
wit tyang sadaya tresna-tinresnan.

Sadaya datan pantes gumunggung,
angongasken dhiri kumlungkung,
prayogi tansah lembah ing manah,
ngrumaosi jejering titah,
Reff.:

----- pasamuwan lenggah -----

PALADOSAN PANGANDIKA

- Pandonga Èpiklése (*déning PS*)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L: (*maos **Pangentasan 12:1-14***)

Makaten sabdanipun Gusti!

Psw: (*ngidungaken KPJ 194:1*)

KPJ 194. KITAB SUCI KANG ADI

Do=D 2/2

Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,
nugraha saking Allah.

Tanggapan

L: (maos **Jabur Masmur 116**, saged kawaos gentosan kaliyan pasamuwan).

Waosan Kaping Kalih

L: (maos **1 Korintus 11:23-26**)

Makaten sabdanipun Gusti!

U: (ngidungaken KPJ 194:4)

KPJ 194. KITAB SUCI KANG ADI

Do=D 2/2

Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
ngreksa wiwit cilikku ngedohken siksa-pati,
ngedohken siksa-pati.

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil Yésus Kristus kapethik saking
Yohanes 13:1-17, 31b-35.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. Hosiana!

Psw: (ngidungaken) **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

- Khotbah
- Wekdal Ening

----- pasamuwan lenggah -----

LAMPAHING ANGGÈNIPUN MIJIKI

PL: Dalu punika, kita ngraos-raosaken sumanak lan grapyakipun Gusti Yésus anggènipun nampèni pisowanipun sadaya tiyang. Panjenenganipun karsa ngesoraken dhiri dados ingkang kagungan dalem ingkang ngladosi sadaya tamu-tamunipun. Saben tiyang dipun wijiki sukunipun. Kula aturi ènget, Panjenenganipun ugi mulangaken supados kita sadaya

ugi sami wisuh winisuan suku minangka
pratandhaning katresnan.

JT: (*maos rumpakan ngandhap punika*)

**“Gusti, Kula mBoten Gadhah Suku”
(*jejer aslinipun: “Tuhan, Aku Tidak Punya Kaki”*)**

Gusti, dalu punika Paduka ngulemi sadaya tiyang
kanthi sumanak lan grapyak
Kula sowan karana timbalan Paduka
Pasuryan Paduka grapyak, sumanak nampi pisowan kula

Gusti, sadaya tiyang Paduka pethukaken kathi premati
Sabèn tiyang sukunipun Paduka wijiki
Nyipati punika manah kula sedhih,
amargi kula mboten gadhah sikil
Ananging Paduka pirs dhateng sumelanging manah puniki
Èseming lathi Paduka, èstu merak ati
sarta Paduka wanti-wanti: “nak, nyerakka mriki,
asta dalasan sadaya driji sampéyan kula wijiki.”

Gusti, bingah raosing manah manggèn ing dalem Paduka
Sabèn tiyang Paduka wijiki dados resik énggal sadaya

Psw: (*sesarengan ngidungaken KPJ 72:1, 3*)

KPJ 72. GUSTI KAWULA INKGANG BINERKAHAN

Do=G 3/4

Gusti kawula ingkang binerkahan;
séda Paduka sung kawilujengan.
Kawula nglari nadyan klayan sisah,
dadosa margi mring resik ing manah.
Reff.: Resik pethak ngungkuli salju,
manah resik pethak ngungkuli salju

Gusti kawula ingkang binerkahan;
mugi lebura salir kasisahan.

Kula sinungana énggaling driya,
 murih dados resik klayan sampurna.
Reff.:

----- *ing salebetipun nindakaken mijiki suku, pasamuwan
 sami rengeng-rengeng ngidungaken “Mengasihi, Mengasihi,
 Lebih Sungguh” -----*

Psw: (sesarengan ngidungaken “Mengasihi, Mengasihi,
Lebih Sungguh”)

MENGASIHI, MENGASIHI, LEBIH SUNGGUH
(Kanthi basa Jawi)

Anresnani, anresnani, kanthi temen.
 Anresnani, anresnani, kanthi temen.
 Gusti luwih dhisik, wus nresnani, marang aku,
 Anresnani, anresnani, kanthi temen.

PS: (*ngaturaken pandonga panyuwunan supados greget
 lelados saha ngasoraken dhiri tansah pinanggih ing
 gesangipun pasamuwan*)

PALADOSAN BUJANA SUCI

*(kanggé pasamuwan ingkang ngladosaken Bujana Suci,
 paladosan Bujana Suci saged katindakaken mawi Pratélan
 ingkang wonten ing pasamuwan sapanggénan.)*

PISUNGSUNG

P/D: Puji sokur konjuk Gusti Allah, awit saking lubering sih-
 katresnanipun Gusti. Dalu punika kita ngriyayakaken
 katresnanipun Gusti Allah, kanthi ngaturaken
 pisungsung. Pangandika ingkang nalesi pisungsung
 punika, saking Jabur Masmur 52:11 makaten,
 “Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur wonten
 ing ngarsa Paduka ing salami-laminipun, margi
 saking pangrèh Paduka; awit asma Paduka punika
 saé, mila badhé kawula suwuraken wonten ing
 ngajengipun para kekasih Paduka!”

Psw: (sesarengan ngidungaken KPJ 154:1, 2)
 KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
 Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
 kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.:

----- pasamuwan jumeneng -----

P/D: (nuntun pandonga pisungsung, kapungkasan kanthi
 “Donga Rama Kawula”)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Para sadhèrèk, Gusti Yésus ngandika: “Dadi menawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus mijiki sikilmu, dadi kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan sikil.” (Yohanes 13:14)

Psw: **Kawula badhé ngèstokaken dhawuh Paduka.**

PS: Katindakna wonten ing gesang padintenan, ing pundia papan lan wekdalipun, katindakna dhateng sadaya tiyang. Tamènana berkahipun Gusti,
 Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan Gusti kita Yésus Kristus, sarta wonten ing salebeting patunggilan kaliyan Roh Suci, nunggila ing Panjenengan sadaya. Amin.

Psw: (sesarengan ngidungaken KPJ 68:1, 2, 4)

KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D ¾

Allah Ma asih asung Putranya, Allah Ma asih mring manungsa.
 Allah Ma asih asung Putranya, Allah Ma asih mring manungsa.


Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,
Allah Ma asih mring manungsa.

Gusti ingutus dadya Pamarta, Gusti ingutus nebus kula.
Gusti ingutus dadya Pamarta, Gusti ingutus nebus kula.
Reff.:

Gusti nyirnakken salir prihatin, Gusti nyirnakken ajrih kwatir.
Gusti nyirnakken salir prihatin, Gusti nyirnakken ajrih kwatir.
Reff.:

[wsn-den]

JUMUWAH, 19 APRIL 2019



JUMUWAH ADI

MARGINING SALIB, MARGINING PIRUKUN

Katrangan:

Satunggaling salib ageng dipun pajang ing altar papan pangibadah. Salib punika badhé kaginakaken wonten ing iring-iringaning lampah “mandeng salib” ing pangibadah Jumuwah Adi.

PL: Palados Liturgi

PS: Palados Sabda

Psw: Pasamuwan/warganing pasamuwan

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

*PM: Pelados Monolog, prayoginipun **wanita radi sepuh**.*

PACAWISAN

- *wekdal ening/pandonga pribadi*
- *nerangaken liturgi*
- *iring-iringan lilin (saged kajumbuhaken kaliyan kawontenanipun pasamuwan sapanggénan).*

MAKEMPAL

- *Koor utawi tiyang ingkang nuntun lampahipun pasamuwan ngidung, ngidungaken KPJ 259:1-2.*

----- pasamuwan jumeneng -----

Psw: (sesarengan ngidungaken KPJ 259:3, 4)

KPJ 259. ING ARDI GOLGOTA

Do=A 6/8

Salib kang minangka tandhaning kanisthan,
kecipratan ing getih suci.
dadi marga aku antuk kaslametan, dosa lebur wit rahé Gusti.
Reff.: Salib iku tansah dak pundhi,
nadyan nganti tumekèng janji.
Dak rangkul kanthi trusing kalbu
makutha kang dadya duwèkku.

Kanthi setya nurut ing marginé Gusti,
nadyan aku cinacat tansah;
katuntun mring papan kang luhur sejati,
nampa kalubèraning berkah
Reff.:

VOTUM

PS: Salibipun Gusti Yésus nimbali kita sowan nyelaki
Panjenenganipun supados kita ngraosaken patunggilan
kaliyan Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

Psw: (ngidungaken) **Amin, Amin, Amin!**

SALAM

PS: Gusti Allah nunggila ing Panjenengan!

Psw: **Nunggila ing Panjenengan ugi!**

----- pasamuwan lenggah -----

MONOLOG (medhar pangandikan tunggal)

(Sumber: <https://mashuget.wordpress.com/2011/02/17/naskah-monolog-perempuan-yang-turut-menyyalibkan-Yésus/>)

Wanita ingkang Nyalib Gusti Yésus

(salah satunggaling wanita ingkang kajibah dados pelados

monolog lumebet dhateng papan pangibadah kanthi sirahipun ndhingkluk).

PM: Aku mentas mbiyantu nyalib wong sing ora duwé kaluputan.
 Aku ora mangerti kepriyé bisané prastawa iki kelakon.
 Aku ana papan kono bebarengan karo tanggaku kanggo mangertèni apa bener
 Yésus Kristus bakal diluwari déning Pilatus.
 Aku karo tanggaku ora nduwèni niat apa-apa supaya Yésus iku ngajal.
 Pangiraku, Pilatus uga ora duwé niat mangkono.
 Yésus dudu prakara kang ngancam tumrap Pilatus.
 Ananging para pangareping imam iku kang nduwèni karep nyédani Yésus.
 Yésus wus nglarani atiné wong-wong iku nanging mung supaya padha pirsu, wong-wong iku, èèèh,
 wong-wong iku pancèn gampang banget rumangsa késénggol atiné.
 Mung amarga klèru anggoné nganggo trumpsah arep menyang sinagogé waé bisa gawé pangareping imam banget anggoné muring-muring.
 Nanging Yésus, Panjenengané nindakaké prakara kang luwih wigati tinimbang mung klèru milih trumpsah.
 Prakara kang ditindakaké Yésus, ya, kabèh mau aku meruhi dhéwé.
 Panjenengané nyarasaké akèh banget wong kang padha lara.
 Panjenengané gawé pulihé sikilé wong lumpuh.
 Malah tanggaku meruhi Yésus nundhung dhemit.
 Manut critané,
 Yésus mung jumeneng lan ngucapaké sawenèhing tembung lan dhemit-dhemit iku padha nurut.
 Panjenengané mulangaké akèh prakara kang anyar kang ora tau dak rungu sadurungé.
 Para pangareping imam ngandika menawa maem nganggo tangan sing ora resik marakaké kita najis,

nanging Yésus ngandika
 dudu apa kang ana ing tangan kita kang marakaké
 najis, ananging apa kang kelair saka tutuk kita.

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 270:1)*

KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

Sang Kristus sinangsara sianandhangan wirang
 Ri kinarya makutha, pinoyok tyang kathah.
 Rinangkèt lir durjana, cinampah siniya.
 Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?

PM: Dadi sejatiné aku ora duwé niat culika.

Nanging pancèn aku ana kana.

Para pangareping imam lan pinituwa ngadeg ngupengi
 aku sakancaku sarta nggenahaké marang aku kabèh
 welingan iki:

Menawa Pilatus takon apa kang kudu dilakoni dhèwèké
 marang Yésus,

kowé kabèh kudu matur: “Kasaliba tiyang punika!”.

Sarta aku kabèh nindakaké welingané para
 pangareping imam lan pinituwa.

Aku nglakoni préntahé para pangareping imam lan
 pinituwa.

Nalika Pilatus ndangu, “Yogéné?

Kaluputan apa sing uwis dilakoni wong iki?

aku kabèh mbales kanthi mbengok luwih sora
 “Kasaliba tiyang punika!”.

Aku pancèn mung mèlu-mèlu

sarta manèh aku iki mung wanita lumrah sing ringkih,
 apa kekuwatanku kanggo ngadhepi pepénginané para
 pangareping imam lan pinituwaning wong Farisi?

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 270:2)*

KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

Wit aku uga Gusti ginitik winirang.

Ngagem makutha eri lan singep poyokan.

Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha.

PM: Ananging sawisé iku,
aku ana ing papan kang caket karo kayu salib
lan aku krungu dhéwé Yésus ngandika
marang salah sawijining durjana kang uga kasalib
bebarengan karo Yésus
déné dina iku uga durjana mau bebarengan karo Yésus
ana ing Firdaus.
Aku mireng Panjenengané ngandika, "Dhuh Rama,
tiyang-tiyang punika mugé Paduka apunten."
Tiyang-tiyang punika Paduka apunten? Ngapura aku?
Aku ana ing sacedhaké salib
nalika pepeteng nekani lan nglimputi.
Aku nuli krungu Yésus ngandika "Wus rampung!",
Panjenengané banjur nungkulaké mustaka lan
masrahaké nyawané sarta kabèh dadi peteng ndhedhet.
Para panggedhéning prajurit Romawi uga krungu
tembung-tembung iku.
Salah siji ing antarané para prajurit ngucap mangkéné,
"Sanyata Panjenengané iku Putraning Allah."
Saiki aku mangerti iku mau kabèh.

Psw: (*sesarengan ngidungaken KPJ 270:3*)
KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

Dhuh Yésus kang ingajap pra luhur wit kina.
Mugi kula sadaya émuta slaminya.
Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,
nyawisi kedrajanan kula tiyang nistha.

PM: Tak pikir aku wus ora bakal kuwang manèh ketemu
adu arep karo salah sijining pandhèrèké Yésus,
utawa malah dadi salah sijining pandhèrèké,
sawisé apa kang dak tindakaké iki.
Ananging, ana sawetara wanita ing makam iku
èh, sabeneré aku ora ngarep-arep babar pisan

wanita-wanita iku bakal weruh marang aku apamanèh
 ngaruh-aruhi aku.
 Aku lagi iseng-iseng mlaku
 ing sacedhaké makam iku
 nalika salah siji saka antarané wanita-wanita iku
 nyawang aku.
 Wanita iku ngajak aku lungguh bebarengan karo
 dhèwèké kabèh.
 Wiwitané, aku nulak, ananging dhèwèké sumanak lan
 grapyak.

Psw: (sesarengan ngidungaken KPJ 269:2)
 KPJ 269. SAIBA SANGSARANE GUSTI

Do=A 2/4

Pundi dosané Gusti kula, nglampahi pinenthang.
 Saèstu Gusti tanpa dosa, ngrembat dosaning tiyang.
 Nggènipun masrahaken nyawa, dhasar dipun sedya,
 karsa nebus mring tiyang kathah, nggih kula sadaya.

Makaten Allah Kang Masuci, tan ngéman kang Putra
 kang kinasih dèn pasrahaken, mring kraharjan kula.
 Saiba sih-welasé Allah, dhateng tiyang dosa.
 Sinungken pangapunten sami, lantaran kang Putra.

PM: Lungguh ana tengah-tengahé para pandhèké Yésus,
 aku ora kuwagang njaga awakku dhéwé.
 Aku nangis lan ngakoni
 menawa aku ora nindakaké apa-apa
 kanggo ngluwari Yésus,
 déné aku iki salah sawijining wanita
 kang mbengok “Kasaliba tiyang punika”.
 Pangiraku para pandhèrèké Yésus bakal muring lan
 nundhung aku,
 ananging salah siji saka wong-wong iku
 ngulungaké tangané marang aku
 sarta klawan alus kandha manawa Yésus nresnani aku.
 Panjenengané bakal maringi pangapura marang aku.
 Aku mangerti manawa Panjenengané iku Putrané Allah

lan Panjenengané wus maringi pangapura marang aku
lan kabèh wong sing mbengok “Kasaliba tiyang
punika!”.

(kanthi swara kang cetha lan manteb)

Aku mangerti manawa Panjenengané dina iki wus
wungu saka séda.

Manawa aku manggon bebarengan karo para
pandhèrèké Yésus, mbokmenawa aku bakal duwé
wektu kanggo ndeleng Panjenengané.

Lan ngrungokaké Panjenengané ngandika menawa
Panjenengané nresnani aku.

Panjenengané nresnani kita kabèh.

Psw: *(sesarengan ngidungaken KPJ 269:3)*

KPJ 269. SAIBA SANGSARANE GUSTI

Do=A 2/4

Makaten Allah Kang Masuci, tan ngéman kang Putra
kang kinasih dèn pasrahaken, mring kraharjan kula.

Saiba sih-welasé Allah, dhateng tiyang dosa.

Sinungken pangapunten sami, lantaran kang Putra.

MANDENG SALIB

PL: Para sadhèrèk, menawi kita wonten ing sakiwa-
tengenipun salib sarta mirsani Gusti Yésus kasalib,
punapa ingkang badhé kita tindakaken? Margining
salib punika margining pirukun. Kanthi mandeng ing
salib, kita mandeng Panjenenganipun ingkang ingkang
ngurbanaken dhiri kagem jagat. Wekdal samangké kita
badhé mandeng salib ingkang wonten ing altar sinambi
ngènget-ènget margining kasangsaraipun Gusti Yésus
kanggé pirukunipun jagat.

Psw: *(pasamuwan gentosan majeng dhateng altar kanggé
mandeng salib. Nalikanipun mandeng/nyepeng salib,
pasamuwan kasuwun supados ngangen-angen bilih
salib mujudaken margining pirukunipun Allah.
Sinambi mlampah mandeng salib, Koor/Paduan
Suara/Nembang sesarengan/cantoria/solis ngidungaken*

KPJ 279:1-3. Anggènipun ngidung dipun wungsal-wangsuli ngantos sadaya pasamuwan mandeng salib. Pasamuwan ndhèrèk ngidungaken kanthi rengeng-rengeng)

Psw: (*rengeng-rengeng ngidungaken KPJ 279:1-3*)
 KPJ 279. YÈN MANDENG SALIBING GUSTI

Do=D 3/4

Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané,
 sagung dosa dak getuni, wit sampurna lelabeté.

Pinoyokan lan siniya, sédané wus anyelaki,
 kadi kapireng sabdanya, "Uriyku tumrap sabumi."

Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya;
 sèstu nggih tumrap kawula, ngraosaken sih Paduka.

PALADOSAN SABDA

- Pandonga Èpiklése (*déning PS*)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L: (*maos **Yésaya 52:13 – 53:12***)

Makaten pangandikanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan

L: (*maos **Jabur Masmur 22** saged gentosan antawisipun lèktor kaliyan pasamuwan*)

Waosan Kaping Kalih

L: (*maos **Ibrani 10:16-25***)

Makaten pangandikanipun Gusti!

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil Yésus Kristus kapendhet saking
Yohanes 19:16b-37.

Makaten Injilipun Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti sarta dipun gatosaken. Hosiana!

Psw : *(ngidungaken)* **Hosiana, Hosiana, Hosiana!**

- Khotbah
- Wekdal Ening

----- *pasamuwan jumeneng* -----

PANGAKENING PITADOS

P/D : Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Allah ing sadhéngah wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken **Pangaken Pitados Rasuli**.....

----- *pasamuwan lenggah* -----

PANDONGA SAFAAT

(déning PS)

PISUNGSUNG

P/D: Gusti Yésus Kristus iku Cempéning Allah ingkang mbirat dosanipun jagat. Panjenenganipun nimbali kita kanggé ndhèrèk ngaturaken kurban lumantar pisungsung sokur kita. Yunus 2:9 mratélakaken makaten: “Nanging kawula badhé nyaosi kurban dhateng Paduka kanthi ngucap sokur; punapa ingkang dados punagi kawula, badhé kawula leksanani; kawilujengan punika namung saking Sang Yéhuwah!”

Psw: *(pasamuwan ngaturaken pisungsung sinambi sesarengan ngidungaken KPJ 160:1-3)*

KPJ 160 GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

Do = D 3/4

Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula, sumangga Paduka agem kawula kagunganta.

Reff.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka, dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti;
mila kawula kumenadel pasrah kang trusing ati.
Reff.:

Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,
kagama dados lantaran babaring kabingahan.
Reff.:

----- *pasamuwan jumeneng* -----

P/D: (*nuntun pandonga caos pisungsung*)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Para sadhèrèk, pangurbananipun Sang Kristus mujudaken
satunggaling pambudidayanipun Gusti Allah anggènipun
nélakaken bedhamèn sarta manunggaling jagad.
Panjenenganipun ngersakaken supados jagad dados
satunggal brayat ageng pasamuwan manungsa ingkang
gesang ing salebetipun patunggilaning katresnan.

Psw: (*sesarengan ngidungaken KPJ 275:1-3*)

KPJ 275. SRANA MANDENG ING SALIB

Do=F 4/4

Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.
De cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.

Reff.: Swawi dèn pandeng !
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

Napa ta damelé Gusti Yésus séda,
yèn datan ngruwat dosa kita?
Napa ta damelé nombokaken nyawa,
yèn datan nebus dosa kita?
Reff.:

Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita dèn unjukna.
Mesthi antuk apura, temah agesang;

mbok dèn tampi lan suka-rena.

Reff.:

PS: Mugu-mugi lumantar pirukunipun Sang Kristus sadaya wujuding kadurakan, sesengitan, ngrèmèhaken sesami temtu kagantos déning gesang ing salebeting katresnan sarta pasadhèrèkan. Kanthi makaten sédanipun Sang Kristus sampun linangkung cekap, tegesipun cekap sepisan kémawon wutahing rah punika kelampahan.

Psw: **Amin.**

PS: Mengkera sarta dadosa tiyang ingkang dhemen olah karukunan ing satengahing jagad punika.
Mugu-mugi Gusti Allah, etuking pangajeng-ajeng, ngebaki Panjenengan sadaya kanthi sakathahing kabingahan sarta tentrem-rahayu ing salebeting kapitadosan Panjenengan, supados margi saking sawabipun Roh Suci, Panjenengan kasinungan lubèring pangajeng-ajeng. Amin.

Psw: (*ngidungaken*) **Hosianan** [5x] **Amin** [3x].

[wsn-den]

SABTU, 20 APRIL 2019



SABTU SEPI

SETU SEPI, SANÈS SETU *SÈLFISH*

Katrangan:

Wonten sawetawis bab sesambetan kaliyan liturgi punika, supados pangibadah lumampah kanthi ngresepaken manah:

- Sadèrèngipun ibadah kawiwitan, pasamuwan **sampun nampi katrangan** bab liturgi Setu Sepi punika.
- Anggènipun nyukani cahya ing papan pangibadah kadamel remeng-remeng.
- Kidung-kidung Taizé dipun diperdengarkan wiwit gréja sampun samekta kaginakaken, menawi prelu dipun wonteni gladhèn langkung rumiyin.
- Pasamuwan ingkang rawuh kasuwun énggal-énggal lumebet ing wekdal ening saha donga pribadi.
- Swasananing ibadah kajagi amrih eningipun.

Katrangan:

PL: Pelados Liturgi

PS: Pelados Sabda

Psw: Pasamuwan/warganing pasamuwan

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

Pacawisan

- lampu dipun pejahi, lilin dipun sumet -----
- pasamuwan lumebet ing wekdal ening -----
- loncèng/gentha/bèl kaungelaken, pasamuwan jumeneng ---

- *palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah kanthi arak-arakan: Kitab Suci, lilin, lan salib -----*

- ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 42 rambah kaping tiga ----***

KPJ 42. SAKÈHING SUKU BANGSA

Do=F 3/4

Sakèhing suku bangsa, ngegungna Gusti;
sakèhing suku bangsa ngegungna asmanya!

- ***Pamaosing Kitab Ayub 14:1-14 (déning Lèktor) -----***

- ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 37 rambah kaping tiga ----***

KPJ 37. KAMULYAKNA, HÉ JIWAKU

Do=G 4/4

Kamulyakna, hé jiwaku. Mulyakna Gusti Allah Juruslametku.
Kamulyakna, kamulyakna; mulyakna Gusti, hé jiwaku.

- *wekdal ening -----*

- ***Pamaosing Jabur Masmur 31:2-25, 16-17 (déning Lèktor) -----***

- *wekdal ening -----*

- ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 39 rambah kaping tiga ---***

KPJ 39. PUJI SOKUR MRING GUSTI

Do=D 3/4

Puji sokur mring Gusti, krana katresnannya.
Puji sokur mring Gusti. Haléluya!

- ***Pamaosing 1 Pétrus 4:1-8 (déning Lèktor) -----***

- *Wekdal ening -----*

- ***Pamaosing Injil Matius 27:57-66 (déning PS) -----***

▪ ***Pasamuwan sesarengan ngidungaken KPJ 41 rambah kaping tiga***

KPJ 41. ROH SUCI TUMEDHAKA

La = E 4/4

Roh Suci tumedhaka, mbabarken tresna Paduka.

Roh Suci tumedhaka, Sang Roh suci rawuha.

▪ ***Ngraos-raosaken andharaning Pangandikanipun Gusti -----***

PS: (nglantaraken renungan kanthi irah-irahan: “Setu Sepi, Sanès Setu Selfish”)

▪ *Wekdal ening -----*

▪ ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 36 rambah kaping tiga***

KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Mawelas, mugi angèneti kula;

Gusti Kang Maasih, mugi amelasi kula.

▪ *Pasamuwan saged mantha-mantha ingkang rawuh ing pangibadah punika – saged adhedhasar brayat - kanggé samidéné ndongakaken satunggal lan sanèsipun. Pandonga saged dipun pungkasi kanthi Donga Rama Kawula wonten ing ing panthanipun piyambak-piyambak. -----*

▪ *Wekdal ening -----*

▪ ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 35 rambah kaping tiga***

KPJ 35. AJA KUWATIR LAN WEDI

Do=A 4/4

Aja kuwatir lan aja wedi, awit nèng Gusti

tan kekurangan. Aja kuwatir lan aja wedi, tamtu tinanggelan.

▪ *wekdal ening -----*

▪ ***Donga panutup (déning PS) -----***

PS: Dhuh Gusti, kawula Paduka wulang supados nuladha dhateng katresnan Paduka, nyingkur dhateng sadaya pepénginaning badan lan deranging manah kawula piyambak. Mugi kawula kasagedna nggatosaken dhateng kabetahanipun sesami sarta rila legawa menawi kécalan kanggé tiyang sanès, supados kawula tumut ing wungu Paduka. Kawula pitados, kadosdéné anggèn Paduka séda punika kanggé sadaya tiyang, Paduka ugi wungu saking séda kanggé sadaya tiyang. Matur nuwun dhuh Gusti. Amin.

▪ ***Pasamuwan ngidungaken KPJ 38 rambah kaping 3***

KPJ 38. PUJI MRING GUSTI


Do=C 4/4

Puji mring Gusti kanthi trusing ati
Puji mring Gusti kang paring basuki.

- *Sasampunipun ngidungaken KPJ 38, pasamuwan kasuwun sami lumebet ing wekdal ening pribadhi, sarta ndedonga pribadhi. Sasampunipun cekap, pasamuwan saged mios saking papan pangibadah kanthi anteng, lan nyawisaken dhiri mapag Paska Subuh.*

[wsn-den]

Minggu, 21 April 2019



NAMBUS WUNGUNIPUN GUSTI, NDHATENGAKEN DAYA GESANG

Paska Enjang

Cathetan Umum

- Pangibadah Paska punika dipun rakit minangka pangibadah intergenerasional (wakiling sedaya generasi – laré ngantos adiyuswa - lelados wonten ing pangibadah. Usul saha gagasan saking sedaya generasi kasebat dipun olah satemah lampahing pangibadah saged dipun nikmati déning sedaya generasi.
- Menawi saged, lenggahipun laré-laré dipun klempakaken dados setunggal, saprelu nggampilaken anggènipun nata nalika dados prokantor utawi pemandu pepujèn lan sanès-sanèsipun. Mekatena ugi kanggé para nèm-nèman.
- Usher utawi juru among tamu prayogi kapiji saking warga adiyuswa, diwasa, nèm-nèman, saha laré.
- Pangibadah punika dipun rakit tanpa paladosan Bujana Suci. Menawi pasamuwan panjenengan nggadhahi kabiyasan Bujana Suci wonten ing Riyaya Minggu Paska, sumangga tata pangabekti punika dipun jangkepi piyambak.

Cathetan Mirunggan

- Paduan Suara Laré saha Paduan Suara para nèm-nèman karancang gegantosan dados Prokantor / Pemandu Pepujèn Pramila prayogi menawi sami dipun papanaken wonten ing papan mirunggan satemah saged saèstu mimpin pepujèn. Dados, menawi sami ngidung, mboten sami prelu majeng ing ngajengipun mimbar.

- *Setting papan pangibadah: wonten dhékorasi wujud guwa pasaréyan ingkang sela korinipun kabikak. Ing salebetipun guwa kasebat wonten lampu ingkang badhé dipun gesangaken nalika Juru Tutur Anèm wonten ing pangibadah ngucap: “Leres, Sang Kristus Pancèn sampun wungu!”*
- *Tata Pangabekti punika katata sacara rancag mbanyumili, mboten prelu dipun tambahi ukara pangajak ngidung lan pangajak sanès-sanèsipun. Sampun ngantos ugi wonten wekdal kosong / jeda namung kanggé ngentosi petugas ingkang mlampah tumuju dhateng mikropon.*

Katrangan:

JT anèm: Penutur Remaja-Pemuda

PS: Palados Sabda

U: Umat/pasamuwan

*Prd: Anggotaning pradataning Pasamuwan
(Dhiaken/Pinisepuh)*

L: Lèktor

PACAWISAN

- *Umat lumebet ing papan pangibadah*
- *Umat nindakaken wekdal ening sacara pribadi*
- *Pamaosing Pokok-pokok Pawartosing Pasamuwan*
- *Umat jumeneng*

TIMBALAN PANGIBADAH

*Prd 1: Dinten Punika, dinten pahargyan Paska kanggé kita.
Gumrégaha ... Sang Kristus sampun wungu!*

JT anèm (tiyang kalih): “Leres, Sang Kristus Pancèn sampun wungu!”

(pangucap punika kasarengan déning panyumeting lampu ingkang wonten ing salebetipun guwa pasaréyan)

Kristus sampun wungu!

(kaucapaken malih dening JT anèm sinambi sami tos / ngeplokaken asta tengenipun dhateng asta tengenipun kancanipun.)

(Saklajengipun, JT anèm ngajak tos dhateng 2-3 warganing pasamuwan, sinambi ngucap “Kristus sampun wungu! Kristus gesang!”)

U: *(samidéne “tos” kaliyan tiyang ingkang jumeneng ing kiwa tengen, ngajeng lan wingkingipun, sinambi ngucap “Kristus sampun wungu”)*

- *Paduan suara laré ngrepèkaken KPJ 276: 1-2*

SWAWI PRA KANCA

Swawi pra kanca girang memuja,
Kristus sinalib agesang malih.
Pamarta kula wungu sing séda.
Sampun tinitik Ratuning urip.
Gusti Panebus prangé wus unggul.
Pati wus kalah, antupé ical.

Tyang Kristen samya girang memuja;
Dé paukuman, bebendu laknat
Wus sirna èstu, Gusti wus wungu.
Kristus nguculi ranténing pati,
Sung gesang langgeng mring kang ngandelken.
Kula tyang dosa, sinungan uga.

Nalikaning PS laré ngidung, wonten nèm-nèman cacah 5 ingkang mlebet saking kori konsistori kiwa lan tengen nari/njoged miturut iramaning kidung KPJ 276 kasebat. Ibu/bapak/sadhèrèk kaaturan ngréka tarian kasebat kanthi mardika. Cepet-alon saha obahing raga wonten ing tarian kasebat kasuwun saged kacundhukaken kaliyan tempo saha isining kidung kasebat.

Gagasan inspiratif: ing tarian kasebat, wonten tiyang setunggal ingkang kadhapuk dados Sang Yésus ingkang ngagem jubah pethak. Déné tiyang sekawan sanèsipun manganggé rasukan biyasa ananging warninipun nuansa pethak. Nèm-nèman sekawan kasebat mbekta kain Panjang warna-warni padhang gilap (abrit, jené, pethak). Panjangipun kain kasebat wetawis 75 cm, wiyaripun 15 cm.

Kanthi iring-iringan pepujèn saking PS Laré, nèm-nèman gangsal kasebat ngobahaken badan lan ugi kain ingkang dipun cepeng kasebat miturut tempo lan isi KPJ 276.

Ing pungkasaning kedadungan pada kaping kalih, para paraga ndamel format aksara A mangadhep kori-mlebet gréja supados iring-iringan para Palados Pangibadah saged lumebet wonten ing papanipun piyambak-piyambak (mimbar, lsp.). Wonten ing format aksara A kasebat, nèm-nèman ingkang dados Sang Yésus tetep ngadeg ing tengah, ing ngajengipun mimbar, sinambi ngangkat saha nadhahaken astanipun manginggil, socanipun manyawang manginggil ugi.

Iring-iringan para Palados Pangibadah lumebet ing papan pangibadah kairingan pepujèn KPK BMGJ 273: 1,3 déning umat. Prd 2 ingkang dados cucuk lampahing iring-iringaning para Palados Pangibadah nyumet lilin Paska langkung rumiyin, kalajengaken Prd 3 masrahaken Kitab Suci dhumateng Palados Sabda.

Pasrah-tinampi Kitab Suci déning para Palados Pangibadah katindakaken presis ing sangajenging nèm-nèman ingkang kadhapuk dados Yésus. Nèm-nèman sekawan tetep ing papanipun piyambak-piyambak sinambi ngobahaken badan lan kainipun.

Prayogi menawi lilin Paska kapapanaken ing ngajeng mimbar, dipun kinten-kinten wetawis kalih jangkah tebihipun saking nèm-nèman ingkang kadhapuk dados Sang Yésus.

- *umat ngrepèkaken KPJ 276: 3-4 dipunpimpin déning PS Anak*

SWAWI PRA KANCA

Salumah bumi badhé ngurmati,
 Gusti kang séda lan wungu uga.
 Swawi salir tyang kang karibedan,
 Swawi ngungsèni piwlasé Gusti,
 Ndhèrèk anyangga kalingsemannya
 Ja ajrih pejah, Gusti kang menang.

-tanpa interlude-

Mara mujia! Hé jagad wrata!
 Gusti panutan, Ratuning gesang.
 Urip kang langgeng wus linairken
 Mara tangia king sagung dosa,
 Ngambaha dalam mring kautaman
 Gusti murugken mring gesang langgeng.

VOTUM

- PS: Pangibadah Riyaya Paska punika katindakaken wonten
 ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang
 Roh Suci. Amin!
 U: AMIN, AMIN, AMIN.

SALAM

- PS: (ngrepèkaken KPJ 460 utawi KP 200) Tentrem Raharja
 sing Gusti kita ...
 U: (ngrepèkaken) Tumrah mring kita
 PS: (ngrepèkaken)) Tentrem Raharja sing Gusti kita ...
 U: (ngrepèkaken) Tumrah mring kita

- *umat lenggah*

PAMBUKA

- JT Anèm: Sang Kristus èstu wungu! Sang Kristus èstu gesang!
 Punika inti iman kapitadosan kita! Wungunipun dados
 bukti bilih Sang Kristus punika Gusti ingkang kagungan

panguwaos. Kuwaos kanggé maringi gesang. Kuwaos kanggé nangèkaken manungsa saking sadhèngah wujuding pepejah.

Pramila, sumangga kita nambut wungunipun Sang Kristus kanthi kebaking greget. Kanggé dhiri kita pribadi, mekatena ugi kanggé sesami saha sedaya titah. Haléluya!

▪ *Paduan Suara Para Nèm-nèman ngrepékaken KPJ 285:1*
GUSTI YÉsus WUS WUNGU

Gusti Yésus wus wungu, Ha---lé--lu—ya

Bumi swarga agirang, Ha---lé--lu—ya

Samya memuji sokur, Ha---lé--lu—ya

Mring Gusti kang wus mimpang, Ha---lé--lu—ya

--- *tanpa interlude* ---

▪ *Umat ngrepékaken KPJ 285: 2, 3*

Katrenané sampurna, Ha---lé--lu—ya

Kamenangané nyata, Ha---lé--lu—ya

Sunaring surya padhang, Ha---lé--lu—ya

Tinampi kanthi giran, Ha---lé--lu—ya

--- *tanpa interlude* ---

Gesang malih Sang Raja, Ha---lé--lu—ya

Kita tentrem-raharja, Ha---lé--lu—ya

Pati, endi antupmu? Ha---lé--lu—ya

Kubur, endi kwasamu, Ha---lé--lu—ya

LITANI PANGAKENING DOSA

Prd 3: Kristus sampun wungu ...

Panjenenganipun èstu gesang ...

Ananging ... wonten ing gesang padintenan ...

Kadhangkala kita kirang ... utawi malah mboten

nambut wungunipun ...

Tundhanipun, kita gesang wonten ing sakjawinipun

kuwaos sihipun Gusti

U: Nyuwun pangapunten, dhuh Gusti ...

- *umat sadaya ngrepékaken KPJ 268:1*

PANGLIPURING TYANG PRIHATOS

Panglipuring tyang prihatos, klangenaning tyas kula.
 Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya.
 Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki
 Nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji.
 --- *tanpa interlute* ---

- *PS Para Nèm-nèman lan umat sadaya gentosan ngrepékaken KPJ 268:2*

PS Para Nèm-nèman:

Iba-iba Gusti mlasì bangsa apes lan nistha.
 Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda.
 Riwé, rah, waspa Paduka nèng Gètsémané mili.

Umat:

Ngluwar kula sing ukuman, mbikak margining swargi.
 --- *interlute* ---

- *PS Laré lan umat sadaya gegentosan ngrepékaken KPJ 268:3*

PS Laré:

Gusti tinuwèk ing galih déning poyok kang sengak.
 Benduné Allah kang adil sinanggi Gusti pyambak.
 Nggirisi Gusti siniya wonten ardi Golgota,

Umat sadaya:

Pasrah sinalib siniya, krana jagad duraka.

- *umat jumeneng*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Minangka abdinipun Gusti Yésus Kristus, kula
 ngaturaken bilih pangapuntening dosa kelampahan
 wonten ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra
 tuwin Sang Soh suci. Amin.
 Jabur Masmur 100:3 nélakaken, “Padha sumurupa
 manawa Pangéran Yéhuwah iku Gusti Allah,
 Panjenengané iku kang nitahaké kita lan kita dadi

kagunané, umaté lan pepanthan wedhus ngèn-
ngènané.”

Mekaten pawartos Sih-Rahmat saking Gusti!

U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!

PS: Amargi Gusti sampun ngrukunaken kita luwar saking
dosa, sumangga kita nélakaken karukunan dhateng
sesami lumantar jawat asta kaliyan tiyang-tiyang ing
kiwa tengen kita sinambi ngucapk „tentrem rahayu“.

- *umat sami jawat asta kaliyan tiyang 4 ingkang lenggah ing
kiwa tengenipun.*
- *PS Laré ngrepèkaken KPJ 267:1 pérangan wiwitan, umat
sadaya ngidung Refreinipun*

PAMARTA KULA AGESANG

PS Laré:

Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
Kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula.
Wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.

Umat sadaya:

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

- *Tanpa interlute, PS Para Nèm-nèman ngidung KPJ 267:2
pérangan wiwitan, umat sadaya ngidung Refreinipun.*

PS Para Nèm-nèman:

Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula,
Mila kula puji. Saiba dènnya ngaishi,
kula ngantos dènparingi gesang langgeng ugi.

Umat sadaya:

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

- *umat lenggah*

PALADOSAN PANGANDIKA

- DONGA EPIKLESE (DÉNING PF)
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan sepisan

- L: (maos **Yésaya 65: 17-25**)
 Mekaten Pangandikanipun Gusti!
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan

- L: (Maos **Mazmur 118:1-2, 14-24** sacara gegentosan kaliyan umat)

Waosan kaping kalih

- L: (maos **Kisah Para Rasul 10:34-43**)
 Mekaten Pangandikanipun Gusti!
 U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

- PS: Pamaosing Injil kapethik saking **Lukas 24:1-12....**
 Mekaten Pangandikanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha ngéstockaken ing gesang padintenan. Haléluya!
 U: (*aklamasi*) **HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA!**

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING
- KOOR ADIYUSWA / DEWASA (MENAWI WONTEN)

▪ *umat jumeneng***PANGAKEN PITADOS**

Prd 4: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing mangsa kapengker, samangké, saha ing mangsa mangajeng, sumangga kita télakaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang mekaten ...
(prayogi mawi gerakan, ingkang dipun pandhegani guru Sekolah Minggu)

▪ *umat lenggah*

PANDONGA SAFAAT

(Déning wakil saking tiyangsepuh, nèm-nèman, laré, lan Palados Sabda, dipun pungkasi kaliyan Donga Rama Kawula ingkang dipun tembangaken saking KPJ 152)

RAMA KAWULA KANG WONTEN SWARGA

Rama kawula kang wonten swarga,
 ingkang asma kasucèkna, Kraton Paduka rawuh,
 karsa Paduka klampah ing bumi kadya anèng swarga.
 Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;
 kula kaapuntenna, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan kraton lan wisesa
 sarta kamulyanannya ngantos slami-laminya. Amin. Amin.

PISUNGSUNG

Prd 5: Samangké, sumangga kita nyaosaken pisungsung atur panuwun konjuk Gusti. Pangandikanipun wonten ing 1 Korinta 15:57 nélakaken mekaten, “Nanging puji sokur konjuk ing ngarsané Gusti Allah, kang paring kaunggulan marang kita marga saka Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.”

- *umat caos pisungsung sinambi ngidung KPJ 154: 1- (kapertal saking lagu pop „Betapa Hatiku”)*

Umat Sadaya:

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
 Paduka ngasihi, kula kagunganta.

PS Laré:

Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pangaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,

mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.
 --- *tanpa interlude* ---

PS Para Nèm-nèman:

Saiba éndahing, sih-tresna Paduka, Gusti.
 Kula kagunganta, Paduka rimati.

Umat sadaya:

Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pangaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugè katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

*(Menawi pangédaring kantong pisungsung dèrèng rampung,
 kekidungan saged dipun ambali saking pada 1)*

- *umat jumeneng, Prd 5 ngaturaken pandonga pisungsung.*

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Ing satengahing jagad ingkang asring asung „daya pepejah“,
 kita dipun timbali supados saged mbagèkaken dayaning
 gesang.

U: KAWULA SUMADYA MBAGÈKAKEN DAYA GESANG!

PS: Pinujia Gusti ingkang karsa nimbali lan ngagem kita
 nindakaken pakaryanipun ing jagad punika.

- *umat ngidung KPJ 262:1,2*

KWAOSING ASMA PADUKA

Kwaosing asma Paduka ingkang kita sebar;
 Pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.
 Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,
 amrih tuwuha ngrembaka, temah medal wohira,
 munpangati salumahing bumi.

Kados tuladha paduka kang nandhang sangsara.
 Dé sinalib nulya séda, wit dosaning jalma.
 Kados wiji kang katanem ing siti samya kapendhem,
 makaten kita kang nistha, kepareng nunggil Paduka,
 binerkahan, pikantuk kaswargan.

PS: Sami mundura saking papan pangibadah punika.
 Samia nambut wungunipun Gusti saha samia
 mbagèkaken daya gesangipun Gusti dhateng sok
 sintena kémawon.
 Samangké sami nampènana berkahipun Gusti:
 “Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng
 panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita);
 Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning
 wedananipun dhateng Panjenengan (kita) lan maringi
 sih rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken
 cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita)
 lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: AMIN.

▪ *umat ngidung KPJ 262:3*

KWAOSING ASMA PADUKA

Paduka kang wungu malih saking palimengan
 Kawula sami antuk sih, rahmating pangéran.
 Karebat saking antaka, nampi kamulyaning Swarga.
 Gusti ngutusa pra abdi kang tlatos anyebar wiji
 Kanthi setya, katur mring Paduka.

[mh]

MINGGU, 21 APRIL 2019



PASKA SONTEN

MEMITRAN INKGANG NYANTOSAKAKEN

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

U: Pasamuwan/warganing pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken (Warganing Pradata Pasamuwan)

L: Lèktor

PACAWISAN

- *pasamuwan lumebet ing wekdal ening lan ndedonga pribadhi.*
- *pamaosing Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *panyumeting lilin Paska*

----- *pasamuwan jumeneng* -----

TIMBALAN IBADAH

PL: Dinten punika, sesarengan kaliyan pasamuwanipun Allah ing satengahing Pasamuwanipun Gusti. Ing papan ngriki kita sami caos sokur saha mratélakaken bilih kita punika pasamuwanipun Allah. Kanthi mirungan, kita pinanggih kaliyan Gusti Yésus ingkang sampun wungu saking séda, kadosdéné rawuhipun ingkang nyelaki lan nyarengi lampahipun murid kalih wangsul dhateng Émaus. Sumangg kita nguuh-uwuh:

U: **Pinarak lenggah sesarengan kawula, dhuh Gusti.**

PL: kasagedna kawula ngraosaken dayaning Wungu Paduka ingkang nyantosakaken.

U: **supados kawula dados pasamuwanipun Allah ingkang santosa tuwin makarya ing satengahing jagad**

P/D: Kawula badhé asurak-surak mahargya wungu Paduka.

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 258:1-3)

KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

Sesarengan

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
 Bumi swarga agirang! Haléluya
 Samnya memuji sokur! Haléluya!
 Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!

Umar Priya

Pasamuwan Wanita

- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
 Kamenangané nyata! Haléluya!
 Sunaring surya padhang! Haléluya!
 Tinampi kanthi girang! Haléluya!

Pasamuwan Wanita

Pasamuwan Priya

- 3) Gesang malih Sang Raja! Haléluya!
 Kita tentrem - raharja! Haléluya!
 Pati, endi antupmu? Haléluya!
 Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

----- ing salebetipun pasamuwan ngidung, pelados
 pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah -----

VOTUM

PS: Sang Kristus sampun wungu!

U: **Inggih, Ieres, Panjenenganipun sampun wungu.**

PS: Pangibadah punika lumampah kanggé ngriyayakaken Sang Kristus ingkang wungu. Amin.

U: (ngidungaken) **Amin, Amin, Amin!**

SALAM

PS: Tentrem-rahayunipun Sang Kristus ingkang wungu
nunggila ing Panjenengan!

U: **Nunggila ing Panjenengan ugi!**

----- pasamuwan lenggah -----

GUSTI YÉSUS, SANG MITRA SAJATI

PL: Gusti Yésus nglairaken sariranipun minangka mitra.
Panjenenganipun ngandika:

“Aku ora ngarani abdi manèh marang kowé, sabab abdi
iku ora mangerti apa kang katindakaké déning
bendarané, nanging kowé wus padha daksebut mitra,
jalaran sabarang kang wis dakrungu saka Ramaku, iku
wis daksumurupaké kabèh marang kowé.” (Yohanes
15:15)

U: (sesarengan ngidungaken NKB 167:1-2)

167. TUHAN YESUS SAHABATKU

do = f 4 ketuk

3 4 | 5 5 6 5 5 3 . 1 | 2 1 1 6 5 ,
Tu -han Ye-sus sa- ha - bat-ku, ter-cin- ta dan e - rat,

1 2 | 3 3 3 3 6 5 5 3 | 2 . . ,
me - le - bih - i se - ga - la - nya ba - gi - ku :

3 4 | 5 5 6 5 5 3 . 1 | 2 1 1 6 5 ,
Bu-nga ba-kung pa-ling in-dah yang tumbuh di lembah,

1 2 | 3 5 3 1 2 4 3 2 | 1 . . ,
mengam - pun - i me - nyu - ci - kan di - ri - ku.

1 | 4 4 4 4 4 6 . 6 | 6 5 5 3 5 '
 Peng-hi - bur da - lam du -ka, Pe - no-long yang te-guh;

3 2 | 1 1 1 1 6 5 5 3 | 2 . . |
 ke - pa - da - Nya ku - se - rah - kan kua- tir - ku.

Refrein

3 4 | 5 5 6 5 5 3 . 1 | 2 1 1 6 5 '
 Bu-nga ba-kung pa-ling in-dah yang tumbuh di lembah,

1 2 | 3 5 3 1 2 4 3 2 | 1 . . ||
 me - le - bih - i se - ga - la - nya ba - gi - ku.

Di setiap percobaan dan duka batinku
 Ia benteng dan perisaiku tetap.
 Demi Dia kutinggalkan berhala hatiku;
 oleh Dia 'ku bertahan dan tegap.
 Digoda oleh Iblis, 'ku takkan menyerah;
 Yésus jamin kemenangan imanku.

- PL: William Charles Fry (1837-1882) nglairaken kayakinan imanipun bilih Gusti Yé punika mitranipun pasamuwan manungsa. Kayakinan punika kaserat lumantar kidungipun ingkang misuwur, jejeripun *I Have Found a Friend in Jesus* utawi *The Lily of the Valley*. Kidung punika salajengipun dipun pertal ing basa Indonesia kanthi jejer "*Tuhan Yésus Sahabatku.*". Éman, pertal basa Jawi dèrèng wonten. Kanggénipun Fry, satunggaling mitra badhé mbudidaya ndhatengaken "kaéndahan" kanggé mitra-mitranipun. Kaéndahan punika dipun gambaraken Fry kadosdéné "sekar bakung ingkang éndah piyambak", nedahaken dhateng kitab Mustakaning Kidung 2:1 saha Injil Matius 6:28-29. Lumantar gegambaran punika Fry badhé ngandika

bilih mboten wonten kaéndahan ingkang nglangkungi pakaryanipun Gusti Yésus kanggé para mitran-Ipun. Pakaryanipun Gusti Yésus ingkang éndah piyambak punika dipun paringaken déning Sang Mitra Sajati awujud pangapunten lan panampèn. Punapa malih ingkang langkung éndah kajèjèraken kaliyan pangapunten lan panampèn?

U: (sesarengan ngidungaken NKB 167:3)

NKB 167 TUHAN YÉSUS SAHABATKU

do = f 4 ketuk

- 3) Ia takkan membiarkan dan meninggalkanku;
aku hidup oleh iman pada-Nya.
Ia tembok yang berapi di sekelilingku,
Roti Hidup yang membuatku kenyang.
Kelak di kemuliaan 'ku nampak wajah-Nya
dan berkat sorgawi melimpahiku.
Refrein: Bunga Bakung paling indah
yang tumbuh di lembah,
melebihi segalanya bagiku.

PL: Fry nggambaraken tumindakipun Gusti Yésus minangka mitra kajèjèraken kaliyan bètèng saha tamèng ingkang santosa. Ing Kitab Suci, tembung “bètèng” (*benteng*) saha “tamèng” (*perisai*) nggambaraken pakaryaning pangrimatipun Allah dhateng pasamuwan manungsa ingkang dipun tresnani Gusti. Ing salebeting pengalaman imanipun Fry, Sang Mitra rawuh maringi pangayoman saha katentreman saking Panjenenganipun. Memitran pinanggih prayogi amargi Sang Mitra mboten naté nilar mitranipun dhawah kanteb piyambakan ing salebetipun tarung nglabeti gesangipun. Amargi saking punika, kita kaberek tansah sumadya ngulungaken asta mangun memitran. Awit memitran makaten mboten saged kelampahan menawi namung saking satunggal péhak.

Sebatan roti nedahaken menawi Sang Mitra sumadya nandhang sangsara, nglabeti manungsa, nglabeti mitranipun. Keyakinan ingkang makaten wau ingkang ndadosaken Fry saged mapag kanthi suka bingah dhateng gesang langgengipun sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Kados ingkang kaserat éndah ing maéjanipun:

I'm safe home at last!

(Wusanané aku bali menyang omah kanthi tentrem!)

I live an endless life.

(Aku wus nglakoni urip kang ora ana wusanané)

PANGAKEN DOSA

(PS ngonjukaken pandonga nelangsani dosa amargi manungsa asring mboten nglanggati uleman memitran ingkang dipun adani Gusti Yésus.)

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 45:1,2)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anêng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.

----- pasamuwan jumeneng -----

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Gusti Yésus ngandika, "Iki dhawuhku marang kowé: Padha tresna-tinresnanana." (Yohanes 15:17)

U: **Kawula purun nresnani
Pangéran, Allah kawula
kanthi gumolonging manah
kanthi gumolonging nyawa
sarta kanthi gumolonging kakiyatan**

**punapadéné kanthi gumolonging budi kawula,
Kawula purun nresnani sesamining manungsa
kados dhateng badan kawula piyambak.**

(mirsanana Lukas 10:27)

PS: Sumangga kita olah memitran kadosdéné Gusti Yésus
ingkang sampun sumadya dados mitra kita.

U: *(kasuwun sami jawat asta kanthi ngucapaken:
“Salam Memitran”).*

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 113:1, 3)*

KPJ 113. GUSTI YÉSUS SANG PAMARTA

Do=G 3/4

- 1) Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhèrèk Paduka,
manggul salib ing salaminya klayan bingahing driya.
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah;
sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
- 3) Karibedan lan sangsara krana ndhèrèk Paduka,
ngiyatken tékating manah, nggayuh Kratoning Allah.
Datan geter datan wedi neksèni Injil suci,
mrih gesang langgeng katampi, wit tinunggil ing Gusti.

----- pasamuwan lenggah -----

PALADOSAN PANGANDIKA

- Pandonga Èpiklése (*déning PS*)
- Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L : *(maos Yésaya 25: 6-9)*

Makaten sabdanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan

L : *(maos **Jabur Masmur 114**, saged kawaos gentosan
kaliyan pasamuwan)*

Waosan kaping kalih

L : *(maos **1 Korintus 5:6-8**)*

Makaten sabdanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil Yésus Kristus kapethik saking **Lukas 24:13-49.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu saben tiyang ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti saha ngèstokaken. Haléluya!

U : *(ngidungaken)* **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

- Khotbah
- Wekdal Ening
- Pisungsung Pepujèn (menawi wonten)

----- *pasamuwan jumeneng* -----

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sumangga kita ngénggalaken grengsenging iman kita kanthi nglairaken pangakening pitados kita kados ingkang kawrat ing KPJ 122,

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah

Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.

- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

-----pasamuwan lenggah -----

PANDONGA SAFAAT

(Pandonga safaat dipun unjukaken kanthi deranging memitran. Saben tiyang ingkang sami ndhèrèk ngibadah kasuwun sami sapa-aruh dhateng tiyang sanès, pitepangan kaliyan ingkang lenggah sacelakipun, sinambi andum pokok-pokok pandonga ingkang badhé dipun dongakaken gentosan. Pandonga safaat dipun unjukaken PS sasampunipun sadaya tiyang sami déné ndongakaken. Pandonga safaat kapungkasan kanthi ngidungaken KPJ 152)

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 152)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
ingkang Asma kasucèkna.
Kraton Paduka rawuh,
karsa Paduka klampah
ing bumi kadya anèng swarga.
Ing dinten sapunika
sinunga cekap rejeki;
kula kaapuntenna,
kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
sampun nandukken kula dhateng panggodha,
kalepasna kula saking piawon,
jer Gusti kang kagungan lan wisésa
sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
Amin, amin.

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita caos sokur kanggé kasaénanipun Gusti ingkang sampun séda nunten wungu kanggé nyantosakaken gesang kita. Raos sokur badhé kita aturaken lumantar pisungsung, kanthi ènget dhateng pangandikanipun Gusti,

“Aja legèh anggonmu séba marang ngarsané Pangéran Yéhuwah, nanging saben wong uga nggawaa pisungsung sakuwaté, cundhuk karo berkah peparingé Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé.” (Pangandharing Torèt 16:16b-17).

----- *pasamuwan ngaturaken pisungsung kanthi ngidungaken KPJ 154:1-2* -----

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 154:1-2)

KPJ 157. CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
Klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahing Gusti tanpa tinandhingan
Sarana samubarang saisining bumi
Jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.
Reff.:
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
Amrih kratoning Allah énggal kelampah
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Reff.:

---- *pasamuwan jumeneng* ----

P/D: (nuntun pandonga piungsung)

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Sumangga kita nyenyuwun dhateng Gusti, supados Panjenenganipun karsa manggèn sesarengan kaliyan kita

U: SAPRELU NYAGEDAKEN LAN NGUTUS PASAMUWANNYA

PS: Pinujia Gusti ingkang sampun dados kanca tunggil lampahipun Kléopas saha kancanipun

U: PINUJIA GUSTI INKGANG SAMPUN DADOS KANCA KANGGÉ KITA ING SAKLAMI-LAMINIPUN.

U: (sesarengan ngidungaken KPJ 74:1-3)
74. GUSTI MUGI NUNGGILA

Do=F 4/4

1) Gusti mugi nunggil mring kula.

Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
namung Paduka kang mitulungi.
Sumangga, Gusti nunggil mring kula.

2) Éwah-gingsir sabarang nèng donya.

datan langgeng ing kaananira;
ninging iman kula panggah santosa,
wit Paduka tansah nunggil kula.

3) Saèstu Gusti dados peparang,

pikekah jroning gung karibedan,
tamèng prahara anèng samodra;
wit Gusti tansah nunggil mring kula.

PS: Mengkera ing salebetipun pangayomaning katresnanipun Gusti ingkang tansah nunggil saha mberkahi kita. Kalajengna anggèn Panjenengan mbabar ayahaning timbalan minangka abdinipun Gusti ingkang nyantosakaken sinambi ngèngeti, “Gusti Allah sumbering tentrem rahayu, nunggil ing Panjenengan sadaya!” Amin.

U: (ngidungaken KPJ 45:1)


KPJ. 451 SUMANGGA PRA KADANG

Do=F 4/4

- 1) Sumangga, pra kadang, misungsungen gesang,
ngayahi timbalan karyaning Pangéran.
Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga.

[asp-den]

Pakempalan Pandonga



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**





PAKEMPALAN PANDONGA 1

LEMBAH MANAH KADOS GUSTI YÉSUS

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung KPJ 196:1-5

KULA PÉNGIN LIR GUSTI

Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati,
tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresepi,

Refrein:

O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
Kula mugè winulang, nulad maring Gusti.

Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah.

Reff.:

Kula péngin lir Gusti, melasi pra miskin,
tetulung kang kribedan, klawan trusing batin

Reff.:

Kula péngin lir Gusti, tresna maring mengsah,
senadyan dèn poyoki tan sakit ing manah.

Reff.:

Kula péngin lir Gusti, tresna maring Allah,
nindakna kasaéan, ulah pangibadah.

Reff.:

3. Pamaosing Masmur (Masmur 149:1-9)

4. **Kidung KPJ 343:1-3**

KULA NEDYA KADOS GUSTI

Kula nedya kados Gusti gesang suci, gesang suci.
 Kula nedya kados Gusti gesang suci,
 gesang suci, gesang suci,
 Kula nedya kados Gusti gesang suci.

Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti, dhateng Gusti.
 Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti.
 dhateng Gusti, dhateng Gusti,
 Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti.

Kula nedya olah tresna mring sesami, mring sesami.
 Kula nedya olah tresna mring sesami,
 mring sesami, mring sesami,
 Kula nedya olah tresna mring sesami.

5. **Pandong**

6. **Pamaosing Kitab Suci (Matéus 3:13-17)**

7. **Renungan**

Ing satunggaling wekdal, ing lapangan parkir, wonten bapak wangunipun biasa apitakèn dhateng sopir truk ingkang nembé markir tetumpakanipun. “Kados pundi kawontenaning putra Panjenengan? Punapa sampun sangsaya séhat sasampunipun wangsul saking griya sakit wingi?” Sopir truk wau atur wangsulan: “Sampun pak matur nuwun paringipun kawigatosan.” Cariyos punika limrah kémawon menawi kita mboten tepang sinten ingkang ngendika dhateng sopir truk punika. Tiyang wau James H. Blanchard, CEO perusahaan ageng ing pundi sopir punika nyambut damel. Pangandikan punika nélakaken bilih ing antawisipun tiyang kalih punika sajak mboten wonten bédanipun. Lantaran pangandikan

ingkang prasaja punika kita saged manggihaken wontenipun raos lembah manah.

Lembah manah punika salah satunggaling sipat utawi wewatekan penting tumrap manungsa, ananging ingkang sangsaya langka. Lembah manah béda kaliyan asoring dhiri. Asoring dhiri punika kirang pitados dhateng dhiri pribadi, rumaos alit lan mboten migunani. Prèjènganipun lingsem, ndhungkluk, lan kebak ing raos was-was. Asoring dhiri punika wujuding karingkihan/kakirangan.

Kosok-wangsulipun lembah manah malah nélakaken kekiyatan. Namung tiyang ingkang kiyat jiwaniipun ingkang saged apatrap lembah manah. Tiyang punika kados-déné pantun ingkang sangsaya mentes isinipun sangsaya ndhungkluk. Tiyang ingkang lembah manah saged kanthi trusing manah ngakeni lan ngaosi tiyang sanès.

Kitab Suci kebak déning pitedah supados pasamuwanipun Gusti nggadahi manah ingkang lembah, ingkang andhap asor. Ing antawisipun:

- Wulang Bebasan 11:2 “Samangsa piangkuh teka, pepoyok uga nututi, nanging kawicaksanan dumunung ana ing wong kang lembah manah”.
- Masmur 25:9 “Wong kang lembah manah padha dituntun lakuné ana ing kabeneran, wong kang lembah manah padha ditedahi marginé.”
- Éfesus 4:2 “Ditansah andhap-asor, sarèh lan sabar. Padha ngétokna katresnanmu kalawan tulung-tinulung.”

Lembah manah punika lelawanan kaliyan angkuh. Angkuh punika upadi kanggé ngluhuraken dhiri. Rumaos dhirinipun ageng, ngédab-édabi. Srana lembah manah kita gadhah kasadharan bilih gesang ingkang kita lampahi punika namung karena peparingipun Gusti. Menawi kita gadhah kalenggahan inggil, punika peparingipun Gusti. Menawi kita gadhah kasugihan kathah, punika peparingipun Gusti. Menawi kita gadhah pasuryan ingkang ayu lan nggantheng, punika peparingipun

Gusti. Menawi kita gadhah talenta ingkang mirunggan, punika peparingipun Gusti.

Lembah manah dipun pratélakaken déning Gusti Yésus nalika Panjenenganpun badhé kabaptis déning Yokanan Pambaptis. Baptisan ingkang dipun tindakaken déning Yokanan punika baptisan pamratobat lan pangapuntening dosa (Mat. 2:11). Punika ateges bilih Gusti Yésus punika ngaken yèn nandhang dosa. Pramila, Yokanan ingkang mangertos sinten ta Gusti Yésus punika munjuk: “Kawula ingkang prelu Paduka baptis (Mat. 3:14).” Yokanan mangertos bilih mboten pantes mbaptis Gusti Yésus. Nanging kados pundi paring wangsulanipun Gusti Yésus? Ing ayat 15 “Wis ta cik bèn, amarga iya mangkono iku patuté aku lan kowé padha netepi sakèhé kabeneran.” Kénging punapa Gusti Yésus apatrap lembah manah? Punapa Panjenenganipun ngersakaken nampi pangalembana? Temtu kémawon mboten. Gusti Yésus nindakaken bab punika mboten supados kaalembana, nanging kagem ngluhuraken Gusti.

Ingang dados soal, kados pundi supados kita dados pribadi ingkang lembah manah? Mbokmenawi kita saged sinau saking upadinipun ibu Térésa ingkang prasaja. Miturut ibu Teresa, tiyang badhé dados lembah manah.

Tiyang mboten prelu ndhungkluk-ndhungkluk, supados manahipun langkung andhap asor katimbang tyang sanès. Ibu Térésa naté ngendika bab upadi lembah manah. Ing antawisipun inggih punika:

- Ngurus urusanipun piyambak.
Nalika tiyang sanès ingkang ngurus urusan kita, lan kita mangertosipun bèrès, kita mboten badhé ngaosi tiyang sanès.
- Mboten kepéngin nyampuri urusanipun tiyang sanès.
Amargi sarna ngurusi urusanipun tiyang sanès, damel kita mbandhing-mbandhingaken dhiri kita kaliyan tiyang sanès.
- Nampi bédaning pamanggih lan panyaruwé kanthi sukarena.

Panyaruwé katampi minangka pirantos ingkang damel tuwuh lan mekar. Mila srana nampi bab punika, kita badhé ngaturaken panuwun awit wontenipun panyaruwé.

- Mboten ngènet-ènet kalepatinipun tiyang sanès. Ngendhem sengit ndadosaken kita kepéngin males. Anggènipun males punika awit rumaos dhirinipun langkung leres. Daos korban, rumaos dipun jahati.
- Mboten ngudi dipun kasihi lan dipun gumuni kelangkung-langkung. Samia nindakaken tanggel jawab kanthi sasaé-saénipun, mboten awit supados dipun aosi déning tiyang sanès.
- Tansah milih ingkang paling angèl. Bab-bab ingkang angèl ingkang saged kita rampungaken badhé mbekta kita dhateng pangucap sokur. Gesang ingkang kanthi sarwa gampang ndadosaken kita kirang ngucap sokur nalika kedhatengan bab-bab ingkang angèl.

Kanthi lembah manah, kita ngetut wingking Gusti Yésus. Amin.

8. Pandonga Safaat

9. Kidung KPJ 343:4-5

KULA NEDYA KADOS GUSTI

Kula nedya andum berkah mring tyang kathah,
mring tyang kathah.

Kula nedya andum berkah mring tyang kathah
mring tyang kathah, mring tyang kathah.

Kula nedya andum berkah mring tyang kathah

Kula kangen katentreman nunggil Gusti, nunggil Gusti

Kula kangen katentreman nunggil Gusti,
nunggil Gusti, nunggil Gusti.

Kula kangen katentreman nunggil Gusti.



PAKEMPALAN PANDONGA 2

SETYA TUHU DUMUGI ING PATI

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung KPJ 34:1-4

ULUKNA PAMUJI

Ulukna pamuji kanthi trusing ati, hé titah mring Gusti Allah
kang setya lan mahamirah, wit sira rinoban berkah.

Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira wong kang pracaya
mring Allah sumbering berkah; wit sira sinung raharja.

Aturna panggunggung dalasan pisungsung
Mring Allah hé para pasamuwan,
kang setya paring sih-rahmat, tan ngétang dosaning jagad.

Angunjukna sokur, rukun mring sedulur,
Hé sagunging pasamuwan,
Wit rinoban ing kabegjan, sadhéngah wayah lan papan.

3. Pamaosing Masmur (Masmur 37:1-6)

4. Kidung KPJ 120:1-3

KULA MBOTEN BADHÉ NILAR

Kula mboten badhé nilar dhateng Gusti Pamarta;
dhateng pundi Gusti tindak kula ndhèrèk Paduka
Refrein:

Kula tut wingking Gusti ing salami kula gesang
awit yèn tanpa Gusti, kawula tan saged mimpang*

Nadyan gung karibedan, kawula tan was sumelang,
Gusti paringa tatag, kula kiyat tan gumiwang.
Reff.:

Kula tansah ndhèrèk Gusti, nadyan sring kamomotan;
nyawa kula memuji, temtu antuk pitulungan.
Reff.:

*mimpang=menang

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (Lukas 22:39-46; Wahyu 2:10)

7. Renungan

Sinten ing antawis kita ingkang mboten ajrih gesang ing salebeting panandhang? Limrahipun, tiyang ajrih ngalami panandhang. Pramila, sedaya ingkang kaanggep celak kaliyan panandhang dipun tebihi. Kadosta, kathah tiyang ingkang ajrih sakit, awit sakit kaanggep panandhang. Pramila, jejampi/obat-obatan lan suplemèn tetedhan ingkang gegayutan kaliyan panjang umur, laris manis.

Sinten ing antawis kita ingkang mboten ajrih pejah? Umumipun tiyang ajrih pejah. Pramila, sedaya ingkang celak kaliyan pejah kaudi dipun tebihi. Limrahipun, kathah tiyang ingkang ajrih dados sepuh, awit sepuh kaanggep celak kaliyan pejah. Pramila, prodhuk ingkang kaanggep damel awèt enèm laris ing pekenan.

Ajrih dhateng pejah lan panandhang punika bab ingkang limrah, manusiawi. Kathah tiyang ingkang ngalami. Waosan Injil kita dinten punika nyathet kados pundi Gusti Yèsus ajrih ngadhepi panandhang lan pejah ingkang nuli badhé kelampahan ing sugengipun. Juru Injil Lukas nyathet:

“Panjenengané giris banget lan saya mampeng anggoné ndedonga. Riwéné nganti kaya tètèsing getih kang padha tumiba ing lemah” (Luk. 22:44). Temtu kita saged nggambaraken panandhang ingkang nggegirisi ingkang dipun alami déning Gusti Yèsus. Secara méntal Panjenenganipun kijènan. Para murid sami nilar Panjenenganipun piyambakan. Nalikanipun Gusti Yèsus perang batos (*bergumul*) ing salebeting pandonga, para sekabatipun sami tilem (ay. 45), kados-kados sami mboten preduli dhumateng Panjenenganipun. Yudas nyidrani Gusti Yèsus srana panucup palsu (ay. 47). Kawéwahan gegambaran ragawi ingkang badhé dipun alami déning Panjenenganipun. Ugi Gusti Yèsus badhé ngraosaken panyenyamah lantaran anggènipun séda sinalib.

Ing satengahing raos ajrih punika, pandonga dados kasantosanipun Gusti Yèsus. Sang Rama lantaran malaékatipun nyantosakaken lan nyengkuyung Panjenenganipun lantaran pandonga punika (ay. 43). Srana kasantosan punika, Gusti Yèsus wani nglampahi panandhang lan sédanipun.

Kakendelanipun Gusti Yèsus ngadhepi panandhang lan pati dados inspirasi tumrap pasamuwanipun Gusti ingkang mboten uwal saking sawernining pameteg. Kitab Wahyu kaserat kanggé nyantosakaken tiyang pitados ing salebeting panandhangipun. Kanthi tandhes panyerat Wahyu mratélakaken: “Sira disetya tuhu nganti tumeka ing pati.”

Tembung “tumeka ing pati” nedahaken raos ajrihipun tiyang limrahipun. Tiyang ajrih nglampahi panandhang, ajrih pejah. Punika ateges, kasetyan kita kaajeng-ajeng nglangkungi raos ajrih kita, raos ajrih damel kasetyan kita ical. Wonten ing cathetan sujarah gréja, wonten kathah tiyang ingkang nilar Gusti Yèsus awit ajrih dhateng pancaming pejah.

Lan samangké raos ajrih tetep dados momok tumrap kita, mboten namung ajrih pejah. Gesang kita kalingkupan déning raos ajrih. Wonten raos ajrih ing bab ékonomi, ajrih bab tembé wingkingipun laré/anak, raos ajrih pasangipun slingkuh. Raos ajrih punika damel kita mboten setya!

Setya ateges tetep cepengan Gusti, punapaa ingkang kelampahan. Kitab Suci kita mboten nerangaken bilih panandhang badhé sumingkir saking gesang kita. Kasisahan badhé tansah wonten. Kados-déné Gusti Yèsus ingkang nampi kasantosan saking pandonga, mekaten ugi Gusti Allah badhé maringi kasantosan ing satengahing panandhang lan raos ajrih kita.

Kasetyan punika timbalan kita. Kathah tiyang mawas bilih kedah suksès. Kitab Suci ngèngetaken bilih Gusti ngersakaken kasetyan, mboten namung woh ingkang nama suksès. Ing satunggaling wekdal wonten tiyang ingkang mundhut pirsa dhateng ibu Térésa: “Ibu sampun ngladosi kaum miskin ing Kalkuta, India. Nanging, punapa Ibu pirsa, bilih taksih wonten langkung kathah tiyang miskin ingkang kاپiran? Punapa Ibu mboten rumaos gagal?” Ibu Térésa paring wangsulan, “Anakku, aku ora katimbalan supaya bisa kasil, nanging aku katimbalan supaya setya...”

Iba kathahipun tiyang gadhah pamanggih katimbalan déning Gusti supados suksès. Temtu kémawon pamanggih punika klèntu. Punika mboten ateges kita mboten kénging suksès, nanging suksès punika bonus, bebingah tambahan, sanès tujuan. Pitakènan kanggé kita inggih punika, punapa kita sampun setya dhateng timbalanipun Gusti ing gesang kita? Punapa kita sampun setya minangka pelados, minangka sémah, minangka anak?

Setya mboten gampil, malah langka, nanging sanès bab ingkang ngaya wara. Pramila, samia sinau setya.

8. Pandonga Safaat

9. Kidung KPJ 124:1-3

KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih* karibedan

Refrein:

Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir.

Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti

Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula.

Refrein:

Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja


Refrein:

Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngèstokken dhawuh èdi
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani.

Refrein:

*wigih=wegah

[asp/wds]



PAKEMPALAN PANDONGA 3

KRISTUS MANUNGALAKEN

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung: KPJ 348:1-2

PASAMUWAN AKANG NYAWIJI

Pasamuwan kang nyawiji, netepi sabdaning Gusti'
dadya paseksi sanyata, Yésus yéku Sang Pamarta.
Sih-rahmating Allah tumrh maring sagunging tumitah.
Saliring tyang kang pracya, basuki gesangira.

Pindha badan mung sajuga, nging kathah péranganira.
Pasamuwan kang manunggal, ambabarken gesang kang énggal,
Smi-déné mbiyantoni, wit sih-sinihan lestari,
tunggal ati tunggal Gusti, Nèngsemken mring sesami.

3. Pamaosing Masmur (Masmur 133)

4. Kidung: KPJ 348:3-4

PASAMUWAN AKANG NYAWIJI

Peparing kang béda-béda dadya pisungsung kang adya,
mrih kamulyaning Pangèran; wah majenging pasamuwan.
Sinangkul kang karépotan, nyingkiri mring pasulayan,
mrih tuwuhing kamursidan, nggayuh mring kasampurnan.

Pasamuwan kang nyawiji neksèni Injiling Gusti;
nglantarken sihing Pangèran

datan mawang mring salir tyang;
mbélani tyang kang sangsara, nadyan béda ing pracaya,
karana ajining manungsa citrèng* Allah Makwasa

citrèng*=citraning, gambaring

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (Efesus 2:11-22)

7. Renungan

Dèrèng dangu punika Tribunnews.com martosaken bab gesang rukun ing Bitung, Sulawesi Utara, ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang béda agami. Pethikan pawartosipun kados ing ngandhap punika:

Manganggo klambi koko, Usman salaman karo Reinaldo. Usman lagi bali Salat Id ing Masjid Al Muttaqien Girian. Reinaldo sing manganggo hèm abang lan tangané nyekel Kitab Suci lagi arep nuju Gréja Solagratia. Kekaroné anggoné sesalaman raket banget lan suwé. Kasusul cipika-cipiki.

Usman banjur ngajak Reinaldo menyang omahé. "*Sbantar ne (Sedhela ya)*," ucapé. Reinaldo mbales karo ngacungaké jempol.

... Toléransi ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang béda agami kasebat ketingal cetha ing riyaya Idul Fitri ing kitha Bitung. Pasamuwan Muslim ingkang nembé kémawon rampung nindakaken salat Ied sesalaman kaliyan pasamuwan Kristen ingkang sami badhé dhateng Gréja.

Adi salah satunggaling warga Panji Yosua ingkang njagi salat Ied ngaken nembé wangsul saking Gréja. Piyambakipun manganggé kaos Panji Yosua nanging taksih manganggé clana kain lan sepatu pantofel. "Aku jaga ning kéné," pangucapipun.

Punapa ingkang kawartosaken déning koran lokal punika inspiratif sanget ing satengahing kawontenan masyarakat ingkang kapilah-pilah ing kathah kelompok idhèntitas. Satunggaling kanyatan bilih kelompok-kelompok punika rumaos bilih kelompokipun punika langkung saé lan langkung leres kabandhingaken kaliyan kelompok sanès. Menawi pamanggih ingkang kados mekaten punika muncul, gesang sesarengan badhé risak.

Rasul Paulus mboten kepéngin pasamuwan ingkang dipun ladosi ajur mumur awit wontenipun kothak-kothak ingkang misahaken. Nalika Rasul Paulus sugeng, wonten singgetan ingkang misahaken patunggilan kristen gegayutan kaliyan sesambetan ing antawisipun tiyang kristen Yahudi lan tiyang Kristen sanès Yahudi. Tiyang Kristen Yahudi rumaos dhirinipun langkung saé, langkung caket kaliyan Gusti Yésus katimbang kaliyan tiyang kristen sanès Yahudi. Pengalamanipun rasul Paulus ingkang benthik kaliyan Petrus ing Galati 2:11-14 nélakaken kados pundi agenging sesatron punika.

Sesatron ing antawisipun tiyang kristen Yahudi lan sanès Yahudi salah setunggalipun inggih punika bab tetak! Tumrap tiyang Yahudi, tradhisi tetak sampun ngoyot sanget. Tetak dados cap ingkang siyaga mbekta tiyang-tiyang punika dhateng swarga. Déné tiyang-tiyang sanès Yahudi mboten mangertos tetak. Tumrap tiyang Yahudi, dados kristen ateges tetak. Bab punika dipun tampik dèning tiyang sanés Yahudi. Sesatron ingkang landhep sanget punika kagambaraken déning rasul Paulus kados-déné tembok singgetan: inggil, nggegirisi, lan asrep.

Rasul Paulus maringi pitedah. Tumrap rasul Paulus wonten ing Kristus mboten kénging wonten sesatron gegayutan kaliyan wontenipun bab-bab ingkang béda ing salebeting pasamuwan. Pramila, tembok inggil ingkang nggegirisi punika sampun karubuhaken déning Gusti Yésus Kristus lantaran margining panandhang lan sédanipun kagem manunggalaken

manungsa ingkang béda punika. Sapunika, awit pakaryaning panebusanipun Sang Kristus, pasamuwanipun Gusti – Yahudi utawi sanès Yahudi – sami ing paningalipun Gusti. Pasamuwanipun Gusti punika sami-sami warganing brayatipun Allah.

Pancèn taksih wonten bab-bab ingkang béda, nanging mboten misahaken. Punapa ingkang béda sampun dipun raketaken déning Gusti Yésus. Inggih Gusti Yésus ingkang manunggalaken gesangipun gegelitaning pasamuwan. Pasamuwanipun Gusti “ingkang tebih” lan “ingkang celak” kaiket déning Sang Kristus wonten ing satunggaling pasadhèrèkan. Awit greget pasedhèrèkan punika, rasul Paulus ngraosaken piyambak kados pundi benthikipun kaliyan Pétrus (lan tiyang kristen Yahudi) sampun karampungan kanthi saé.

Srana pratélan sampun katunggalaken wonten ing Sang Kristus, mboten ateges bilih sedayanipun dados sami. Mboten! Manunggal mboten ateges sedayanipun dados sami! Tegesipun, taksih wonten bab-bab ingkang béda lan kedah dipun aosi! Ananging, wonten ing Sang Kristus ingkang béda punika kedahipun mboten nuwuhaken sesatron. Kosok-wangsulipun malah ndadosaken kasugihan tumrap pasamuwan anggènipun mbangun padalemanipun Allah. Mbokmenawi kita saged nggambarken kados satunggaling griya ingkang kaadegaken ing sanggiling bahan-bahan ingkang béda: séla, pasir, semèn, kajeng, lan sanès-sanèsipun dipun enam ngantos dados griya ingkang kiyat lan éndah.

Rasul Paulus ugi ngènetaken bilih cirining gesang tetunggilan ingkang karawuhan déning Sang Kristus inggih punika wontenipun tentrem rahayu ingkang kacirènan déning gesang ingkang sami-déné anggènipun ngaosi. Menawi kita sami-déné ngaosi, gesang ingkang ngremenaken badhé kita raosaken. Wontenipun bab-bab ingkang béda malah karaos sangsaya langkung éndah nalikanipun kita sami-déné ngaosi. Menawi mekaten, kénging punapa kita mboten wiwit nyobi? Amin.

8. Pandonga Safaat

9. Kidung: KPJ 352:1-3

SANTOSANING TETUNGILAN

Santosaning tetunggalan wit saka katresnan.
Dèn sabar ing atinira, sarèh ing wicara.
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri.
Kabèh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.

Atut-rukun angesuhi, timbalan lestari.
Yéku badan lan roh kita manunggal sajuga.
Kadya pangèsthi sawiji kang kita darbèni;
Yéku sing-rahmaté Allah kang lubèr ing berkah.

Tunggal baptis, tunggal Gusti, wah tunggal pracaya,
tunggal sedy miwah kapti, yéku timbalannya.
Kabèh pikantuk nugraha sih-rahmat kang adi.
Gedhé cilik pinta-pinta samirmaning Gusti.

[asp/wds]



PAKEMPALAN PANDONGA 4

KRISTUS INKGANG WUNGU: TITAH ÉNGGAL

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung KPJ 73: 1-3

GUSTI KULA

Gusti kula ingkang wonten ing swarga,
pinujia Paduka ing slaminya.
Sèstu agung sih palimirmanta! Haléluya! Haléluya!

Gusti rawuh tumedhak anèng donya,
awit welas nebus gunging tyang dosa,
rinukunken lan Allah Sang Rama. Haléluya! Haléluya!

Gusti séda krana kula tyang dosa,
dé wunguné panjer gesang sanyata,
mila kula mituhu dhawuhnya. Haléluya! Haléluya!

3. Pamaosing Masmur (Masmur 119: 105 – 112)

4. Kidung KPJ 78:1-3

IBA BEGJAKU

Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripu krana rahé.

Refrein:

Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.
Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya.

Lamun pasrahku trusing kalbu,
 temah sampurna kabungahanku.
 Para mlaékat asung puji, samya ngundhangken sihé Gusti.
Reff.:

Dakaturaké jiwa raga marang Gustiku, atiku lega,
 klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.
Reff.:

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (II Korintus 5 : 11-21)

7. Renungan

Ing Buleleng, Bali, Putu Eka Darmawan ngéwahi uwuh plastik dados barang ingkang nggadhahi pangaos. Eka nyebut “griya plastik”. Uwuh plastik punika lajeng kapilah-pilah, dipun resiki, lan dipun cacah srana mesin ingkang dipun dhatengaken saking Kalimantan. Prosès akir inggih punika nggaringaken cacahan plastik, ingkang lajeng dipun èkspor dhateng Tiongkok, dipun olah dados benang. Saben wulan, Eka saged ngèkspor 10 ton cacahan plastik garing. Uwuh plastik ingkang suwaunipun mboten migunani, nalika dipun olah ngasilaken bahan baku ingkang migunani, inggih punika kanggé damel benang.

Manungsa asring dhawah ing dosa, awit anggènipun mboten kuwawi ngadhepi panggodha. Manungsa ingkang dhawah ing dosa saged kaibarataken uwuh ingkang mboten migunani, namung dipun bucal lan mboten aji babar pisan. Ananging nalika Sang Kristus makarya, manungsa dosa kapulihaken déning Sang Kristus supados dados manungsa ingkang nggadahi pangaji. Inggih mekaten punika, wonten margi ingkang kedah dipun langkungi. Margi punika kadhasaraken wonten ing wungunipun Sang Kristus, ingkang dados bukti nyata pakaryan Agung Sang Kristus kanggé mulihaken manungsa saking kawontenanipun ingkang nandhang dosa.

Rasul Paulus ngendika: “*Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar:kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka*” (ay. 17). Manungsa ingkang dosa badhé dados titah énggal nalikanipun wonten ing pakaryanipun Sang Kristus ingkang wungu. Kados-déné uwuh, manungsa kedah sumadya dipun prosès. Manungsa dipun gemblèng lan dipun cacah ngantos nggadhahi pangaji malih. Punapa pangaji énggal ingkang dipun ketingalaken déning manungsa énggal? Manungsa énggal mboten dipun rèh malih déning kuwaosing dosa. Manungsa gesang wonten ing wohing roh kados ingkang dipun ngendikaken déning rasul Paulus ing Galati 5:22-23. Ing ngriki kita manggihaken sangang conto gesanging manungsa énggal, inggih punika:

- a. Manungsa énggal gesang wonten ing salebeting katresnan.
Nalika Kristus ngénggalaken, manungsa nembé kuwawi ngasihi tiyang sanés, kados-déné Sang Kristus ngasihi kita. Dalasan mengsah kita, dados pérangan ingkang kedah kita kasihi. Ing salebeting ngasihi, wonten pangapunten.
- b. Gesang wonten ing kabingahan
Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal badhé tansah gesang wonten ing kabingahan. Kabingahan tetep karaosaken senadyan kita wonten ing kawontenan ingkang kaanggep mrihatosaken.
- c. Gésang wonten ing tentrem rahayu
Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesangipun dipun kuwaosi déning tentrem rahayu, ingkang maujud wonten ing pitembungan ingkang adhem lan ngrukunaken tiyang sanès.
- d. Gesang ing salebeting kasabaran
Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesangipun tansah kapenuhan déning kasabaran. Sabar ing salebeting ngantos-antos berkahipun Gusti, sabar nampi kawontenan ingkang nemahi, temah mboten mlajar pados ‘gusti’ sanès.

e. Gesang ing salebeting kamirahan

Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesang ing salebeting kamirahan. Ing BIMK (Bahasa Indonesia Masa Kini) kasebut nggadhahi budi. Nggadhahi budi ketingal ing gesang padintenan, kadosta mirah èsem dhateng sok sintena, loma utawi remen tetulung tanpa mbeda-mbedakaken tiyang ingkang kita tulungi.

f. Gesang wonten ing kabecikan

Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesang wonten ing kabecikan. Manungsa énggal tansah Nènggenaken kabecikan ing salebeting tumindak. Tansah mikirakan bab-bab ingkang saé. Tansah njunjung kabecikan lan dipun wujudaken.

g. Gesang ing salebeting kasetyan

Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesang ing salebeting kasetyan. Setya dhateng Sang Kristus, setya dhateng brayat, setya dhateng pdamelan ingkang dipun pitadosaken déning Gusti dhateng kita.

h. Gesang ing salebeting lembah manah

Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesang ing kanthi manah ingkang lembah, ingkang sabar sarèh. Manah ingkang sabar sarèh tansah kepéngin rukun kaliyan sinten kémawon awit mboten kepéngin natoni sok sintena.

i. Gesang ing salebeting ngemudhèni dhiri

Nalika Sang Kristus ngénggalaken, manungsa énggal gesang ing salebeting ngemudhèni dhiri. Kuwawi nahan dhiri kanggé mujudaken napsu pepénginanipun piyambak.

Minangka titah énggal, kita punika titah ingkang aji. Gesang lami kita sejatosipun sampun sirna, samangké kita sampun gesang ing salebeting gesang énggal, minangka titah énggal. Mangga kita sami nélakaken patraping gesang minangka titah ingkang énggal. Amin

8. Pandonga Safaat

9. Kidung: KPJ 140:1-3

SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa;
sing bangsa sanès pasamuwannya ingangkat dados putra,
tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti.
Nindakna pakarti luhur, yéku tandhaning sokur.

Sih-nugrahaning Pangéran, peparing lelahanan.
Tan wonten dosa duraka kang datan ingapura.
Nging tyang kang wangkot ing ati, pracaya mung ing lathi,
pinagas saking sih rahmat, sangsara ing akérat.

Sihing Allah èstu adya, nentremken tyang pracaya,
pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga.
Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah.
Asmanipun kaluhurna, samangkya lan slaminya.

[yfk]



PAKEMPALAN PANDONGA 5

KRISTUS INKGANG WUNGU: PARING PANGAPUNTEN

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung: KPJ 68:1-3

ALLAH MAASIH

Allah Maasih asung putranya,
Allah Maasih mring manungsa.

Refrein:

Mila kula ngidung Allah Maasih,
Allah Maasih mring manungsa.

Gusti angutus dadya Pamarta, Gusti ingutus nebus kula.

Reff.:

Gusti Pamarta ngurbanken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.

Reff.:

3. Pamaosing Mazmur (Mazmur 86)

4. Kidung: KPJ 68:4-6

ALLAH MAASIH

Gusti nyirnakken salir prihatin, Gusti nyirnakken ajrih kwatir.

Reff.:

Kula sinungan tentrem raharja, kula sinungan pangaksama.

Reff.:

Kula sinungan gesang sejati, kula sinungan kraton swargi.
Reff.:

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (Ibrani 12: 14-17)

7. Renungan

Sampun dangu anggènipun pak Béndhol kepéngin ngraosaken gesang tentrem. Akir-akhir punika pak Bendhol nandhang sakit lan sampun ngupadi ngetog karosan kanggé kasarasanipun, nanging mboten wonten wohipun. Pak Bendhol ugi mboten mangertos, sesakit punapa ingkang kasandhang. Dhokter saking sawernining griya sakit sampun dipun suwuni katrangan sesakit ingkang dipun sandhang. Mboten wonten dhokter ingkang saged paring katrangan ing bab sesakit ingkang dipun sandhng déning pak Bendhol. Kanthi nglokro, pak Bendhol sowan pak pendhita. Piyambakipun ngesokaken sedaya isining manahipun. Ing pungkasaning rembagan, pak pendhita ngndika “Pak Bendhol, jampining sesakit bapak namung setunggal”. “Punapa punika pak?” atur pak Bendhol. “Ngapunteni” ngendikanipun pak pendhita. Tibakipun sampun dangu sanget pak Bendhol ngendhem sengit dhateng pak Koplo ingkang nyakiti manahipun. Kamangka, pak Koplo sampun makaping-kaping nyuwun pangapunten ing bab polah tingkahipun. Pak Bendhol sumadya ngapunteni. Sasampunipun dipun dongakaken déning pak pendhita, manahipun pak Bendhol kraos lega, lan sesakitipun mbaka sekedhik mantun.

Punapa manungsa kepéngin gesang rahayu? Wangsulaniipun mesthi inggih. Kados pundi nggayuh karahayon? Wonten kathah wangsulanipun. Salah setunggal ingkang penting sanget, nanging asring dipun supèkaken inggih punika: ngapunteni. Tanpa pangapunten, sengit, nepsu, lan ngendhem sengit tuwuh dados kekiyatan ngemu wisa ingkang ngrisak manah ingkang tentrem. Punika sebabipun Ibrani 12:15

nyerat: “Padha diawas aja nganti ana sing ngoncati sih-rahmaté Gusti Allah, supaya aja nganti ana oyod pait kang thukul, kang nuwuhaké rerusuh sarta kang njemberi wong akèh.” Inggih oyod ingkang pait punika ingkang dados sumbering sedaya sesakit ingkang ngrisak badan. Manah ingkang kapenuhan déning raos sengit, manah ingkang kapenuhan déning kanepson, manah ingkang kapenuhan déning memengsahan. Kados mekaten manah ingkang ngendhem oyod pait, ingkang badhé tuwuh subur dados taneman kepaitan. Kamangka Allah sampun ngrukunaken gesanging manungsa kaliyan saliranipun piyambak, supados oyod kepaitan punika mboten muncul ing gesanging manungsa.

Pramila, Ibrani 12:14 ngènetaken supados kita tansah gesang rukun kaliyan sedaya tiyang. Kados pundia kalepatanipun tiyang sanès dhateng kita, temtu mboten bandhing kaliyan dosa kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti. Menawi Gusti Allah kémawon kersa ngapunteni kita, kénging punapa kita mboten? Gusti Yésus Kristus ingkang wungu punika margining pangapunten kita kaliyan Allah Sang Rama, ingkang maringi tentrem lan rahayu dhateng kita.

Pancèn ngapunteni mbetahaken prosès ingkang mboten gampil, nanging ngapunteni sanès satunggaling bab ingkang mboten saged kita tindakaken. Awit menawi kita mboten purun ngapunteni tiyang sanès, punika badhé nuwuhaken oyod pait, ingkang wusananipun ngrisak samukawis ing gesang kita. Dosa kedah kalawan kanthi punapa ingkang suci. Mboten purun ngapunteni kedah kalawan kanthi purun ngapunteni. Awit salah satunggaling gesang ing salebeting kasucèn punika ngapunteni. Wonten wancinipun, kita dumugi ing titik ing pundi kita saèstu ngapunteni tiyang ingkang kalepatan dhateng kita, lan inggih ing ngriku oyod kepaitan sampun kabedhol lan mboten badhé tuwuh dados taneman pait.

Mangga kita nglampahi prosès dados pribadi ingkang purun ngapunteni, ingkang mboten badhé nyimpen kalepatanipun tiyang sanès, mboten badhé ngendhem sengit, mboten ngidini

oyod kepahitan twuh wonten ing dhiri kita. Gusti Yésus ingkang wungu, sampun dados margining pangapunten kita. Mangga kita dados tiyang ingkang gampil ngapunteni lan nampi sesami kita kados dhiri kita piyambak. Menawi samangké kita ngèngeti kalepatanipun tiyang sanès dhateng kita, mangga kita miji wekdal ening sekedhap, kanggé ndedonga nyuwun pangapunten dhumateng Gusti, supados kita kasagedaken mbedhol oyoding kepaitan saking manah kita. Mangga kita nyuwun supados saged ngapunteni kados-déné Gusti Yésus ingkang sampun ngapunteni kita. Amin.

8. Pandonga Safaat

9. Kidung: KPJ 20:1-3

PANGÉRAN MAMULYA

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné agung kadamannya kang sumrambah mring kula.
Datan wonten wicalannya*, tan kendhat lumintunya.
Pangéran Mamulya yogya pinuja (X2)

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
déné karsa maringaken Putranipun pribadya,
dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula.
Pangéran Mamulya yogya pinuja (X2)

Pangéran Mamulya yogya kula puja;
dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula,
malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra.
Pangéran Mamulya yogya pinuja (X2)

[yfk]



PAKEMPALAN PANDONGA 6

KRISTUS INKGANG WUNGU: JUMAGA

1. Wekdal Ening Sesarengan

2. Kidung: KPJ 97:1-3

UWAL SING LAKNAT

Uwal sing laknat iba begjaku! Gusti wus séda mbirat dosaku,
temah luwar sing paukuman, dènnya ngluwar babar-pisan.

Refrein:

Babar pisan dènnya nulungi, babar pisan dènnya ngrampungji.
Rumaketa ing pamenthang, mesthi luwar babar-pisan.

Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggél ing slamet kita,
linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan'

Reff.:

Putrané Allah tebusan kita, kang tilas satru pinundhut mitra,
kang utang pati inguripan, wit tinebus babar-pisan,

Reff.:

3. Pamaosing Masmur (Masmur 66)

4. Kidung: KPJ 192:1-3

ISINING KABAR KABINGAHAN

Isining kabar kabingahan winangsitken déning Pangéran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.

Refrein:

Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.

Tyang lepat winelèhken samya
déning sabdaning kang Makwasa,
tyang dosa kang samya mratobat anampèni sih-rahmat.
Reff.:

Tyang sisah pinaringan lipur
yèn nampi sabdèng Kang Maluhur.
Tyang ringkih pinaringan kiyat, kasinungan sih-rahmat.
Reff.:

5. Pandonga

6. Pamaosing Kitab Suci (Markus 13:33-37)

7. Renungan

Tetumpakan ingkang mawi mesin limrahipun dipun jangkepi pirantos ingkang nedahaken taksih sepinten bahan bakaripun. Pirantos punika ginanipun supados para tiyang ingkang ngginakaken tetumpakan punika nampi katrangan nalika jarum wonten ing “E” ingkang tegesipun bahan bakar sampun wiwit telas. Srana mekaten, tiyang ingkang migunakaken tetumpakan punika badhé siyaga énggal ngisi utawi ngejok bahan bakaripun supados mboten katelasan. Punapa kawusananipun menawi tetumpakan ingkang nganggé mesin mboten dipun jangkepi srana pirantos punika? Temtu ingkang migunakaken badhé ngalami karépotan, ingkang lajeng saged katelasan bahan bakar lan wusananipun tetumpakan punika mboten saged mlampah.

Gusti Yésus sampun jumeneng Juru Wilujeng, srana maringaken saliranipun lan rahipun kanggé kawilujenganing gesangipun manungsa. Lelampahan pangurbananipun Gusti Yésus punika bukti nyata bilih Allah saèstu nresnani

manungsa titahipun. Kasampurnaning kawilujengan mboten kelampahan nalika manungsa taksih gesang ing jagad, nanging mangké, nalika Panjenenganipun rawuh malih dhateng jagad punika, kagem njangkepi kawilujenganipun.

Ing mangsa pngantu-antu punika, lantaran paseksinipun lantaran paseksinipun Injil Markus Gusti ngènetaken kita supados tansah jumaga. Kapan Gusti badhé rawuh? Mboten wonten ingkang saged ngramal kapan wekdalipun Gusti rawuh. Pangandikanipun Gusti nélakaken: “Sabab kowé padha ora sumurup ing wektuné” (Mrk 13:33b).

Nanging Gusti sampun maringi pitedah. Ibarat tetumpakan ingkang mawi mesin, kita kaparingan pirantos ingkang nedahaken bahan bakar ingkang taksih wonten, supados tetumpakan saged tetep mlampah. Pirantos punika ndadosaken kita badhé tansah jumaga. Pirantos ingkang nedahaken bab bahan bakar kita namung Kitab Suci, sabdanipun Gusti.

Wonten ing pangandikanipun Gusti kita dipun wulang nindakaken bab-bab ingkang saé. Inggih pangandikanipun Gusti ingkang nedahaken margi lan pepènget kanggé kita ingkang lepat lan nandhang dosa supados énggal mratobat. Kanthi cetha sanget, pangandikanipun Gusti dipun terangaken ing II Timotéus 3:16 , *“Sakèhing tulisan kang diwangsitaké déning Gusti Allah iku pancèn migunani kanggo memulang, kanggo melèhaké, kanggo mbangun wewatekan tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning kayektèn.”* Srana ngraos-ngraosaken sabdanipun Gusti kanthi leres, kita kasagedaken kuwawi jumaga, ngajengaken rawuhipun Gusti malih.

Sawetawis bab ingkang saged kapethik saking sabdanipun Gusti supados kuwawi jumaga. Kapisan, sabdanipun Gusti badhé nedahaken bab ingkang saé. Salah satunggaling bahan bakar iman kita punika bab ingkang saé. Bab ingkang saé badhé nuwuhaken bab ingkang positip. Upaminipun nalika

kita dipun wulang déning Gusti supados tansah ngandelaken Gusti ing gesang kita. Punika bab ingkang saé, punika salah satunggaling patrap jumaga. Awit kanthi ngandelaken Gusti, badhé tuwuh punapa ingkang positip, inggih punika iman kita ingkang sangsaya kiyat wonten ing Gusti, temah kita mboten badhé ngandelaken “gusti” sanèsipun. Tumindak kados-déné korupsi, pados dhukun, pados margi trabasan supados dados tiyang sugih, lan sapanunggalipun punika conto tumindak ingkang mboten ngandelaken Gusti.

Kaping kalih, sabdanipun Gusti ngèngetaken kita ingkang lepat supados énggal mratobat. Menawi pirantos ingkang nedahaken kawontenaning bahan bakar kita sampun ngarah dhateng “E”, sabdanipun Gusti badhé ngèngetaken kita. Tegesipun, menawi kita nindakaken kalepatan, kita badhé énggal ènet lan énggal mratobat. Samboten-mbotenipun, wonten ing sabdanipun Gusti kita saged sinau sédasa angger-angger prekawis (Dasa Titah), ingkang saged dados kaca pengilon tumrap kita.

Kaping tiga, sabdanipun Gusti ndandosi solah tingkah kita. Tetumpakan badhé mlampah terus ngantos jarum bahan bakar tumuju ing sanginggiling “E”. Mekaten ugi sabdanipun Gusti, badhé wonten katemahanipun ngéwahi gesang kita supados nebihi “E” inggih punika dosa. Upaminipun, suwaunipun kita gampil nepsu, gampil kecenthok, gampil ngucap ingkang nyakiti sesami, awit sabdanipun Gusti kita mboten dados pribadi ingkang gampil kacenthok lan nepsu. Pitembungan kita kapenuhan déning katresnan .

Kaping sekawan, sabdanipun Gusti mulang kita ing salebeting kaleresan. Mulang tegesipun kita sangsaya mangertos, paham, lan tansah nindakaken kaleresan, kaleresan ingkang asalipun saking sabdaning Gusti temtunipun. Upaminipun, nresnani sesami punika salah satunggaling kaleresan ingkang dipun wulangaken déning Gusti lantaran sabdanipun. Pagertosan ing bab nresnani mboten kèndel wonten ing nresnani tiyang-tiyang ingkang paling caket, tunggil iman, saazas, lan sanès-

sanèsipun. Nanging nresnani sok sintena sesamining manungsa, awit ing ngarsanipun Allah sedaya sami.

Kita prelu jumaga, awit si jahat badhé tansah nggodha kita, supados kita dhawah ing dosa, supados kita tebih saking Gusti. Gusti Yésus Kristus ngendika, *“Apa kang wis Dakpangandikakaké marang kowé, iku Dakwarahaké marang sakabèhing wong: Padha melèka!”* Amin

8. Pandonga Safaat

9. Kidung: KPJ 91:1-3

SALIR WONG PRACAYA


Salir wong pracaya ywa urip sembrono.
Sih-rahmaté Gusti samya dèn tampèni.
Nadyan lelahanan, nging sih kanugrahan;
yéku kurban sejati, Sang Kristus Gusti.

Kaslametanira bisa ilang sirna,
yèn sira sembrono nglirowakken sabdanya.
Mula dèn tumemen klayan geter, wedi,
nggonira manut Gusti, putrèng Hyang Widi.
Wong pracaya samya di tansah waspada.
Dosa wah panggodha énggal dènkalahna.
Tampanana sih-rahmat sarana pitobat;
antuka tentrem-mulya nèng Gustinira.

[yfk]

Panyuraos Kitab Suci

Diwasa



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**



PANYURAOS KITAB SUCI



DIWASA I

NALIKA PANANDHANG ANRAJANG

Waosan Kitab Suci : Lukas 22:39-46

PURWAKA

Sadaya tiyang naté ketula-tula utawi ngraosaken kawontenan sangsara. Punapaa kémawon wujudipun, panandhang temtu mboten ngremenaken. Manungsa limrahipun mboten ngersakaken panandhang tumanduk ing gesangipun. Gusti Yésus dipun gambaraken déning Lukas nampik dhateng panandhang. Ananging karana kasetyanipun dhumateng Allah Sang Rama langkung ageng menawi katandhingaken kaliyan ajrihipun Gusti Yésus dhateng panandhang, pramila Panjenenganipun kanthi tatag mapag salibing panandhang punika.

Kasagedanipun Gusti Yésus ngemunah panandhang sampun karaosaken wiwit wiwitaning Paladosanipun. Nalikanipun Gusti Yésus siyam nyawisaken gesangipun, manahipun Gusti Yésus sampun kacawisaken nandhang sangsara nglabuhi kasetyanipun dhateng Allah Sang Rama ing Swarga. Lumantar bahan Panyuraos Kitab Suci (PKS) kanggé Warga Diwasa samangké, ingkang sami rawuh ing PKS punika kaangkah saged mirsani panandhanging gesang saking panyawang ingkang béda kaliyan padatan.

LELAMPAHANIPUN BESSIE

Bessie Segran èstu-èstu mboten gadhah daya amargi ibu Grace, ibunipun ketaman sakit kangker (*kanker*). Panandhang ndamel sakiting manah nalika patrap anggènipun njampèni ndadosaken ibu Grace saya ketingal sangsara. Rikmanipun wiwit gogrog, tuwin ing sawetawis péranganing badan

kalebetan bibiting sesakit (*infeksi*), dèrèng malih munek-munek sarta mutah mèh kémawon mrebawani dinten-dintenipun ibu Grace. Bessie mèh kémawon mboten kiyat. Ananging piyambakipun dados kiyat amargi Gusti Allah maringi berkah awujud satunggaling brayat ingkang samidéne nggatosaken. Satunggal prekawis ingkang nengsemaken saking brayat kristen punika, nalikanipun rikmanipun ibu Grace wiwit gogrok, dhokter mrayogèkaken supados ibu Grace dipun gundhul kémawon. Brayat punika ngéstokaken pamrayoginipun dhokter wau kanthi upacara brayat. Raja, ingkang rama, Bessie, dalah sadhèrèk sanèsipun, gentosan nyukur rikmanipun ibu Grace, ing salebeting swasana guyonan tuwin tangising panggrantes.

Bessie nglairaken anggènipun kéwuhan sarta pangajeng-ajengipun ing satunggaling geguritan ingkang dipun sukani irah-irahan “Kidung ing Tengah Wengi”, “*Nyanyian Tengah Malam.*”

Ibu lan aku, aku sakloron
padhadéné nduwèni gregeting sima,
sarta jeriting peksi gagak.

Talining puser
kang ngilèkaké urip ana ing awakku
saiki nerusaké panandhang
kang banget perihé manawa dèn rembug.

Nalikané aku ngadeg tanpa daya
nyipati gogrogging makuthaning mustaka
sarta pasuryan kang gawé miris telenging rasa
saha pangrintih asesambat kelaran,
nyawaku kaya-kaya mung kari pecahan.

Ora kuwawa tètèsing luh
mekak sumiliring angin lésus
sarta panas kang seru

kang gawé garinging nyawaku
nalika aku ngadeg tanpa daya

Iku sababé aku sakloron ora nangis asesambat
aku ora ijèn-ijènan
nalika jumangkah ing sangisoring sang cahya purnama
sinambi nembangaké kidung ing tengah wengi.

Pitakèn Panyuraos:

1. Punapa Panjenengan saged ngraosaken kasisahanipun Bessie Segran wonten ing geguritanipun punika? Ing pérangan pundi geguritan kasebat ingkang damel getering manah Panjenengan?
2. Kasisahan punapa ingkang naté Panjenengan raosaken ingkang damel getering gesang Panjenengan ngantos sapriki?

GUSTI YÉsus TINTRIM

Kula aturi maos Lukas 22:39-46 rambah kaping kalih utawi tiga sarta kula aturi ngrembak pitakènan-pitakènan ing ngandhap punika:

1. Sinten kémawon paraga ingkang kasebat ing Injil Lukas 22:39-46?
2. Kala punapa prastawa punika kelampahan ing salebetipun rerangkèning pakaryanipun Gusti Yésus?
3. Punapa ingkang saweg kelampahan?
4. Kénging punapa Gusti Yésus dipun gambaraken tintrim sanget penggalhipun?
5. Punapa ingkang njalari sirnaning gegambaranipun tintrim?


LELAMPAHAN KULA

1. Saking cariyos nrenyuhaken wonten ing gesang Panjenengan, prakawis punapa ingkang njalari Panjenengan saged *move on* utawi uwal?
2. Punapa Panjenengan manggihaken piweling saking Injil Lukas 22:39-42 ingkang ngiyataken Panjenengan ing salebetipun Panjenengan ketaman panandhang?

3. Ing gesang Panjenengan, kakiyatan punapa ingkang Panjenengan ajeng-ajeng nalika Panjenengan ketaman panandhang?

[asp-den]

PANYURAOS KITAB SUCI



DIWASA 2

SÉDA INKGANG NGRUKUNAKEN

Waosan Kitab Suci : Lukas 23:33-43

Metode/cara : *Shared Christian Praxis* (Andum Pengalaman imanipun Tiyang Kristen)

PURWAKA

Ngajal/séda, punika kanyataning gesang. Gusti Yésus namung salah satunggaling manungsa ing jagad punika ingkang sédanipun kanthi nrenyuhaken manah. Ananging mboten namung Gusti Yésus ingkang séda kanthi cara nrenyuhaken. Sampun wongsal-wangsul prajurit Roma mejahi tiyang kanthi kasalib. Nalika Gusti Yésus kasalib ugi wonten durjana 2 ingkang tumut kasalib sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Ingkang dados titikan ingkang mbédakaken inggih punika, nalika sédanipun saya nyelaki Panjenenganipun, Gusti Yésus malah nggesangaken tiyang sanès kanthi nyawisi lan maringi pangapura. Sédanipun Sang Kristus mbekta katentremaning jagad.

LAMPAHING PANYURAOS

1. Nyariosaken Pengalaman

- Kula aturi nyariosaken pengalaman Panjenengan ngadhepi pati!
- Punapa Panjenengan naté ngadhepi ingkang nrenyuhaken manah? Kula aturi nyariosaken pengalaman Panjenengan!

2. Ngolah Pengalaman

- Bab-bab punapa kémawon ingkang ndamel pengalamaning pati saged kasebat nrenyuhaken?

- Kadospundi Panjenengan maringi makna dhateng pati ingkang nrenyuhaken punika?
- Punapa Panjenengan mireng wontenipun pati ingkang nggadhahi daya pangaribawa ingkang saé kanggé gesang? Kados punapa punika?

3. Mirengaken Sabda

- Maos Lukas 23:33-43.

Ing pamawasipun tiyang Yahudi, pati kados ingkang dipun alami déning Gusti Yésus punika pati ingkang nistha. Apesipun wonten kalih pawadan saking pratélan punika. Ingkang sepisan, Gusti Yésus dipun ukum pati amargi prakawis *penistaan* (pangina) agami. Tiyang ingkang ngina agami asring dipun samèkaken kaliyan tiyang ingkang nglawan Gusti Allah. Mila ukumanipun mboten namung pejah ing jagad punika, ananging ugi pejah ing naraka langgeng.

Kaping kalih, gegayutan kaliyan punika, paukumaning salib nedahaken adegipun tiyang ingkang pejah kados makaten katampik déning jagad punapa déné swarga. Pangandharing Torèt 21:22-23 nyebataken pranatanipun, “Manawa ana wong nglakoni dosa kang kebener kaukum pati, sarta kelakon dipatèni, nuli kokgantung ing saka, jisimé aja nganti nginep gumantung ing saka mau, nanging poma kakubura ing dina iku uga; awitdéné wong kang kagantung iku kena ing laknaté Gusti Allah; kowé aja nganti najisaké tanah kang diparingaké Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé dadi duwèkmu.”

Punapa ingkang wonten ing penggalhipun tiyang Yahudi punika saged ugi dados péranganing geguletaning penggalhipun Gusti Yésus. Ananging, sasampunipun gelut kaliyan geguletaning panandhang sarta séda ingkang badhé dipun alami, Gusti Yésus kuwawi mapag panandhang tuwin sédanipun punika kanthi kendel. Punika sababipun, ing kajeng salib, sabda ingkang kelair saking tutukipun/lésanipun Gusti

Yésus inggih punika sabda ingkang tebih saking raos ajrih sarta sengit. Gusti Yésus ngandika, "Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken." (Lukas 23:34). Ing ngriki cetha nélakaken bilih Gusti Yésus mboten namung khotbah tuwin mulangaken katresnan, ananging Panjenenganipun piyambak nindakaken piwulangipun. Gusti Yésus nedahaken menawi Panjenenganipun nresnani tiyang ingkang nyengiti, nyidrani, sarta nggebaki Panjenenganipun.

Kanthi piwulang sarta nindakaken maringi pangapunten ing pucaking panandhang, ndungkap sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib, Gusti Yésus sampun nrabas sarta ngendheg kawontenan ingkang mboten wonten kèndelipun ing bab wales-winalesan sarta sesengitan. Panandhang tuwin sédanipun Gusti Yésus malah ndhatengaken gesang. Sampun temtu Gusti Yésus mboten nyarujuki kadurakan ingkang katindakaken déning manungsa, ananging kadurakan mboten saged kawales kanthi kadurakan. Kadurakan namung saged kawon menawi dipun wales kanthi kabecikan. Pangapura punika margining gesang ingkang ngrebahaken témbok roda-peksa sarta brangasan.

Ing kajeng salib, Gusti Yésus maringi tuladha ngapuntenipun supados pangurbananipun mboten namung ngrukunaken manungsa kaliyan Gusti Allah ananging ugi mbekta karukunan ing antawisipun manungsa. Salib mboten nggadhahi makna manginggil, pirukunipun manungsa kaliyan Gusti Allah, ananging ugi lempeng, ingkang nggadhahi makna pirukun ing antawisipun manungsa. Punika sababipun, ing pérangan pungkasan, nalika salah satunggaling durjana ingkang dipun salib sesarengan kaliyan Gusti Yésus ngakeni dosa-dosanipun, Gusti Yésus ngrengkuh tiyang punika lumantar pangandikanipun ingkang éndah sanget, "Aku pitutur marang kowé, satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan karo Aku ana ing Firdaus." (Lukas 23:43).

4. **Negesi Pengalaman Sacara Anyar**

- Sédanipun Sang Kristus sanès séda ingkang mboten migunani. Sédanipun Sang Kristus punika séda ingkang nggesangaken. Punapa pamanggih Panjenengan dhateng pratélan ingkang kados makaten wau?
- Tangkeping pangapunten dados margining gesang. Kadospundi gesanging pangapunten ing wekdal samangké?

5. **Nganyaraken Gesang**

- Kadospundi Panjenengan dhateng sédanipun Gusti Yésus kanggé Panjenengan piyambak wekdal samangké?
- Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken kanggé andum gesang ngèneti pangurbananipun Gusti Yésus kagem Panjenengan?

“Kita ora rukun marang wong liya
 amarga kita ora rukun marang awak kita dhéwé.
 Sarta kita ora rukun marang awak kita dhéwé
 amarga kita ora rukun marang Allah”
 – Thomas Merton

[asp-den]

PANYURAOS KITAB SUCI**DIWASA 3****NGREBAHAKEN SINGGETAN**

Waosan Kitab Suci : 1 Korintus 15:1-11

Metode /Cara : *Shared Christian Praxis* (Andum Pengalaman imanipun Tiyang Kristen)

PURWAKA

Sinten ingkang dados seksi sepisanan menggah wungunipun Gusti Yésus saking séda? Wangsulipun, para wanita. Injil Markus, Matius, lan Yohanes nyathet salah satunggal saking wanita punika asesilih Maria Magdalena. Injil Lukas namung nyebataken "wong-wong wadon", mboten nyebataken asmanipun. Ingkang cetha, sadaya Injil nyathet bilih wanita utawi wong wadon punika seksi sepisan tumrap wungunipun Gusti Yésus saking séda. Mangka – nalika samanten – wanita punika golonganipun tiyang ingkang kaanggep mboten saget dipun pitados. Wanita, déning paugeran ingkang sah, mboten dipun parengaken ngaturi paseksi ing pangadilan. Kanthi ndadosaken wanita minangka seksi sepisanan, cariyos wungunipun Gusti Yésus ngrebahaken témbok ingkang mapanaken wanita minangka golongan ingkang dipun pinggiraken. Kanggé Gusti Yésus, sadaya tiyang sami drajadipun, punapaa kémawon jinising jaler utawi èstri, golongan tiyang adhedhasar kabudayan lan basa, malah agaminipun.

LAMPAHING PANYURAOS**1. Nyariosaken Pengalaman**

- Punapa Panjenengan naté ngalami dipun bédak-bédakaken, ingkang mbédakaken Panjenengan kaliyan tiyang sanès? Kula aturi nyariosaken pengalaman Panjenengan punika!
- Punapa ingkang Panjenengan tindakaken dhateng tiyang ingkang nandukaken patrap mbédak-bédakaken punika?

2. Ngolah Pengalaman

- Prakawis-prakawis punapa kémawon ingkang murugaken patrap mbédak-bédakaken lestantun kelampahan ngantos sapriki?
- Punapa anggèn Panjenengan nindakaken panglawan dhateng patrap mbédak-bédakaken punika wonten dayanipun? Kénging punapa?

3. Mirengaken Sabda

- Maos 1 Korintus 15:1-11.

Cariyos Paska punika cariyos ing pundi témbok singgetan dipun rebahaken. Ananging kanggé ngrebahaken témbok singgetan kasebat dipun betahaken pangurbanan ingkang ngédab-édabi. Salib dados seksi tumrap panandhang ingkang nyedhihaken manah saèstu. Nanging salib sanès pungkasaning lampah. Wonten wungunipun Sang Kristus, ingkang kuwawi ngrebahaken témbok singgetan, ingkang kadamel déning manungsa. Déning sangsara tuwin sédanipun Sang Kristus, Injil nyathet bilih geberipun Padaleman Suci sigar saking nginggil dumugi ngandhap (Matius 27:51). Injil ugi nyathet inggih para wanita punika ingkang dados seksi sepisanan wungunipun Sang Kristus. Injil Markus, Matius, lan Yohanes nyathet salah satunggal saking para wanita punika asesilih Maria Magdaléna. Injil Lukas namung nyebataken "wong-wong wadon", mboten nyebataken asmanipun. Inkang cetha, sadaya Injil nyathet bilih wanita utawi wong wadon punika seksi sepisan tumrap wungunipun Gusti Yésus saking séda.

Mangka – nalika samanten – wanita punika golonganipun tiyang ingkang kaanggep mboten saget dipun pitados. Wanita, déning paugeran ingkang sah, mboten dipun parengaken ngaturi paseksi ing pangadilan.

Lumantar lelampahan Paska, pralambang ingkang mbédak-bédakaken umat manungsa dipun rebahaken déning Gusti Allah. Sapengkeripun lelampahan Paska, kita nyeksèni kadospundi Gusti Allah nimbali sakathah-kathahipun tiyang kanggé gesang tuwin makarya ngladosi Panjenenganipun. Kanggénipun Rasul Paulus, Injil katujokaken dhateng sadaya tiyang, mboten namung tiyang Yahudi kémawon. Lelampahan wungunipun Gusti Yésus kacathet déning Rasul Paulus wonten ing tumindak ingkang saya wiyar. Kawiwitan saking Kéfas, murid kalih welas sanèsipun, gangsal atus tiyang, malah piyambakipun ingkang sekawit sengit dhateng Gusti Yésus ndhèrèk ngraosaken timbalanipun Gusti Allah.

Menawi Rasul Paulus mboten nyebat asma wanita wonten ing cathetan seksi-seksi wungunipun Gusti Yésus, punika amargi nedahaken bilih Rasul Paulus piyambak dèrèng saged medal saking wengkoning kabudayan ingkang mapanaken wanita minangka golongan pinggiran. Sinaosa ing kaludhangan sanès Rasul Paulus ugi ngandika bilih, "Marga iya Panjenengané iku tentrem-rahayu kita, kang wus nunggilaké sakaroné dadi siji lan kang wus ngrubuhaké témbok singgetan, yaiku sesatron," (Éfesus 2:14)

Kedah dipun akeni, wonten ing kalanganipun tiyang kristen wiwitan pinanggih sesatron. Korintus punika ugi nélakaken paguyuban ingkang sami sulayan. Salah satunggaling pawadanipun gegayutan kaliyan sunat! Kanggé tiyang Yahudi adat tata-cara sunat sampun mbalung-sungsum sanget. Sunat kados-kado dados pikekah ingkang samekta mbekta tiyang-tiyang mlebet dhateng karaton swarga. Déné tiyang-tiyang ing sanjawining tiyang Yahudi mboten wanuh kaliyan sunat. Sesatron ingkang ageng sanget punika dipun gambaraken déning Rasul Paulus kadosdéné "témbok singgetan". Ananging témbok singgetan punika sampun dipun rebahaken déning Gusti Yésus Kristus ingkang sampun nandhang sangsara, séda,

sarta wungu saking séda. Lumantar pangurbananipun Sang Kristus sadaya tiyang dados sami! Malah Rasul Paulus, mastani piyambakipun minangka tiyang ingkang asor piyambak, sadaya tinimbalan kanggé makarya kagem kamulyaning Asmanipun Gusti.

4. Negesi Pengalaman Sacara Anyar

- Kadospundi Panjenengan mirsani wungunipun Gusti Yésus saking séda ing satengahing prakawis ingkang awatak mbédak-bédakaken ingkang saweg tumanduk?
- Punapa Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda sembada nglawan dhateng patrap mbédak-bédakaken ingkang ugi kadamel déning pasamuwan/gréja? Kadospundi Panjenengan nanggapi prakawis punika?

5. Nganyaraken Gesang

- Punapa ingkang saget dipun presudi déning tiyang Kristen kanggé ngrawuhaken hak ingkang sami adilipun kanggé sadaya umat ing Indonesia?
- Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken kanggé andum gesang, ngèmuti pangurbananipun Sang Kristus kagem Panjenengan?

“Urip ing sajroning daya wunguné Sang Kristus ateges urip minangka manungsa kang duwé pangarep-arep”

– Paul Schutz

[asp-den]


Panyuraos Kitab Suci

Adiyuswa



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih
jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**





LEGAWA TAMPI PEPESTHÈN

Bahan Kitab Suci: Yohanes 13:1-30

Métodhe: *Shared Christian Praxis* (Andum Pengalaman imanipun Tiyang Kristen -métodhe punika prayogi menawi dipun tindakaken wonten ing pakempalan alit (wetawis tiyang 5 dumugi 7))

PANUNTUN

Mangsa adiyuswa kadhangkala dados mangsa ingkang mboten gampil dipun lampahi. Putra wayah kados-kados karaos nebih. Sami sibuk kaliyan pakaryan padintenan. Kadhangkala malah ugi sami kirang wekdal kanggé namung sapa aruh satunggal lan satungalipun. Kantun para adiyuswa piyambakan ing griya.

Ing kawontenan kados mekaten, dipun betahaken manah ingkang legawa saged nampi sadaya kawontenan kasebat. Sadaya punika lelampahaning gesang ingkang pinasthi kedah kita alami. Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika para adiyuswa kaajab supados legawa nampi pepesthèn kasebat, gesang kebak atur panuwun, tansah bingah saha ngisi gesangipun kanthi bab-bab ingkang saé lan migunani.

URUTAN LAMPAHING PANYURAOS KITAB SUCI

1. Nyariosaken Pengalaman lan ngolah pengalaman

- a. Bapak/Ibu kaaturan nyariyosaken sacara cekak gesang padintenanipun anggènipun sesarengan kaliyan para

- putra-wayah, mirungga bab lumampahing sesambetan saha komunikasi!
- b. Punapa ingkang Ibu/Bapak raosaken ngèngingi bab kasebat?
 - c. Kénging punapa Ibu/Bapak ngraosaken manah ingkang kados mekaten?
 - d. Punapa ingkang Ibu/Bapak penggalihaken saha tindakaken kanggé ngadhepi raosing manah Ibu/Bapak ingkang kados mekaten?
 - e. Kénging punapa Ibu/Bapak kagungan penggalihan saha tumindak kasebat?

2. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

Kaaturan maos: Yohanes 13:1-30

Wonten ing gesang punika asring kita kedah aben-ajeng kaliyan bab-bab ingkang kedah kelampahan ing gesang kita, ingkang mboten saged kita éwahi. Putra-wayah kedah sami ngadhepi tuntutan ing gesang, nindakaken pakaryan, saha tanggel jawab – tanggel jawab, dadosa ing masyarakat, pasamuwan saha ing padamelan/pawiyatanipun. Sadaya punika asring nyedhot wekdalipun para putra-wayah. Dèrèng malih menawi sami nggadhai klangenan / hobi lan nindakaken adeging gesang minangka titah ingkang kedah srawung kaliyan kanca-kancanipun. Sadaya punika asring / kadhangkala ndadosaken para adiyuswa rumaos piyambakan, kirang dipun gatosaken déning putra-wayahipun.

Ing wekdal samangké kita badhé migatosaken saha ngraos-raosaken punapa ingkang dipun alami Sang Kristus lumantar pamaosing Injil Yohanes 13:1-30. Kacariyos, ing wekdal-wekdal pungkasaning sugengipun nalika wonten ing donya, Panjenenganipun sampun pirsu sinten ingkang badhé masrahaken Panjenenganipun nandang sangsara lajeng dipun salib. Tiyang kasebat inggih Yudas Iskariot, salah satunggaling sekabatipun! Temtu bab kasebat sacara kamanungsan ndadosaken manah kuciwa lan sedhih. Ananging, sadaya punika inggih kedah kelampahan kados

mekaten. Panjenenganipun kedah nampi ingkang kados mekaten kanthi legawa, nglampahi sedayanipun kados ingkang kedah dipun lampahi.

Injil Yohanes 13:27 nyerat, “Lan sawusé nampani roti iku, Yudas tumuli kapanjangan Iblis. Gusti Yésus tumuli ngandika marang dhèwèké: Apa kang dadi sedyamu iku énggal tindakna.”

Sang Yésus legawa. Panjenenganipun mboten ndukani utawi nanggapi awon dhumateng Yudas. Panjenenganipun ugi mboten ngojok-ojoki para sekabatipun kanggé nglawan saha nyengiti Yudas. Kanthi patrap saé, Panjenenganipun malah ngandika dhateng Yudas supados nindakaken punapa ingkang kedah Yudas tindakaken.

Sikep legawa kasebat ndadosaken Sang Yésus nglampahi sedayanipun kanthi prayogi. Panjenenganipun ngadhepi saha nglampahi sedayanipun kados ingkang kedah kelampahan. Panjenenganipun pirsá bilih sedaya punika mboten saged dipun éndhani. Sedaya punika pancèn kedah dipun lampahi. Panjenenganipun ugi mboten mbaléla. Panjenenganipun mboten mlajar saking kasunyatan kasebat.

Sedaya punika kelampahan awit Panjenenganipun pirsá punapa ingkang dipun kersakaken déning sang Rama wonten ing gesangipun. Sesambetanipun kaliyan Sang Rama ingkang tansah raket ndadosaken Panjenenganipun kwawi nampi sadhéngah kawontenan saha nglampahi dinten-dinten awrat ing gesangipun. Inji Yohanes bab 13 lan salajengipun kanthi cetha nedahaken kados pundi sesambetanipun Sang Yésus kaliyan Sang Rama.

Injil-injil sanès ugi nyariyosaken kadospundi Sang Yésus sesambetan kanthi raket kaliyan Sang Rama. Markus 1:35 nyerat, “Bareng bangun ésuk, nalika isih peteng, Gusti Yésus wungu lan banjur miyos, tumuli tindak menyang panggonan kang sepi lan ndedonga ana ing kono.” [Sumangga kapirsanana ugi: Markus 6: 46, Lukas 6:12, Lukas 9:28, juga Lukas 22:41-45].

Punapaa kémawon ingkang dipun tindakaken Sang Yésus, Panjenenganipun tansah wawan-rembag kaliyan Sang Rama. Ugi ing wekdal Panjenenganipun kedah miji tiyang-tiyang ingkang dados muridipun [Lukas 6: 12-16]. Ugi ing wekdal-wekdal pungkasaning sugengipun nalika kedah ngadhepi ukuman salib [Lukas 22: 39-45].

Sang Yésus ugi èstu-èstu manungsa! Panjenenganipun sengaja rawuh ing donya supados „dados modhèl/conto kados pundi dados manungsa sejati“. Kanthi sedaya kamanungsanipun, Panjenenganipun rawuh ing donya. Manah sedhih, ajrih, mangu-mangu ugi kadhangkala nguwaosi manahipun [pirsanana nalika Panjenenganipun ndedonga ing taman Getsemané. Sedaya punika supados manungsa saged ningali lan migatosaken kados punapa to „manungsa idéal/sejati“ ingkang dipun kersakaken Gusti Allah. Inggih punika manungsa ingkang katitahaken miturut ing gambar saha pasemonipun Allah. Manungsa ingkang kapenuhan ing Roh Allah.


3. Negesi Pengalaman Kapengker sacara anyar

- a. Saksampunipun ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti kalawau, punapa wonten pemangguh / pamawas Ibu/Bapak ingkang dipun dandosi utawi dipun santosakaken déning pangandikanipun Gusti kasebat? Ibu/Bapak kaaturan njlentrehaken bab kasebat kanthi cekak!
- b. Saking renungan, bab-bab punapa kémawon ingkang mirungga ingkang narik kawigatosanipun Ibu/ Bapak?
- c. Piwucal punapa kémawon ingkang Ibu/Bapak pethik saking renungan kalawau?

4. Rancangan Tumindak/aksi Nyata minangka tanda gesang anyar

Saksampunipun ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti, punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken nalika kedah ngadhepi bab-bab ingkang kedah kelampahan ing gesang padintenan?

**Bahan Panyuraos
Kitab Suci – Adiyuswa 2**



**NYAWISAKEN INKGANG
BADHÉ DIPUN TILAR**

Métodhe : *Reader's*

Response (Wonten ing métodhe punika, saben ingkang ndhèrèk Panyuraos Kitab Suci dipun paringi wewengan napsir waosan Kitab Suci ingkang kapilih miturut ing pangraos saha geguletaning gesangipun piyambak-piyambak. Tapsiran saben ingkang ndhèrèk Panyuraos dipun bagèkaken. Métodhe kasebat saged dipun tindakaken ing kelompok ageng.

PANUNTUN

Tiyang kadhangkala dipun limputi raos ajrih pejah. Raos kados mekaten asring langkung kathah dipun alami déning para adiyuswa. Raos kados mekaten punika raos ingkang limrah. Sang Yésus ugi ngalami ingkang kados mekaten [Lukas 22:39-46]. Ingkang wigatos ingkang kedah kita tindakaken inggih punika kadospundi kita nimbang-nimbang saha ngraos-raosaken bab-bab ingkang kados mekaten sesarengan kaliyan Gusti Allah, kados ingkang dipun tindakaken Sang Yésus.

Raos „ajrih-mboten ajrih“ kados mekaten tansah wonten ing manahipun manungsa. Ingkang wigatos inggih punika kados pundi kita cumawis menawi sakwanci-wanci tinimbangan déning Gusti. Déné pecawisan kados mekaten mboten namung pecawisan ing bab manah, ananging ugi kados pundi kita nyawisaken tiyang-tiyang ingkang badhé kita tilar. Ingkang kados mekaten punika ingkang dipun tindakaken déning Sang Yésus sakdèrèngipun dipun salib. Sang Sang

Yésus nyawisaken para murid supados sumadiya ngadhepi pepisahan sacara raga kaliyan Panjenenganipun. Satunggaling pepisahan ingkang mesthi kelampahan

Supados kita saged mangertos punapa ingkang dipun cawisaken Sang Yésus, Ibu/Bapak ing kelompok alit (2-3 tiyang) ing Panyuraos Kitab Suci punika kaatag supados maos lan napsir waosan-waosan ingkang kaserat ing ngandhap punika. Saben tiyang kepareng napsir lan mahami ayat Kitab Suci kanthi mardiko.

Punapa ingkang dipun rembag ing kelompok-kelompok alit kasebat lajeng dipun bagèkaken ing kelompok ageng. Ancasipun, supados ingkang sami ndhèrèk Panyuraos Kitab Suci sami pikantuk gambaran ingkang wetah bab punapa kémawon ingkang dipun tindakaken déning Sang Yésus anggènipun nyawisaken para murid sadèrèngipun katilar déning Panjenenganipun.

Ing ngandhap punika wonten dhaptar kelompok saha waosan Kitab Suci ingkang kedah dipun tapsir lan dipun rembag déning kelompok. Hasil pirembagan kasuwun dipun serat, lan mangkènipun dipun aturaken ing kelompok ageng.

No	Kelompok	Waosan Kitab Suci ingkang badhé dipun tapsir	Hasiling pirembagan
1.	Kelompok 1	Yohanes 13: 31-35	
2.	Kelompok 2	Yohanes 14: 1-3	
3.	Kelompok 3	Yohanes 14: 15-19	
4.	Kelompok 4	Yohanes 15:1-5	
5.	Kelompok 5	Yohanes 15: 12-15	
6.	Kelompok 6	Yohanes 15: 18-19	

7.	Kelompok 7	Yohanes 16: 1-3	
8.	Kelompok 8	Yohanes 17: 9-11	


Kauningana:

Menawi cacahipun ingkang sami rawuh acara Panyuraos Kitab Suci (PSK) mboten kathah, kasumanggakaken miji waosan-waosan Kitab Suci ingkang pundi kémawon ingkang badhé dipun rembag.

KATRANGAN BAB TUGASIPUN KELOMPOK ALIT

1. Waosa péranganing Kitab Suci ingkang kapiji wetawis rambah kaping kalih utawi tiga supados sami saged paham punapa ingkang dados isining waosan kasebat!
2. Saking waosan kasebat, kaaturan nyathet punapa kémawon ingkang dipun tindakaken déning Sang Yésus kanggé nyawisaken para muridipun sakdèrèngipun dipun tilar déning Panjenenganipun (dipun cepeng, seda ing kajeng salib, wungu, mékrad dhateng suwarga)!
3. Kinten-kinten, punapa ancas tujuwanipun Sang Yésus nindakaken pecawisan kasebat [miturut waosan ingkang kapiji]?
4. Saking Waosan Kitab Suci ingkang kapiji déning kelompok, punapa ingkang saged kita cawisaken kanggé brayat kita utawi tiyang-tiyang ingkang badhé kita tilar menawi sakwekdal-wekdal kita dipun timbali Gusti?

[mh]



TEGEN ING PROSES TUMUJU PULIH

Waosan Kitab Suci: Lukas 24:36-49

Métodhe: *Shared Christian Praxis* (Andum Pengalaman imanipun Tiyang Kristen -métodhe punika prayogi menawi dipun tindakaken wonten ing pakempalan alit (wetawis tiyang 5 dumugi 7)

PANUNTUN

Kanggé mulihaken kawontenan temtu mbetahaken manah sabar lan tegen. Dadosa pemulihan kesarasan, sesambetan, menapa déné kawontenan batos utawi psikis. Émanipun asring tiyang kirang sabar wonten ing prosès pemulihan kasebat.

Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, kita kaatag supados sabar lan tegen wonten ing prosès pemulihan batos / psikis ingkang kedah dipun alami. Awit pemulihan mbetahaken wekdal ingkang cekap. Para muridipun Sang Yésus ugi mbetahaken prosès pemulihan. Inggih punika pemulihan saking kawontenaning manah ingkang kaget lan ajrih nalikaning sami ningali Sang Yésus dipun cepeng, dipun pilara lan dipun salib.

URUTAN LAMPAHING PANYURAOS KITAB SUCI

1. Nyariosaken Pengalaman lan ngolah pengalaman

- a. Punapa Ibu/Bapak naté ngalami kawontenan batos /psikis ingkang prelu dipun pulihaken? Sumangga

- sami kersaa nyariyosaken pengalamanipun sacara cekak aos!
- b. Kadospundi Ibu/Bapak ngadhepi/nata kawontenan batos kasebat?
 - c. Kadospundi campur asta Gusti saha tiyang-tiyang ing kiwa tengenipun Ibu/Bapak wonten ing prosès pemulihan kasebat?

2. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

Kaaturan maos: Lukas 24: 36-49

Pérangan waosan kasebat nyariyosaken ngèngingi Gusti Yésus ngetingal dhateng sedaya murid saksampunipun wungu saking séda. Prastawa punika sanès prastawa ingkang sepisanan. Injil Lukas nyathet bilih prastawa Gusti ngetingal punika prastawa ingkang kaping kalih. Sanadyan saged kelampahan ugi bilih sakdèrèngipun prastawa kasebat, Gusti Yésus ugi ngetingal dhateng para murid [kapirsanana: cariyos Gusti ngetingal wonten ing Injil Matius, Markus lan Yohanes]

Sanadyan Gusti Yésus sampun makaping-kaping ngetingal, ananging kawontenaning batosipun para murid dèrèng pulih saèstu. Para murid taksih dipun limputi raos ajrih. Para murid sami ngalami trauma. Trauma kasebat tuwuh nalikaning para murid ningali piyambak kadospundi Yésus Sang Guru dipun cepeng, dipun pilara lan dipun salib. Pramila Lukas 24:37-38 nyathet, “Kabèh padha kagèt, kaworan wedi, lan ngira weruh memedi. Nanging Panjenengané banjur ngandika: “Yagéné kowé padha kaget lan apa sababé déné kowé padha kethukulan rasa mangu-mangu ana ing sajroning atimu?”

Wonten ing kawontenaning batos ingkang kados mekaten, Gusti Yésus tansah rawuh, ngetingal dhateng para murid. Panjenenganipun ngyakinaken bilih Panjenenganipun saèstu wungu lan gesang. Bilih Panjenenganipun punika

mboten namung manungsa limrah. Pramila para murid kaatag supados mboten ajrih malih. Para murid kedah *move on*, nglajengaken gesang kanthi gumbira lan sukarena amargi Sang Kristus sampun wungu lan gesang. Gusti Yésus ngandika, „Delengen tanganKu lan sikilKu, iki Aku dhéwé; grayangana Aku lan satitèkna, yèn memedi rak ora ana dagingé lan balungé, kaya kang padha kokdeleng ana ing Aku iki. Ngandika mangkono iku karo nedahaké astané lan sampéyané” [Lukas 24:39-40].

Saking cariyos kasebat, kita ningali kadospundi Gusti Yésus sabar lan tegen mulihaken kawontenaning batos para murid. Panjenenganipun nedahaken lan ngiyataken para murid bilih Panjenenganipun èstu wungu lan gesang. Bilih para murid mboten prelu ajrih lan kuwatos.

Tegen saha sabaripun Gusti Yésus ketinggal saking kadospundi Panjenenganipun wawan-rembag kaliyan para murid. Salah satunggalipun ketinggal saking waosan Kitab Suci kita ing wekdal samangké. Lukas 24:41,42 nyerat, “Bareng kabèh durung padha ngandel marga saka bungahé lan isih padha kaéraman, Panjenengané nuli ngandika: “Ing kéné apa ana sing kena dipangan? Banjur dicaosi iwak gorengan sairis.”

Punapa ingkang dipun ngendikakaken (pangandikan) saha dipun tindakaken Gusti Yésus kasebat mbiyantu para murid wonten ing prosès pemulihan. Kejawi punika Gusti Yésus ugi mitulungi para murid mbikak / ngicali bab-bab ingkang mepeti pikiran saha manahipun para murid satemah sami saged mangertos punapa ingkang sampun naté dipun pireng nalika taksih sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Inggih punika bab-bab ingkang kaserep lan kasimpen ing utek ananging dèrèng dipun pahami kanthi prayogi. Pramila Lukas 24:45 nyerat, “Panjenengané banjur mbuka pikirané wong-wong mau supaya padha ngreti marang Kitab Suci.”

Wonten ing kiwa tengen kita, temtu wonten tiyang ingkang mbetahaken prosès pemulihan. Punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus sumangga dipun tuladha. Inggih punika kadospundi Panjenenganipun kanthi tegen mulihaken kawontenaning para murid, dadosa lumantar wawan pangandikan menapadéné lumantar basa-basa kanuragan. Panjenenganipun ugi mbiyanti para murid mbikak pepalanging manah saha mitadosi para murid kautus dados seksinipunm nindakaken samubarang ingkang saé. Panjenenganipun ugi paring prasetyo bilih Panjenenganipun badhé tansah nuntun para muridipun.

Wonten ing kiwa tengen kita wonten kémawon tiyang ingkang mbetahaken prosès pemulihan. Punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus patut kita tuladha. Kadospundi Panjenenganipun kanthi tegen mulihaken kawontenanipun para murid, dadosa lumantar wicantenan, mekatena ugi lumantar solah bawanipun. Panjenenganipun ugi mbiyantu para murid mbikak bab-bab ingkang nutupi pikiranipun sarta mitadosi para murid dados seksinipun, kanggé nindakaken dhawuhipun. Gusti Yésus ugi paring prasetya bilih Panjenenganipun badhé tansah nenuntun para muridipun.

3. Negesi Pengalaman Kapengker sacara anyar

- a. Piwucal punapa ingkang ibu/bapak pikantuk saking renungan kalawau?
- b. Saking punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus ing prosès pemulihan kasebat, kaaturan Ibu/Bapak nyebataken conto kongkret / nyata ingkang saged kita tindakaken kanggé sesami ingkang mbetahaken pemulihan? Umpaminipun conto sesambetan kaliyan bab wicantenan, solah bawa, utawi bab kadospundi mbikak prekawis-prekawis ingkang nutupi pikiranipun tiyang sanès ingkang ndadosaken tiyang kasebat kajiret ing prekawis.

4. Rancangan Tumindak/aksi Nyata minangka tanda gesang anyar

Punapa ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken sacara nyata / kongkret minangka wujud tumindak nulad punapa ingkang dipun tindakaken déning Gusti Yésus wonten ing gesang padintenan?

[mh]

